

S. PADMOSOEKOTJO
GURU PAWIJATAN GURU, PURWOREDJO

NGÉNGRÉNGAN
KASUSASTRAN DJAWA

II

Kanggo

para siswa

SEKOLAH GURU

lan

SEKOLAH LANDJUTAN LIJANÉ

Tjap-tjapan kaping telu.

Hien Hoo Sing



PENERBIT & TOKO BUKU

PUSAT: DJL. MALIOBORO 171 TLP 1429

TJABANG: GANG LOR PASAR 17 TLP 1099

JOGJAKARTA

S. PADMOSOEKOTJO
GURU PAWIJATAN GURU, PURWOREDJO

NGÉNGRÉNGAN
KASUSASTRAN DJAWA

II

Kanggo

para siswa

SEKOLAH GURU

lan

SEKOLAH LANDJUTAN LIJANÉ

Tjap-tjapan kaping telu.

Hien Hoo Sing



PENERBIT & TOKO BUKU

PUSAT: DJL. MALIOBORO 171 TLP 1429

TJABANG: GANG LOR PASAR 17 TLP 1098

— JOGJAKARTA —

ISINÉ:

Bab :	Katja :
Prawatjana	5
I. Wangsalan	6
II. Parikan	16
III. Guritan	19
IV. Tembang	25
V. Gamelan	44
VI. Gending	48
VII. Djogèd lan tontonan (Sandiwara)	62
VIII. Sanépa ,	65
IX. Ukara sesumbar	68
X. Ateges kalah, pasrah djiwa-raga	72
XI. Pralambang	73
XII. Basa bléndéran	89
XIII. Basa peprenésan	92
XIV. Basa rinengga	96
XV. Isbat	107
XVI. Suluk ngèlmu gaib	109
XVII. Suluk padalangan	112
XVIII. Djapa-mantra, donga lsp.	122
XIX. Sandi-asma	128
XX. Sengkalan	134
XXI. Asmané para pudjangga lan buku ² reriptané	151
XXII. Petikan saka buku warna-warna	154
XXIII. Riwayaté Pudjangga sawatara	159
XXIV. Panutup	161

WEWENANGÉ PANGRIPTA INGAJOMAN DÉNING ANGGER-ANGGER NAGARA

Pangéling-éling.

1. **Kasmaran** kala mèngeti, ambangun serat **Ngéngréngan**, **Kasusastran** djilid loro, tjap-tjapan ping **tlu** tinata, miturut gagrag anjar, **Anggara Kasih** pinudju, ping rolikur sasi **Pasa**.
2. Marengi warsa **Djimakir**, **Kombul Trus** ngèsti manunggal, wajah tibra-laju **Hjang Wé**, tjunduk lan surja-sangkala, **Maret** tanggal wekasan, telung puluh dji panutup, **Trus Tata Dalan Manunggal**.

PRAWATJANA.

Para nupiksa ingkang minulja.

Nuwun.

Katah para ahli panggulawentah ingkang kagungan pamanggih, bilih „tjaranipun ndapuk” isinipun serat Ngénggréngan Kasusastran Djawa ingkang tjap-tjapan kapisan saha kapingkalih, taksih kirang mungguh. Para ahli panggulawentah punika sami asung sesuluh „tjara ndapuk” ingkang prajogi. Inggih kanti adedasar sesuluhipun para ahli panggulawentah punika „isinipun serat punika” kadapuk manut gagrag énggal.

Isinipun serat Ngénggréngan Kasusastran Djawa djilid II punika, saking tjap-tjapan ingkang kaping kalih, katah wewahan saha éwah-éwahanipun. Pérangan ingkang sakinten kirang migunani, kabutjal, kagantos ingkang langkung wigatos.

Wewahan énggal ingkang pinanggih ing salebetipun serat punika, katah ingkang pinangkanipun saking pandjurungipun para paramèng basa. Wonten ugi pandjurung saking paramèng basa ingkang boten kawrat ing serat punika, djalaran datengipun pandjurung punika kasèp utawi kaanggep kirang mum-pangati.

Dateng para paramèng basa ingkang sampun kepareng paring sesuluh utawi pandjurung, pangimpun ngaturaken gunging panuwun. Ing saladjengipun, pangimpun taksih ngadjeng-adjeng sesuluh saking para nupiksa saha saking para paramèng basa, langkung-langkung saking para warganing „Panitya Bahasa Djawa S.G.B. Djawa Tengah” ingkang kepareng ing panggalih karsa paring pambijantu murih isinipun serat punika saged saja sampurna.

S. PADMOSOEKOTJO.

Purworedjo, 31 Agustus 1960

BAB I. WANGSALAN.

1. Kang diarani wangsalan.

Unèn-unèn saèmper tjangkriman kanti mratélakaké batangané utawa tebusané sarana **sinandi**, liré: olèhé mratélakaké batangané ora melok, ora ditjeplosaké, mung dipratélakaké (dituduhaké) sawanda utawa luwih.

Tulada: Djenang gula, adja lali.

Wanda „li” ing tembung „lali” iku nuduhaké manawa wangsalan „djenang gula” iku batangané „glali”.

2. Wangsalan lamba.

Wangsalan lamba iku wangsalan kang mung isi batangan (tebusan) **sidji**.

Unèn-unèné wangsalan lamba mung saukara kang kadadéan saka rong **gatra**. Gatra kang ngarep isi wangsalan, gatra sing buri isi batangané.

Tulada: Pindang lulang, **katjèk** apa aku karo kowé. (Pindang lulang = krètjèk).

3. Wangsalan rangkep (tjamboran).

Wangsalan rangkep iku wangsalan sing isi batangan luwih saka **sidji**.

Unèn-unèné wangsalan rangkep kadadéan saka rong **ukara**, sidji-sidjiné ukara kadadéan saka rong **gatra**. Ukara kapisan isi wangsalan, ukara kapindo isi batangané.

Tulada: Djenang séla, wader kalèn sesondéran. (Apu, sepat).

Apuranta, jèn wonten lepat kawula.

4. Wangsalan memet.

Wangsalan memet iku wangsalan sing tjarané nggolèki batangané sarana ngontjèki maksuding tetembungané ambal ping pindo.

Tulada: Uler-kambang, jèn trima alon-alonan.

Ontjék-ontjékan kapisan: Uler-kambang, maksudé „**lintah**”.

Ontjék-ontjékan kapindo: Wanda „**tah**” ing tembung „**lintah**”, dianggep wantjahané tembung kang surasané „**alon-alonan**”, jaiku tembung „**satitahé**”. Tembung „**satitahé**” ateges „**ora ngaja**”, mung tumindak sakapénaké baé, kanti alon-alonan.

5. Wangsalan padinan.

Wangsalan padinan iku ana sing nganggo njebutaké batangané, lan ana sing tanpa njebutaké batangané, marga wong-wong sing pada ngrungu (matja) dianggep wis ngreti maksudé (batangané).

Tulada: Wong kaé sadjatiné wis krungu kandaku, nanging ndjangan gori.

Gori iku matuké digudeg. Ndjangan gori = nggudeg.
Maksudé wangsalan „ndjangan gori” jaiku „mbudeg”, api-api ora krungu.

6. Wangsalan mawa paugeran tartamtu.

Wangsalan mawa paugeran tartamtu kena kapérang dadi loro, jaiku:

I. Mawa paugeran 4 wanda + 8 wanda.

Kang mawa paugeran 4 wanda + 8 wanda iku wangsalan lamba (mung isi batangan sidji). Unèn-unèné mung saukara kang kadadéan saka rong gatra. Gatra ngarep 4 wanda, isi wangsalan; gatra buri 8 wanda, isi batangané.

Tulada: Retja kaju, golèka kawruh rahaju. (Retja kaju = golèk).

II. Mawa paugeran (4 wanda + 8 wanda) \times 2 = 24 wanda.

Kang mawa paugeran (4 wanda + 8 wanda) \times 2 iku wangsalan rangkep (isi batangan luwih saka sidji). Unèn-unèné rong ukara, saben saukara kadadéan saka rong gatra. Ukara kapisan (rong gatra) isi wangsalan, ukara kapindo (rong gatra) isi batangané.

Tulada: Sajuk karja, wulung wido mangsa rowang = 4 wanda + 8 wanda.

Sajektiné, wit saking bodo kawula = 4 wanda + 8 wanda.

Sajuk karja = saijeg, saéka-praja.

Wulung wido mangsa rowang = bodo.

7. Wangsalan èdi-pèni.

Wangsalan èdi-pèni iku wangsalan sing mawa paugeran:

a. Unèn-unèné kadadéan saka 2 ukara (wangsalan rangkep).

b. Saben saukara kadadéan saka 2 gatra (4 wanda + 8 wanda).

c. Ukara kang kapisan (jaiku kang isi wangsalan) mawa purwakanṭi guru-swara lan purwakanṭi basa utawa purwakanṭi lumaksita.

Tulada: Tepi wastra, wastra kang tumrap mustaka. (Kemada, iket).

Mumpung muda, nggegulanga ngiket basa.

8. Wangsalan kang sinawung ing tembang.

Tjatjahing wandané lan tibaning swarané ing wekasaning gatrane ora tartamtu, sabab kawengku ing guru-wilangan lan guru-laguning tembang. Guru-wilangan lan guru-laguning tembang kudu tansah menang, liré: ora kena owah, kudu tansah manut paugeraning tembang.

Tulada: Sinom.

Édané wong kenèng guna, ambatik sinambi nangis, malam wutah balabaran, geni mati muring-muring, prembéjan mrebes mili, gawangan sinendal putung, ja talah ta si kakang, puluh-puluh awak mami, petis manis wis kudu dadi potjapan.

Petis manis = kétjap.

9. Wangsalan ing lelagon gending.

Tjakepan ing umpak-umpaking gending, gérong lan sengakan, kerep nganggo wangsalan (dilagokaké déning pesindèn, nijaga utawa botjah-botjah sing pada manembrama).

Tulada:

PANGKUR-LAMBA (SLÉNDRO PATET 9).

Purwaka (Buka, bawa):

i i i i 6 5 i 6 5 2 1 6
 Kembang a-das su-me-bar nèng tengah a-las.
 i i i i 6 6 6 5 5 6 6 i
 Tu-was ti-was nglabuhi wong o-ra wa-ras
 5 i 5 2 2 1 1 6 2 2 2 3 5 6 5 5
 Al-lah ba-pak, balung djagung saguh-ku i-sih djanggelan

Wiwit gérong sing baku:

2 1 2 6 2 1 6 5
 La-gu gending Pangkur-Lamba
 6 5 6 1 3 2 1 6
 ma-wèh gambi-ra war-da-ja
 2 3 2 1 6 5 6 1
 tur ma-tuk ki-nar-ja a-ba
 3 2 1 6 2 1 6 5
 mla-ku bareng u-lah ra-ga.
 (Pm)

Balung djagung = maksudé: djanggal.

Djanggelan = durung tetep, isih kudu djandji manèh, séndé, bisa uga wurung.

10. Bédané wangsalan karo parikan.

Wangsalan iku mawa batangan, parikan tanpa batangan.
Tulada:

- | | | |
|---|---|--|
| <p>a). Tjengkir wungu, wunguné
ketiban ndaru.
Wis pestimu, kowé pisah
karo aku.</p> | } | Parikan, sabab tanpa batangan. |
| <p>b). Tjengkir wungu, wunguné
ketiban ndaru.
Wis pestimu, kowé uwal
karo aku.</p> | } | Wangsalan, sabab mawa batangan. Tjengkir wungu, maksudé „siwalan”. |

11. Tjarané ngarang wangsalan.

Sing dikarang luwih disik, pérangan buri (ukara sing isi batangané), bandjur ngarang pérangan ngarep (ukara sing isi wangsalané). Dadi pangarangé pérangan ngarep (ukara kang isi wangsalan) tiba kari.

Tulada:

Para siswa, pinarengna manembrama.

Ukara ing duwur iku gatrané sing ngarep (jaiku „para siswa”) didjupuk sawanda sing kena (bisa) dianggo wangsalan. Upamané wanda „wa”, dianggo wangsalan sing batangané „lawa”, sarana unèn-unèn „kalong alit”.

Gatrané sing buri (jaiku sing uniné „pinarengna manembrama”) uga didjupuk sawanda, dipilih sing kena (bisa) dianggo wangsalan. Upamané wanda „reng”, dianggo wangsalan sing batangané „areng”, sarana unèn-unèn „wreksa sisaning dahana”.

Dadiné wangsalan kang sampurna bandjur muni:

Kalong alit, wreksa sisaning dahana.

Para siswa, pinarengna manembrama.

Kena uga sidji-sidjiné gatraning ukara ing duwur iku didjupuk (dipilih) wandané lija, kajata:

Gatra sing ngarep (sing uniné „para siswa”) didjupuk wandané „sis”, dianggo wangsalan kang batangané „Nabi Sis”, sarana unèn-unèn „Adam putra”.

Gatra sing buri (sing uniné „pinarengna manembrama”) didjupuk wandané „nem”, dianggo wangsalan sing batangané „nenem”, sarana unèn-unèn „wilangan tjatur lan kalih”.

Dadiné wangsalan kang sampurna bandjur muni:

Adam putra, wilangan tjatur lan kalih.

Para siswa, pinarengna manembrama.

Wanda sing dipilih (saka sidji-sidjining gatra) kang bandjur dianggo wangsalan iku kudu wandaning tembungé lingga, ora kena wandaning ater-ater utawa wandaning panambang.

12. **Tjara** ngarang wangsalan sing ora bener.

Tulada tjara ngarang wangsalan kang luput, kajata:

Ukara kang isi batangan muni „Kandanana, manawa durung ditata”.

Saka gatra sing ngarep (jaiku sing uniné „kandanana”) dipilih wandané „na”, dianggo wangsalan sing batangané „gana”, sarana unèn-unèn „tawon muda”. Saka gatra sing buri (sing uniné „manawa durung ditata”) dipilih wandané „di”, dianggo wangsalan sing batangané „Drupadi”, sarana unèn-unèn „garwa Nata ing Amarta”. Dadiné wangsalan sing sampurna bandjur muni:

Tawon muda, garwa Nata ing Amarta.

Kandanana, manawa durung ditata.

Iku luput, sabab sing dipilih lan dikarang dadi wangsalan iku wandaning panambang lan wandaning ater-ater. „Na” wandaning panambang, lan „di” wandaning ater-ater.

13. **Klebu** rerengganing basa.

Wangsalan iku klebu rerengganing basa, sabab basa sing mawa wangsalan iku saja agawé senengé wong sing matja utawa sing ngrungokaké. Guneman mawa wangsalan ndjalari gumjek lan ngresepaké. Gending digérongi tjakepan kang isi wangsalan agawé saja gajeng.

14. Tulada wangsalan manéka warna.

I. Wangsalan padinan sing njebutaké batangané.

1. Njaron bumbung, ngantos tjengklungen anggèn kula ngentosi. (Angklung).
2. Peken alit, mangsa sandéa. (Wandé).
3. Mbalung ula, prija bregas tur ndjentara. (Ragas).
4. Mritja ketjut, muni kok bab sing ora njata. (Wuni).
5. Djarwa prapta, sampun duka lo, Mas! (Teka).
6. Tepi wastra, ora liwat mung pada-pada. (Kemada).
7. Manawi boten duka, punapaa mentil katjang, tansah mrengut. (Besengut).
8. Wohing gembili, wis wataku mangkéné iki. (Katak).
9. Sekar arèn, sampun dangu-dangu. (Dangu).
10. Embuh ija, aku ora ngapem Landa; ora ngreti. (Roti).
11. Kendal djeram, manawi Kepareng ing panggalih. (Sereng).
12. Balung geni, mbokmanawa aku mréné manèh lija dina. (Mawa).
13. Matjan galak wulu badak, mangsi borong pandjenengan. (Barongan).

14. Sarung djagung, bobot-timbang ana ing aku dèwé. (Klobot).
15. Balung djanur, muga-muga sida temenan. (Sada).
16. Kantjing gelung tibèng dāda; tjoba titènana! (Peniti).
17. Balung djagung lo, sampun ketanggelan. (Djanggal).
18. Wong iku sing dadi rak kawiné mbako, njatané. (Sata).
19. Sanès balung klapa lo, boten namung étok-étokan. (Batok).
20. Nguler-kambang lo, alon-alonan baé. (Lintah, satitahé, ora ngaja, alon).
21. Kembang kopi; wong iku jèn mblanggrèng pantjèn angèl ladén-ladénané. (Blanggrèng).
22. Pindang lulang, katjèk apa aku karo wong lija. (Krètjèk).
23. O hla, pipa Landa; ngono wé kok bandjur nepsu. (Ontjowé).
24. Pring dèmpèt sunduk saté; bésuk manèh jèn nedya kanda warna-warna, prajoga ketemu idjèn baé. (Anda, sudjèn).
25. Wilangan wolu lan loro; puluh-puluh wis kebandjur, kaprijé manèh. (Sapuluh).

II. Wangsalan padinan tanpa njebutaké batangané.

1. Wé hla, ndjanur gunung temen; ésuk-ésuk djaré wis mlaku-mlaku. Arèn, kadingarèn.
2. Mung kapéngin nggenta dara. Sawangan, njawang.
3. Hla kok éman temen, enom-enom djaré ndjangan gori. Gudèg, budèg.
4. Pak Guru bareng ngagem ageman tjara Djawa bandjur mandan rawa. Wlingi, manšlingi.
5. Ngretia bakal ngrokok tjendak, rak ora dakkandani. Tegesan, neges-neges.
6. Djenang gula, lo. Glali, maksudé: adja lali.
7. Dupèhané kuwasa baé; ngunèni wong kok olèhé nganak tjetjak. Sawijah, sawijah-wijah.
8. Hara ta; bareng krungu tembang Djawa kang ora bléro larasé, ora tjitjir tjakepané, trep patété tur éndah tjéngkoké, rak bandjur ngembang durèn temenan. Dlongop, ndlongop.
9. Kuṭa Gudèg iku kasebut kuṭa telenging „perdjuangan” bangsa Indonésia. Kuṭa kang misuwur énak banget gudèg, jaiku kuṭa Jogjakarta.
10. Pak Guru lagi baé mentas kondur saka kuṭa Bengawan; malah durung lukar ageman. Arané kuṭa sing pada karo arané bengawan, jaiku kuṭa Sala.

III. Wangsalan mawa paugeran tartamtu: 4 wanda + 8 wanda.

1. Kulik prija, dèn setya-tuhu witjara. Tuhu.
2. Kapi djarwa, dakpetèk mangsa luputa. Ketèk.
3. Kawi banju, njata karangané Guru. Tirta.
4. Tjarang wreksa, nora gampang ngarang Djawa. Epang.
5. Bajem toja, langkung susah manah kula. Kangkung.
6. Kukus gantung, daksawang sadjaké bingung. Sawang.
7. Kembang ganjong, adja tjidra marang wong. Puspa-njidra.
8. Gajung sumur, ajwa kempa bandjur mundur. Timba.
9. Balung djanur, mangka usadaning nganggur. Sada.
10. Wohing tandjung, dèn betjik bekti mring bijung. Ketjik.
11. Bajem arda, putri anteng tur djatmika. Lateng (klateng).
12. Djarum djala, mara tjoba nggubah basa. Tjoban.
13. Singa ranu, dèn setya mring ubajamu. Baja.
14. Kambing wana, bektia mring kadang wreða. Kidang.
15. Sekar putjang, sèwu begdja kemajangan. Majang.
16. Tepi wastra, dèn tresna sapada-pada. Kemada.
17. Tédja béngkok, jwa nganti keduwung sira. Kluwung.
18. Tédja pita, saja nglajung tjahjanira. Lajung.
19. Sepat domba, jwa guramèh tan prasadja. Gramèh.
20. Roning mlindjo, sampun kesel njuwun ngaso. Eso.

IV. Wangsalan mawa paugeran tartamtu (4 wanda + 8 wanda) × 2.

1. Tédja pita, kang tadji mawa gendéwa. (Lajung, panah).
Saja nglajung, sedih-kingkin manah kula.
2. Sénté arga, putra Dèwi Wilutama. (Kadjar, Aswatama).
Udjarira, anulad laku utama.
3. Djarwa sirna, pring anom rinudjit miring. (Ilang, tutus).
Nggegulanga, mrih putus kagunan Djawa.
4. Antjur katja, wanara putraning Tara. (Banju-rasa, Anggada).
Rasakena, mrih lebda empaning basa.
5. Djadja kuda, menjan séta mong ing tirta. (Andeman, tawas, baja).
Andemana, kanti awas ing bebaja.

V. Wangsalan èdi-pèni.

1. Bajem arda, ardané ngrasuk busana. (Lateng, besus).
Mari anteng, besusé saja katara.
2. Kulik prija, prija gung Andjani putra. (Tuhu, Anoman).
Tuhu éman, wong anom wedi kangélan.
3. Tepi wastra, wastra kang tumrap mustaka. (Kemada, iket).

- Para muda, ngudia angiket basa.
4. Kantjing gelung, gelung kondé modèl Bandung. (Tusuk-kondé, tjijoda).
Bésuk apa, damangé mring basa Djawa.
 5. Tjarang wreksa, wreksa kang pineta djanma. (Pang, golèk).
Nora gampang, golèk kawruh mrih kaonang.
 6. Ngréka puspa, puspa nedeng mbabar ganda. (Nggubah, mekar).
Nggubah basa, mrih mekar landeping rasa.
 7. Jaksa déwa, déwa dèwi lir danawa. (Kala, Durga).
Kala muda, bangkit ambéngkas durgama.
 8. Mong ing tirta, tirta widjiling sarira. (Baja, kringet).
Sapa baja, banget ngudi basa Djawa.
 9. Antjur katja, katja kotjak mungging nétra. (Rasa, tesmak).
Wong wruh rasa, tan mamak ing tata-krama.
 10. Sajèng kaga, kaga kresna mangsa sawa. (Kala, gagak).
Wong susila, lagaké anudju prana.

VI. Wangsalan ing lelagoning gending.

(Waspadakna tjakepaning umpak-umpak).

PANEMBRAMA PALAKRAMA 25 WARSA (JUBILEUM). BAWA SEKAR AGENG RETNAMULJA.

Lampah 12 (4-4-4), dawah gending Sriwidada, laras pélog patet Barang.

7.23̇ 3.23̇2.3̇ 67 5.653 5 5 567 7 7.276 6.72̇.3̇ 67 5.653

Ret- na- mu- lja, purwa- ka- ning, pa- nem- bra- ma.

3.56 6.72̇.3̇ 67653 72327 7 7 723 3.2 2 2 23.2 7.6

Tur pam- ba- gja, mring pra ta- mu, kang mi- nu- lja.

7.23̇ 3.23̇2.3̇ 67 5.653 5 5 567 7 7.276 6.72̇.3̇ 67 5.653

Mu- gi sa- mja, ti- ne- bihna, ing dur- ga- ma.

3.56 6.72̇.3̇ 6765.765323 3 2 7.2 23 3.56 25 3.2 2327 6

Ba- su- kjar- dja, te- guh jwa- na, trus wi- da- da.

(Pm).

UMPAK-UMPAK.

$\overline{.2} \overline{2} \overline{3} \overline{3} \overline{3} \overline{3} \overline{3} \overline{2} \overline{2} \overline{3} \overline{2} \mid 7.$

Kalong a-lit djanma kang asung u-sa-da.

$\overline{.7} \overline{2} \overline{2} \overline{2} \overline{2} \overline{2} \overline{2} \overline{3} \overline{3} \overline{2} \overline{7} \mid 6$

Saja tuwa ru-kuné sa-ja ka-ta-ra.

$\overline{.2} \overline{2} \overline{3} \overline{3} \overline{3} \overline{3} \overline{3} \overline{2} \overline{2} \overline{3} \overline{2} \mid 7$

Ku-lik prija kaga ginantang gaga-na.

$\overline{.5} \overline{6} \overline{5} \overline{3} \overline{3} \overline{3} \overline{3} \overline{5} \overline{6} \overline{7} \overline{7} \mid 6$

Tu-hu njata patut kinar-ja tu-la-da.

Njandak GÉRONG KANG BAKU pada kang kapisan.

$\overline{.6} \overline{6} \overline{.67} \mid \overline{56} \overline{.7} \overline{5} \overline{6723} \mid 6. \overline{.3} \overline{3} \overline{32} \mid \overline{723} \overline{67} \overline{5} \overline{5.65} \mid 3$

Kanti su-ka sukèng ka-jun, Kajungjun ing tyas mè-nget-i,

$\overline{.2} \overline{35} \overline{.67} \mid 5 \overline{.5} \overline{67} \overline{5.65} \mid 3 \overline{.2} \overline{.35} \overline{.67} \mid 5 \overline{.5} \overline{67} \overline{5.65} \mid 37$

pènget-an-ing pala-kra-ma, kang wus praptèng slawé war-si,

$\overline{.7} \overline{7} \overline{5} \mid \overline{6.723} \overline{3} \overline{67} \overline{5} \overline{5.65} \mid 3 \overline{.2} \overline{7} \overline{2} \overline{23} \mid \overline{3.5} \overline{6} \overline{25} \overline{3.2} \overline{2327} \mid 6$

sanitya- sa sih-si-nih-an, sa-i-jeg sa-é-ka kap-ti.

(Pm).

VII. Wangsalan kang sinawung ing tembang.

I. Kinanti (Paliwara M.N. IV).

Kinanti linging pitutur, kentang rambat menjan putih (1), awasna dipun pratéla, nolèha wiranging wuri, tjetjangkok wohing kalapa (2), kang dadi paṭoking urip.

II. Dandanggula (Paliwara M.N. IV).

Tjarang wreksa (3) ingkang djamang tambir (4), nora gampang wong mengku nagara, baligo amba godongé (5), kudu santosèng kalbu, tengarèng prang (6) andèging riris (7), dèn teteg trang ing tjipta, sendang niring ranu (8), sasat ana ing palagan, kasang toja (9) menjan séta mungwing ardi (10), jèn apes kuwirangan.

III. Pangkur (Rerepèn M.N. IV).

1. Djirak pinda mungging wana (11), sajèng kaga (12) wé rekta kang muroni (13), njenjambi kalané nganggur, was-tra tumrap mustaka (14), pangiketing wangsalan kang sekar Pangkur, baon sabin ing nawala (15), kinarja langen pribadi.

2. Sénté lit sasanèng arga (16), lenging roga (17) mina kinarja desti (18), ngleledjar ladjering wujung, sikatan-bang ngrembaka (19), pinisuka kasukan saananipun, wimbaning kang tjandrawéla (20), mrih purna pranawèng kapti.

3. Sarkara drawa linama (21), gelang swéda (22) kramané marah siwi (23), ilang lalijèng wulangun, mundu lit daonira (24), lumeketing kajuwananirèng kajun, parab madyaning Pandawa (25), sardjua ardjaning diri.

4. Singgang gung kang pinijara (26), mardi siswa (27) kekawinirèng èstri (28), winèh winulangken wadu, Peputut mong Pergiwa (29), kang suméwa paséwakaning kalangun, pangrantamirèng pradangga (30), sesendonan genti-genti.

5. Witjara tanpa karana (31), bebasané djanma nunggal sapanti (32), ngajawara tanpa dunung, sampang panggilap wreksa (33), peprenésan linaras resmining kajun, narmada lit ngalang marga (34), tan lija amung ngrerepi.

IV. Sinom.

Wewangsalan roning kamal (35), pra anom dèn ngati-ati, wreksa kang pineta djanma (36), golèk kawruh kang sadjati, kulik prija upami (37), anganggoa rèh kang tuhu, kalpika pasrèn karna (38), gegelang mungging daridji (39), ajwa tinggal miwah lali pariwisata.

Batangané:

- | | | |
|-------------------|-------------------|---------------------------|
| 1. Téla, wlirang. | 14. Iket. | 27. Mulang. |
| 2. Batok. | 15. Karja. | 28. Wadu. |
| 3. Pang. | 16. Kadjar. | 29. Djanaloka. |
| 4. Wengku. | 17. Tlandjer. | 30. Sendon. |
| 5. Labu. | 18. Dujung. | 31. Ngajawara. |
| 6. Teteg. | 19. Kembang soka. | 32. Dunung. |
| 7. Terang. | 20. Purnama. | 33. Prenis. |
| 8. Asat. | 21. Kilang. | 34. Kali. |
| 9. Impes. | 22. Ali-ali. | 35. Sinom. |
| 10. Wlirang. | 23. Mulang. | 36. Golèk. |
| 11. Kesambi. | 24. Tjlaket. | 37. Tuhu. |
| 12. Kala. | 25. Ardjuna. | 38. Anting ² . |
| 13. Anggur. | 26. Winih. | 39. Ali-ali. |

BAB II. PARIKAN.

1. Kang diarani parikan.

Unèn-unèn mawa paugeran telung warna, jaiku:

- Kadadéan saka rong ukara kang dapukané nganggo purwakanti guru-swara.
- Saben saukara kadadéan saka 2 gatra.
- Ukara kapisan mung minangka purwaka; déné „ngesé” utawa „wosé” dumunung ing ukara kapindo.

Tulada:

Tawon madu, ngisep sekar. (Ukara kapisan, 2 gatra).

Tjalon Guru, kudu sabar. (Ukara kapindo, 2 gatra).

2. Gunané purwaka (ukara kapisan) mung dianggo narik kawigatèné wong kang nedya dikandani utawa dipituturi. Preluné, supaja ing sadurungé ukara kang isi „ngesé” utawa „wosé” dikandakaké, wong sing nedya dikandani wis ketarik atiné, satemah bandjur nggatèkaké marang „wosé kang baku” (ukara kapindo) kang satemené lagi arep diutjapaké. Marga nggatèkaké, bisa ngreti temenan marang maksudé ukara kang isi „ngesé” (ukara kapindo).

3. Manut tjatjahing wandané, parikan iku kena dipérang dadi telu, jaiku:

- Parikan kang kadadéan saka $(4 \text{ wanda} + 4 \text{ wanda}) \times 2$.

Tulada:

Iwak bandeng, durung waju. $(4 \text{ wanda} + 4 \text{ wanda})$.

Prija ngganteng, sugih ngèlmu. $(4 \text{ wanda} + 4 \text{ wanda})$.

- Parikan kang kadadéan saka $(4 \text{ wanda} + 8 \text{ wanda}) \times 2$.

Tulada:

Kembang adas, sumebar tengahing alas. $(4 \text{ wanda} + 8 \text{ wanda})$.

Tuwas tiwas, nglabuhi wong ora waras. $(4 \text{ wanda} + 8 \text{ wanda})$.

- Parikan kang kadadéan saka $(8 \text{ wanda} + 8 \text{ wanda}) \times 2$.

Tulada:

Enting-enting gula Djawa, sabungkus isiné sanga.

Ingatasé para siswa, wadajib seneng nggubah basa.

4. Parikan sing kadadéan saka $(8 \text{ wanda} + 8 \text{ wanda}) \times 2$, sawanèh ana sing ngarani parikan patang pada. Iku kliru, sabab tembung „pada” iku tumrap reriptan kanggoné mung ana ing tembang. Déné jèn tembung „pada” iku sing dikarepaké kudu ditegesi „ukara” uga kliru, sabab parikan iku ora ana sing ka-

dadéan saka patang ukara. Parikan iku kudu mung rong ukara, sidji-sidjining ukara kadadéan saka 2 gatra; dadi kabèh ana 4 gatra. Wondéné tjarané nulis 4 gatra iku, kena baé didadèkaké 4 larik.

Tulada ing angka III kang kasebut ing duwur iku kena katalis mangkéné :

Enting-enting gula Djawa,
sabungkus isiné sanga.
Ingatasé para siswa,
wadajib seneng nggubah basa.

5. Wong-wong utawa botjah-botjah kang ora kepétung ing golongané wong pasinaon (kajata : tukang-bétjak, botjah angon lsp.). tarkadang ngutjapaké parikan sing ora nglungguhi paugeran.

Tulada :

Ngétan, bali ngulon. (2 wanda + 4 wanda).
Tuwas édan, nora klakon. (4 wanda + 4 wanda).

6. Parikan sing dianggo nggérongi lelagoning gending, dapukaning ukarané mesti baé ora bisa tansah nglungguhi paugeran, sabab tjatjahing wandané kawengku ing laguning gending.

Tulada :

I. LELAGON PARIKAN (SLÉNDRO PATET 9).

. 5	6	i	2	i	i	6	5	6	2	6		i	6	i	i
Tjengkir wungu, wu-ngu-né ke- ti ban da-ru. (Duh i-bu).															

. 6	6	6	6	6	6	6	i	5	6	3		5
Tjalon Gu-ru, ku- du sa-bar mo-mot mengku. (Pm).												

Katrangan.

Pérangan sing dikurung, jaiku (Dub ibu), iku wuwuhan, kanggo senggakan.

II. SUWÉ ORA DJAMU. PÉLOG PATET 6.

2	3	3	. 1	2	3	. .	1	2	2	3	1	2	. .
Su- wé o- ra djamu,							djamu godong kentjur.						
3	5	5	6	6	5	5	3	3	2	2	1	1	6
Su- wé ra ke- te- mu, te- mu							pisan maju mundur.						

7. Tjarané ngarang parikan.

Sing dikarang luwih disik ukara kapindo, jaiku ukara sing isi „ngesé” utawa „wosé”. Ukarané kadadéan saka 4 wanda + 4 wanda, utawa 4 wanda + 8 wanda, utawa 8 wanda + 8 wanda.

Sawisé rampung pangarangé ukara kapindo, bandjur ngarang ukara kapisan, jaiku ukara kang mung dianggo purwaka. Kèhing wandané pada karo ukara kapindo, lan dapukané kudu mudjudaké purwakanti guru-swara karo ukara sing kapindo.

8. Pitakon.

Kaprijé bédané parikan karo wangsalan ?

9. Klebu rerengganing basa.

Parikan klebu rerengganing basa, sabab basa sing mawa parikan iku agawé senengé wong sing matja utawa wong sing ngrungokaké. Guneman mawa parikan bisa ndjalari ramé anengsemaké. Gending digérongi nganggo tjakepan kang mawa parikan, bisa marakaké saja gajeng.

10. Tulada parikan warna telu.

I. Parikan (4 wanda + 4 wanda) × 2.

1. Wadjik kletik, gula Djawa.
Luwih betjik, sing prasadja.
2. Nangka djeruk, djambu nanas.
Rada watuk, ngelu panas.
3. Wédang bubuk, tanpa gula.
Adja ngamuk, énggal tuwa.
4. Pitik walik, tanpa lantjur.
Pangkat tjilik, arang nganggur.
5. Pitik tjilik, notol upa.
Ala sitik, uga kena.
6. Manuk emprit, méntjok pager.
Mulang murid, murih pinter.
7. Omah gedong, pinggir lurung.
Ati ndjontong, pikir bingung.
8. Abang-abang, ora legi.
Mampang-mampang, djebul wedi.

II. Parikan (4 wanda + 8 wanda) × 2.

1. Kembang arèn, sumebar tepining kalèn.
Adja dahwèn, jèn kowé kepéngin kadjèn.
2. Kembang kentjur, ganda sedep sanding sumur.
Kudu djudjur, jèn kowé kepéngin luhur.
3. Kembang menur, dèn sebar dèn awur-awur.
Bareng makmur, bandjur lali mring sadulur.

4. Tjengkir wungu, wunguné ketiban ndaru.
Watak Guru, kudu sabar momot-mengku.
5. Wédang bubuk, kumrijuk gulané remuk.
Mulang-muruk, tan prajoga karo ngantuk.
6. Kembang mawar, ngganda arum ngambar-ambar.
Ati bingar, mung jèn mentas tampa bajar.
7. Rudjak tjengkir, pantes dèn wadahi tjangkir.
Mlipar-mlipir, polahé wong duwé esir.
8. Kembang mlati, warna pèni ngganda wangi.
Watak putri, kudu gemi lan nastiti.
9. Klapa sawit, wité duwur wohé alit.
Idjih murid, adja seneng ketjèh duwit.
10. Kembang tjengkèh, ganda sedep warna anèh.
Wong sing sumèh, tartamtu mitrané akèh.
11. Rudjak wuni, rudjaké para pemudi.
Adja lali, kudu anetepi djandji.
12. Rudjak dondong, pantes dèn wadahi lodong.
Jèn wis tjondong, dèn tandangi gotong-rojong.

III. Parikan (8 wanda + 8 wanda) × 2.

1. Gawé tjao nangka sabrang, kurang setrup luwih banju.
Adja awatak gumampang, ingatasé tjalon Guru.
2. Sega punar lawuh empal, segané pangantèn anjar.
Dadi murid adja nakal, kudu ulah ati sabar.
3. Djangan katjang djangan kara, kaduk ujah kurang gula.
Piwelingku mring pra muda, adja wedi ing rekasa.

BAB III. GURITAN.

1. Tembung „guritan” linggané „gurit”, tegesé : kidung utawa tembang. Ana tembung „gurit” kang ateges : tulisan awudjud tatahan.

Nggurit, ateges :

- I. Ngripta tembang, kidung utawa rerepèn.
- II. Nglagokaké tembang, ngidung utawa ngrerepi.

2. Guritan iku kalebu rumpakan kang mawa paugeran tartamtu (gumatok). (*) Wondéné paugerané guritan mangkéné :

- I. Tjatjahing gatrané ora tartamtu, nanging lumrahé satitiké 4 gatra.
- II. Tjatjahing wandané gatra sidji karo sidjiné adjeg pada kèhé.

(*) Basa pinatok kang tumata.

- III. **Dong-dinging** swara ing kabèh wekasané gatra kudu runtut, jaiku nganggo purwakanti guru-swara.
- IV. Sangarepé reriptan kang diarani guritan, lumrahé nganggo bebuka „Sun nggegurit”. Nanging tembungé „Sun nggegurit” mung sidji, sanadjan olèhé ngarang bisa uga nganti pirang-pirang guritan.

Tulada :

Sun nggegurit :

- I. „Kaanan djaman saiki sipat pemuda-pemudi srawungané saja ndadi raket wewékané sepi tan kadi duk djaman nguni srawung sarwa ngati-ati”.
- II. „Jèn manut wasitèng kuna prija srawung lan wanita gampang ketaman panggoda nerak ing laku susila temah darbé djeneng aia wasanané tibèng papa”. (Pm).

3. **Saguritan**, tumrap tembang Matjapat diarani **sapada**, tumrap tembang Gedé diarani **sapadéswara** (1 couplet, 1 bait).

4. **Tembang** kang dapukaning gatra-gatrané mirib dapukaning guritan, jaiku tembang **Girisa** (kalebu golongané tembang Gedé). Guru-wilangané Girisa, gatra sidji karo sidjiné pada baé, dong-dinging swarané kabèh tiba lagnjana (legena).

5. Sawenèh guritan ana sing mung mburu purwakanti guru-swara baé; surasané gatra sidji karo sidjiné ora runtut, ora ana gegajutané.

Tulada:

Orak-arèk orak-arèk
tjetjak gedé djaré tekèk
paku kaju aran pantèk
tjingèng pada karo tjiwèk
gimbal katjang aran pèjèk
kodok muni djaré ngorèk. (Pm).

6. Kabèh lelagon dolanan, sanadjan tjatjahing wandané ing gatra sidji karo sidjiné ora pada kèhé, lan ora kabèh dong-dinging swara ing wekasaning gatra-gatrané runtut (nganggo purwakanti guru-swara), lumrahé kagolongaké bangsané guritan.

GIRISA (LARAS PÉLOG PATET 6).

5	5	5	5.	<u>56</u>	<u>5.3</u>	<u>356</u>	<u>6.5</u>
Ku-	dang-	an-	ku	mring	pra	sis-	wa
5	6	i	<u>2.3</u>	6	5	3	<u>5.65.32</u>
da	di-	a	djan-	ma	su-	si-	la
6	5	<u>i.2</u>	6	2	2	<u>23</u>	<u>1.216</u>
ku-	wat	dji-	wa	mi-	wah	ra-	ga
2	<u>35</u>	5	5	<u>56</u>	<u>5.3</u>	<u>356</u>	<u>6.5</u>
su-	gih	gu-	na	a-	nim-	pu-	na
5	6	i	<u>2.32i</u>	6	5	3	<u>5.65.32</u>
tur	dar-	bé	wa-	tak	sa-	tri-	ja
6	5	<u>i.2</u>	6	2	2	<u>23</u>	<u>1.216</u>
tan	mi-	kir	di-	si	pri-	jang-	ga
2	1	2	<u>3.56</u>	2	2	<u>23</u>	<u>1.216</u>
se-	dya	sdjundjung	nuswa	bang-	sa		
3	3	<u>35</u>	2	2	3	<u>56</u>	<u>5.653</u>
mrih	ka-	su-	sra	man-	tja	pra-	dja. (Pm).

Lelagon dolanan iku tjatjahing wandané ing sidji-sidjining gatrane ndjupuk tjotjogé karo laguné. Marga kawengku ing lagu, lelagon dolanan ora bisa nganggo wewaton guru-wilangan tartamtu, mung awewaton purwakanti guru-swara baé.

Lelagon dolanan iku tjatjahé akèh banget. Djenengé sidji-sidjiné, sing akèh-akèh manut isiné utawa manut tembungé wiwitan. Tuladane:

- I. Tembungé wiwitan muni „witing klapa”, lelagoné diarani Witing-klapa.
- II. Isiné njritakaké „pangamuké Bagong”, lelagoné diarani Bagong ngamuk.
- III. Isiné njritakaké „pagawéané supir-bétjak”, lelagoné diarani Supir-bétjak.

IV. Tembungé wiwitan muni „swara suling”, lelagoné ija diarani Swara-suling.

7. Tuladha lelagon dolanan.

I. WITING KLAPA (SLÉNDRO PATET 9).

5 i 5 | 2 3 2 3 | 2 5 3 1 | 6 . 0 0 | 0

A. Witing kla-pa lu-gu- né maksud pa-ngrip-ta

5 6 1 | 2 . 3 . | 5 . i 6 | 5 . 0 2 | 3
 sung se-su- luh pra nu- pik- sa, ma-mrih

2 5 0 | 0 6 6 6 | 6 5 5 i | 6 . 5 6 | i
 bi- sa mi- lih we- wa-kil u- ta- ma, tu- hu

6 5 | 2 . 6 . | i 5 2 3 | 1
 bi- sa na- ta pra- dja.

B. Kawruhana pakarjaning para warga, Konstitwante ingkang sarta, pra anggota, Perwakilan Rakjat kita, ndapuk undang pariwara.

C. Mula poma milih kanti wewéka, ajwa ambawur kéwala, lwih prajoga, watak-wantu élingana, djanma kang tjinalon warga.

D. Wong sing pinter bisa gawé undang bener, saka wohé ati banter, tan keblinger, temah Rakjat tan gumedher, regedjegan rebut bener.

E. Wong sing djudjur bisa gawé undang luhur, pradja bisa dadi miswur, sarta makmur, Rakjat nora pidjer udur, tan akèh kaum panganggur.

F. Wong sing prigel bisa gawé undang supel, andajani Rakjat wekel, temah mrentel, sandang-pangan madju ndedel, mring pemimpin saja ngandel.

G. Wong sing slingkuh gawé undang mesti kisruh, kegedèn mélik kepatuh, angalutuh, rerusuh sangsaja wuwuh, Rakjat sambat pating brekuh.

H. Wong sing djirih gawé undang mesti ringkih, temah Rakjat kèh kang sedih, trus ketitih, uripé saja kelindih, dadi kurbaning wong sugih.

II. BAGONG NGAMUK (SLÉNDRO PATET 9).

0 2 2 3 5 6 | 1 5 0 5 2 5 3 2 | 1

Ka- toгна budi- mu tanding karo a- ku

0 5 5 0 2 | 5 6 0 1 5 0 5 | 6 1

i- ki Ba- gong do- jan u- wong

0 2 6 1 5 3 | 2 6 6 5 1 5 2 2 | 1

galak ka- ja bu- ta ing Ngalengkadi- ra- dja.

(Tembang Djawa).

III. SUPIR-BETJAK (PÉLOG PATET NENEM).

0 0 0 | 0 5 6 1 | 2 . 2 1 2 | 3 2 5 6 | 1

Nga- lor ngi- dul dul ngé- tan ba- li ngu- lon

. . . | 2 6 5 4 | 2 . . 3 | 6 5 6 1 2 | 3

ra- na- ré - né ngga- wa pa- num- pang- é

. . . | 0 3 5 6 | 1 . . 2 | 3 2 5 6 | 1

A- dja nja- lip be- tjik a- lon ba- é

. . . | 2 6 5 4 | 2 . . 3 | 6 5 4 2 | 1

ra- na- ré- né mung mu- rih sla- met- é

. . . | . 4 5 4 5 6 | 1 . . . | 2 6 5 4 | 2

Kring-kring krong é sa- ti- tah- é

. . . | . 3̇ 1̇ 3̇ | 2̇ . . 5 | 6 5 4 6 | 5
 Wi-ra-wi-ri ngan-ti te-kan so-ré
 . . 5 | 6 . . . | . 5 6 1 | 2 1̇ 2̇ 3̇ 2̇ | 1
 set-greg! Ka-ri ngé-tung lèho-lèh-an-é.

IV. SWARA-SULING (PÉLOG PATET NENEM).

Buka: . . . 2 . . . 1 . . . 2 . . . 1
 0 0 0 | 0 5 6 5 | 1 . . 5 | 6 5 4 3 | 1
 Swa-ra su-ling ku-man-dang swa-ra-né
 . . . | 0 1̇ 3̇ 1̇ | 2̇ . . 5 | 6 5 4 2 | 1
 Tu-lat-tu-lit ka-pé-nak u-ni-né
 . . . | 0 6̇ 5̇ 4̇ 5̇ 6̇ | 1 . . 3̇ | 2̇ . 1̇ 6̇ | 5
 u- ni-né
 . 4 . | . 4 5 6 | 5 . 3 . | . 3 5 3 | 2
 mung nre-njuh-a-ké ba-reng lan ken-trung
 . 4 . | . 4 5 6 | 5 . . 5 | 6 5 3 2 | 1
 ke-ti-pung su-ling bé-rag gam-bang-an-é.

8. Ana ing géronganing gending, guritan tarkadang kepru-
 ngu dianggo bebarengan (tjampur) karo wangsalan lan pa-
 rikan.

Tjakepan gérong Ulerkambang ing ngisor iki waspadakna,
 nuli sebutna unèn-unèn utawa ukara endi sing aran wangsalan
 (lan tebusané), endi sing aran parikan, lan endi sing aran
 guritan.

ULERKAMBANG (SLÉNDRO PATET 9).

5 6 i 26i 5 5 2 2 2 1235 2321656 6

Aatjur ka-tja, ka-tja ko-tjak mungging né-tra.

1 1 1 1 1 6 5 2 3 5 5 i 6 5

Nja-ta lu-hur bu-di-né, no ra-ge-dé mè-lik-é,

5 6 i 2 5 3 2 2 2 2 5 3 2 1 6

dja la-li po-ma ko-wé, go-tong ro-jong njambut gawé,

5 6 1 2 2 2 2 2

se-pi pamrih ra-mé nggawé.

2 2 2 2 i 6 2 6i 5 2 23 21

Wong wruh rasa, tan ma-mak ta-ta trap-si-la.

6 6 6 6 i 5 5 5 5 6 5 2 6 1

Brambang diris-i-ris, la-nang wé-dok ku-du wa-sis.

6 6 6 6 i 5 5 5 5 6 5 2 6 1

Brambang dawut-awut, mbuwang wa-tak kang tan pa-tut.

5 5 5 5 6 i i i 6 i 5 6

Ri-ri-ri-ri, mumpung mu-da dèn ta-be-ri,

6 6 6 6 5 i 5 2 2 2 1 2 6 5

mbu-di nglatih di-ri mrih da-di djanma u-ta-mi.

2 3 5 2 3 5 2 2 2 2 1 2 6 1

Moh djeruk moh djambu, a-ku bé-suk da-di Gu-ru. (Pm).

BAB IV. TEMBANG. (*)

1. Kang diarani tembang.

Reriptan utawa dapukaning basa mawa paugeran tartamtu (gumatok) kang pamatjané (olèhé ngutjapaké) kudu dilagokaké nganggo kagunan swara.

(*) Klebu basa pinatok kang tumata.

2. Tjakepan.

Kang diarani tjakepan iku unèn-unèning tembang utawa tembungan kang kanggo ing tembang.

3. Golong-golongané tembang.

I. Tembang Kawi utawa tembang Gedé.

II. Tembang Tengahan utawa tembang Dagelan.

III. Tembang Matjapat utawa tembang Tjilik.

Katrangan:

a. Kasusastran Djawa ing djaman kuna kang sinawung ing tembang, tembangé, déning wong-wong djaman saiki diarani tembang **Kawi**; liré: tembang kang anané (tuwuhé) dèk djamané wong-wong Djawa abasa **Kawi** utawa Djawa-kuna. Tjakepané tembang **Kawi** dèk djaman samana mesti baé ija basa **Kawi**.

b. Wiwit djaman Madjapait, akèh wong-wong (Rakjat) sing kurang pana marang basa **Kawi**. Basa sing dianggo guneman ing wektu iku déning wong-wong ing djaman saiki diarani basa **Djawa-Tengahan**. Marang tembang **Kawi**, wong-wong wis akèh sing kurang pana. Bebarengan karo anané basa **Djawa-Tengahan**, tuwuh tembang anjar kang diarani tembang **Tengahan**. Tjakepané tembang **Tengahan** dèk djaman samana mesti baé ija basa **Djawa-Tengahan**.

c. Tembang **Matjapat** anané uga wiwit djaman Madjapait, mung baé tuwuhé luwih kari tinimbang tembang **Tengahan**. Tjakepané tembang **Matjapat** dèk djaman samana mesti baé ija basa **Djawa-Tengahan**.

d. Ing Djaman Madjapait uga isih ana buku-buku (Kasusastran) sinawung ing tembang **Kawi**, kajata: Nagarakretagama anggitané Empu Prapantja, Ardjunawidjaja anggitané Empu Tantular. Nanging buku-buku Kasusastran sinawung ing tembang **Matjapat** ija wis akèh, kajata: buku Sudamala, Kidung Subrata, Pandji Angrèni lsp.

4. Paugerané tembang.

Tembang **Kawi** (Gedé) mawa paugeran guru-laku lan guru-wilangan; tembang **Tengahan** lan tembang **Matjapat** mawa paugeran guru-gatra, guru-wilangan lan guru-lagu. Dadi paugerané tembang **Tengahan** karo **Matjapat** pada baé, mung baé tembang **Tengahan** tuwuh luwih disik. Djalaran saka iku sok ditembungaké mangkéné: tembang **Matjapat** iku tembang **Tengahan** kang tuwuhé luwih kari. Utawa: tembang **Tengahan** iku tembang **Matjapat** kang anané luwih disik.

5. Pérangan ing saben satembangan.

Saben satembangan, tumrap tembang **Kawi** (Gedé) diarani

1 padéswara, tumrap tembang Tengahan lan Matjapat diarani 1 pada.

Tembang Kawi saben 1 padéswara = 2 padadirga, utawa 4 padapala. Dadi 1 padadirga = 2 padapala.

Tjatjahing wanda saben 1 padapala diarani 1 laku. Padapala sidji karo sidjiné, tjatjahing wandané pada baé. Dadi saben tembang Kawi satembangan ana 4 laku.

Tembang Tengahan lan Matjapat saben 1 pada ana sawatara gatra. Kèhing gattrané sidji-sidjiné tembang Tengahan lan tembang Matjapat iku gumaṭok (tartamtu). (*)

6. Golong-golongané tembang Kawi.

- I. Salisir, jaiku tembang Kawi sing laku 5 tekan 10.
- II. Siriran, jaiku tembang Kawi sing laku 11 tekan 20.
- III. Raketan, jaiku tembang Kawi sing laku 21 tekan 30.
- IV. Simparan utawa Denda, jaiku tembang Kawi sing laku luwih saka 30.

Tembang Kawi Simparan (Denda) ing djaman saiki prasasat wis ora kanggo.

7. Pedotané tembang.

Sing diarani pedotané tembang iku papan ngasoning napas nalika wong nglagokaké tembang.

Tembang Kawi sing laku 5 lan laku 6 tanpa pedotan.

A. Pedotané tembang Kawi.

Tembang Kawi sing pada lakuné ora mesti pada pedotané. Nanging sing akèh-akèh, tembang Kawi sing laku:

7 pedotané 3 - 4. 10 pedotané 5 - 5 utawa 4 - 6.

8 pedotané 4 - 4. 11 pedotané 5 - 6.

9 pedotané 4 - 5. Luwih saka laku 11 pedotané ora mesti.

B. Pedotaning gatra-gattrané tembang Matjapat (lan Tengahan) ndelenga Ngénggréngan Kasusastran Djawa djilid I katja 25 - 26 (tjap-tjapan kaping papat).

8. Andegan.

Andegan iku uga papan ngasoning napas nalika wong nglagokaké tembang, nanging pangasoné ing andegan luwih suwé tinimbang pangasoné ing pedotan.

(*) Kajata: Kinanti mesti 6 gatra, Pangkur mesti 7 gatra, Sinom mesti 9 gatra, lsp.

Guru-gatra, Gr-wilangan, Gr-lagu lan andegan.

	I	II	III	IV	V	VI	VII	VIII	IX	X
Djenengé tembang.										
1. Dandanggula	10-i	10-a	8-éA	7-u	9-iA	7-a	6-uA	8-a	12-i	7-aA
2. Kinanṭi	8-u	8-iA	8-a	8-iA	8-a	8-iA	—	—	—	—
3. Putjung	12-uA	6-a	8-iA	12-aA	—	—	—	—	—	—
4. Asmaradana	8-i	8-a	8-éA	8-a	7-aA	8-u	8-aA	—	—	—
			(8-oA).							
5. Pangkur	8-a	11-iA	8-u	7-a	12-uA	8-a	8-iA	—	—	—
6. Durma	12-a	7-iA	6-a	7-aA	8-i	5-aA	7-iA	—	—	—
7. Midjil	10-i	6-oA	10-éA	10-iA	6-i	6-uA	—	—	—	—
8. Gambuh	7-u	10-uA	12-iA	8-u	8-oA	—	—	—	—	—
9. Maskumambang	12-iA	6-a	8-iA	8-aA	—	—	—	—	—	—
10. Megatruh	12-uA	8-iA	8-u	8-iA	8-oA	—	—	—	—	—
11. Sinom	8-a	8-iA	8-a	8-iA	7-i	8-uA	7-a	8-i	12-aA	—
12. Balabak	12-a	3-éA	12-a	3-éA	12-a	3-éA	—	—	—	—
13. Wirangrong	8-i	8-oA	10-u	6-iA	7-a	8-aA	—	—	—	—
14. Djurudemung	8-a	8-uA	8-u	8-aA	8-u	8-a	8-uA	—	—	—
15. Girisa	8-a	8-aA	8-a	8-aA	8-aA	8-aA	8-a	8-aA	—	—

Tlbaning andegan-andegané ing wekasané gatra kang mawa tetenger A

Andeganing tembang Kawi dumunung ana ing wekasané kabèh padapala. Andegané tembang Tengahan dumunung ing wekasané kabèh gatra. Wondéné andegané sidji-sidjiné tembang Matjapat dumunung ana ing gatra sing endi, ndelenga daptar ing katja 28.

9. Tembang djaman bijèn lan saiki.

Ora kabèh tembang ing djaman bijèn pada karo tembang ing djaman saiki; ana sing béda. Béda mungguhing golongané utawa mungguhing paugerané. Tuladané :

- I. Bijèn kalebu tembang Gedé, saiki kagolong tembang Matjapat, jaiku tembang Girisa.
- II. Bijèn kalebu tembang Tengahan, saiki kagolong tembang Matjapat, jaiku tembang Megatruh, Gambuh, Wirangrong, Djurudemung lan Balabak.
- III. Paugerané tembang Balabak, bijèn mung 4 gatra, saiki 6 gatra. Bijèn guru-laguné ija ora kaja djaman saiki. Waspadakna tulada Balabak kasebut ing ngisor.
- IV. Paugerané tembang Girisa, bijèn ora kabèh wekasaning gatrane tiba a. Maspadakna tulada!
- V. Paugerané tembang Sinom, bijèn gatrane kang katelu kena tiba o; saiki kudu tiba a.
- VI. Paugerané tembang Midjil (bijèn diarani Pamidjil), bijèn gatrane kang kapindo tiba é, saiki tiba o.

10. Tulada tembang djaman bijèn.

Balabak, petikan saka lajang Tjenti.

- I. Rogok-rokok Astradenta gedé-duwur, dedegé.
Godèg tepung mberuwes nggabres andjemprok, djénggoté.
- II. Nétra kedok alojop malolo lambé, andomblé.
Angerankok adojok ngetimil rindik, lakuné.

Girisa, petikan lajang Rama-Kawi.

Pawèstri agja njuguhi, toja kalawan wowohan,
tojanja srep awor arum, sesuguhira nuwuki,
wré suka-suka sadaja, tinakonon lakunira,
wanara saurira ris, ingsun wré ing Mangliawan.

11. Pupuh.

Pupuh iku kumpulé tembang sawarna nganti pirang-pirang pada, lan kang surasaning tjakepané pada sidji karo sidjiné ana gegajutané.

Buku sidji isiné tarkadang nganti pirang-pirang puluh pupuh, kajata Serat Rama anggitané R. Ng. Jasadipura I. Ana uga buku kang mung isi sapupuh, kajata buku Sabdatama anggitané R. Ng. Ranggawarsita, mung isi pupuh Gambuh tok, kèhé 22 pada.

12. Kekawin.

Kekawin iku buku kang isiné (tjaritané) abasa Kawi (Djawa-kuna) lan sinawung ing tembang Kawi, kajata : Kekawin Ar-djunawiwaha, karangané Empu Kanwa. Kekawin Bharatayudha, karangané Empu Sedah (lan Panuluh).

13. Kidung.

Kidung iku tembang sing tjakepané abasa Djawa-Tengahan, wondéné tembangé, sing akèh-akèh tembang Tengahan (nganggo guru-gatra, guru-wilangan lan guru-lagu). Tarkadang awudjud tembang Gedé utawa tembang Matjapat, nanging basané mesti basa Djawa-Tengahan. Jèn awudjud tembang Gedé (çloka), dapukané tanpa guru-lagu; dadi ora pada karo tembang Gedé kang kamot ing buku² Kekawin. Jèn awudjud tembang Matjapat ja ana bédané karo Matjapat ing djaman saiki, kajata tembang Pamidjil ing buku Kidung Subrata, guru-laguné gatra kapindo tiba é, jèn Midjil ing djaman saiki tiba o.

Buku² sing isiné sinawung ing Kidung, kajata: Kidung Subrata, Déwa Rutji, Sudamala, Pandji Angrèni lan Sri Tandjung:

14. Ura-ura.

Ura-ura iku nembang kang tjakepané mung apalan baé, tanpa buku. Tuladané tjakepan kang lumrah dianggo ura-ura, kajata :

I. **Dandangula.** Semut-ireng ngendog djroning geni, ana merak bandrèk lawan landak, konang sakenong matané, tikusé pada ngidung, kutjing gering ingkang nunggoni, kodok nawu sagara, olèh bantèng sèwu, si pretjil ingkang andjaga, semut-ngangrang angrangsang gunung Merapi, wit ranti awoh dlima.

II. **Gambuh.** Segai-iwak lan duduh, djangan menir tur pé-téné wutuh, gudèg manggar miwah petjel iwak pitik, endog-témpé abon krupuk, lawan brongkos iwak tjonggor.

15. Bawa.

Bawa iku tembang kang dianggo murwakani gending, minangka leliruné buka kang mung kadadéan saka uniné salah-sidjining praboté gamelan. Gending kang wis dibawani, tanpa buka.

Sing lumrah dianggo mbawani gending iku tembang Gedé utawa tembang Tengahan, kala-kala tembang Matjapat. (Ndelenga tulada bawa Kinanti tjéngkok Sekargadung!).

16. Bawa tartamtu.

Ana tembang Gedé lan tembang Tengahan kang lumrah dianggo mbawani gending tartamtu, kajata:

- I. Tembang Gedé **Kusumastuti** = $(7 + 6) \times 2 \times 2$, kanggo mbawani gending **Sitamardawa**, Pl pt Br.
- II. Tembang Gedé **Tjitrangeng** = $(6 + 6) \times 2 \times 2$, kanggo mbawani gending **Langengita**, Sl pt 9.
- III. Tembang Gedé **Kumudasmara** = $(7 + 8) \times 2 \times 2$, kanggo mbawani gending **Walagita**, Pl pt 6.
- IV. Tembang Gedé **Pamularsih** = $(7 + 8) \times 2 \times 2$, kanggo mbawani gending **Radjaswala**, Sl pt M.
- V. Tembang Gedé **Tepikawuri** = $(6 + 6 + 5) \times 2 \times 2$, kanggo mbawani gending **Montro**, Sl pt M.
- VI. Tembang Tengahan **Pranasmara** (8-a, 11-é, 12-é, 8-a, 8-a, 8-i), kanggo mbawani gending **Tarupala**, Sl pt 9.

Satemené kabèh tembang (Gedé, Tengahan, Matjapat) iku kena dianggo mbawani gending apa baé sing pada larasé lan pada pačeté.

17. Djineman.

Djineman iku sapéranganing tjakepané bawa sing kudu dilagokaké déning wong pirang-pirang (koor) lan binarung swara-ning pradangga.

Ora kabèh bawa mawa djineman.

Sing mbawa mung wong sidji. Manawa tembang sing dianggo mbawa ana djinemané, djinemané dilagokaké déning wong pirang-pirang.

18. Laguné tembang.

Tembang sawarna, laguné tarkadang nganti pirang-pirang warna, kajata:

- I. **Dandanggula** lagu **Padasih**, lagu **Turularé**, lagu **Pangan-tènanjar**, lagu **Palaran** lsp.
- II. **Sinom** lagu **Paridjata**, lagu **Pangrawit**, lagu **Logondang** lsp.
- III. **Pangkur** lagu **Paripurna**, lagu **Langendrijan**, lagu **Dudakasmaran** lsp.

19. Tjarané nglagokaké tembang.

I. Tembang Gedé, tembang Tengahan lan tembang Matjapat nganggo irama mardika. Manawa dilagokaké nganggo irama adjeg, kurang luwesé (kurang expressief).

II. Tembang kang binarung swaraning pradangga kudu dilagokaké nganggo irama adjeg lan kudu pada karo laras, patet lan iramaning pradangga.

20. Tjéngkok.

Tjéngkok iku lak-luking swara kang dianggo nglagokaké tembang.

Tembang iku sanadjan pada djenengé, pada laguné, pada larasé, pada pateté, nanging tjéngkoking laguné (lak-luking swara sing dianggo nglagokaké) ing panggonan sidji karo sidjiné, ora kétang satitik mesti ana gèsèhé. Malah wong sidji karo sidjiné, sanadjan nunggal panggonan, tjéngkoké meksa ana bédané. Dalasan nunggal wong baé (wong sidji), nembang mau, nembang saiki karo nembang mengko, sok ana bédaning tjéngkoké.

21. Murih padaning tjéngkok.

Tjéngkok laguné tembang (ing panggonan sidji karo sidjiné, utawa tjéngkoké wong sidji karo sidjiné) kena digawé pada sarana ndèkèki titilaras sing pada ing tjakepané tembang. Manawa wanda-wandané tjakepan tembang wis mawa titilaras sing pada, sanadjan tembang iku dilagokaké déning wong ngendi baé, tjéngkoké mesti bisa adjeg, pada.

22. Tetenger (tanda) kang dianggo ing tembang. (*)

I. Titilaras, awujud angka kang nggambaraké laras (laring gamelan).

II. Titi-irama, awujud garis kanggo njetakaké anané sabetan kapisan, kapindo, katelu lan sabetan kaping papat. (Saben 1 irama = 4 sabetan).

III. Titi-pangulur, awujud titik, minangka tanda wuwuhing dawané swarané titilaras.

IV. Titi-panggandèng, awujud garis mlengkung (plengkung ligatura) kanggo nggandèng titilaras loro utawa luwih kang nunggal wanda.

*) Sapérangan petikan saka buku Seni-suara Djawa karangané F. Atmadarsana.

V. **Garis irama** (garis ritme), awujud garis saduwuré titilaras utawa titi-pangulur, utawa saduwur bunderan, dianggo mérang dawaning swara.

VI. **Bunderan** (das), tanda menenging swara.

VII. **Titi-panggantung** (fermata), awujud garis mlengkung mawa titik ing tengahé (djeroné) dumunung saduwuré titilaras, mratélakaké wuwuhing dawané swara manut rasa.

VIII. **Titi-undjalan** (respirasi) awujud koma saduwuré titilaras kepara manengen, nggambaraké sudaning dawané swarané titilaras.

23. Aksara tjekakan.

Aksara tjekakan kang lumrah tinemu ing tulisan tembang, jaiku :

Pl = pélog.

M = manjura.

Sl = sléndro.

Br = barang.

pt = patet.

Djin. = djineman.

Kadjaba saka iku ana wilangan kang tinulis tjekak, kajata :
Tjitramengeng = $(6 + 6) \times 2 \times 2$. Iku tegesé mangkéné :

$(6 + 6) = 12$, maksudé : laku rolas (1 padapala = 12 wanda).

$(6 + 6) \times 2 = 24$, maksudé : 1 padadirga = 24 wanda (2 padapala).

$(6 + 6) \times 2 \times 2 = 48$, maksudé : 1 padéswara = 48 wanda (2 padadirga).

24. Tetenger praboting sastra Djawa.

Tjarita sinawung ing tembang, manawa katulis nganggo sastra Djawa mawa tetenger (pada) :

I. **Purwapada**, dumunung ing wiwitaning tjarita, uniné betjik, maksudé isi pamudji muga-muga wong-wong (sing matja, sing ngrungokaké lan sing njimpeni buku) pada nemua betjik (slamet).

II. **Madyapada**, dumunung wekasané pupuh manawa isih arep njandak tembang lija (durung tamat), uniné mandrawa, tegesé tangèh utawa adoh (tangèh tamaté).

III. **Wasanapada**, dumunung ing wekasané pupuh kang kari déwé, uniné iti, tegesé tamat.

- IV. Pada gedé, dumunung ing wekasané pada, uniné ma ngadjapa.
- V. Pada lingsa, dumunung ing wekasané gatra, utawa we kasané padapala.
- VI. Pada-kuneng, dumunung ing wekasané padadirga.
- VII. Pada pangkat, dumunung ing pedotané tembang Gedé.

25. Tjara panggawéné titilaras.

Tjara panggawéné titilaras Djawa ana warna loro, jaiku :

I. Tjara (notasi) Sariswara, jasan Ki Adjar Déwantara. Titilarasé diarani titilaras Sariswara.

II. Tjara (notasi) Kapatihan, jasan R.M. Wreksadiningrat. Titilarasé diarani titilaras Kapatihan.

26. Ing djaman saiki para siswa, botjah-botjah lan wong-wong sing pada sinau nembang lan nabuh gamelan, umumé pada migunakaké titilaras Kapatihan. Wondéné wujudé titi- laras Kapatihan :

I. Sléndro : 1 2 3 5 6
Pamatjané : dji ro lu ma nem

II. Pélog : 1 2 3 4 5 6 7
Pamatjané : dji ro lu pat ma nem tu

Titilaras iku nggambaraké laras, larasing (wilahan) gamelan, jaiku :

I. Sléndro :
1 = Barang. 2 = Gulu. 3 = Dada. 5 = Lima. 6 = Nener

II. Pélog :
1 = Panunggul. 2 = Gulu. 3 = Dada. 4 = Pélog. 5 = Lima.
6 = Nenem. 7 = Barang.

Prelu disumurupi :

- I. Pélog patet 6 (patet Bem) ora tau migunakaké titilaras 7 (laras Barang).
- II. Pélog patet Barang ora tau migunakaké titilaras 1 (laras Bem).
- III. Laras Tludur iku sléndro ketjampuran pélog.

27. Tembang panembrama.

Tembung „panembrama” linggané „sambrama”, ateges : nga- tjarani kalawan hurmat. Pangrimbagé „panembrama” (panam- brama) = pa + an + sambrama.

Sing dianggo panembrama iku lumrahé tembang **Kinanti**, nganggo salah-sidjining lagu. Kala-kala ja ana panembrama nganggo tembang salijané Kinanti, kajata nganggo tembang Sinom, Asmaradana lsp. (Ndelenga lagu Sinom ketawang, Sl pt M katja 44).

28. Kinanti lan Kinanti-djugag.

Pada-pada tembang, sing laguné akèh déwé jaiku tembang Kinanti, sabab tjakepan tembang Kinanti iku prasasat kena dianggo nggérongi sakabèhé gending; tjotjog karo djenengé „Kinanti” tegesé „ginandèng”, kena digandèng déning gending apa baé (dianggo nggérongi). Djenenging laguné tembang Kinanti pada karo arané gending kang digérongi nganggo tjakepan tembang iku, kajata : Kinanti-Subakastawa, Kinanti-Sandung, Kinanti-Tèplek lsp.

Kinanti iku saben sapada tjatjahing wandané 48. Wondéné **Kinanti-djugag** (tegesé Kinanti-tjekak), iku bangsané tembang kang lumrah dianggo nggérongi gending tartamtu, lan kang tjatjahing wandané saben sapada kurang saka 48. Tuladané, kajata sing dianggo nggérongi gending Puspawarna, Sitamaradawa, Langen-gita, Radja-swala lsp.

Gending kang lumrah digérongi nganggo salah-sidjiné Kinanti-djugag, kena baé digérongi nganggo Kinanti. Tuladané, ndelenga gending Puspawarna katja 57 - 58 !

29. Tulada tembang warna-warna, petikan saka buku Lagu Djawi lan buku Sariswara.

I. Tembang Gedé golongan Salisir.

1. PUKSARA = $5 \times 2 \times 2$, Pl pt Br.

7 7. 6. 2 7
Wit- ing ka- mu- ljan,
7. 23 6 6 67 5.653
ring sa-mèng ti- tab,

7 7. 6. 2 7
ngegung- na dar- ma,
567. 7 7 723 2.327
tres- nèng du- ma- di.

2. GURNANG = $6 \times 2 \times 2$, Pl pt VI.

3	5.	3	5.	<u>56</u>	2	3	5.	3	5.	<u>56</u>	2
Tempuh-	ing	lo-	hi-	ta.	o-	reg	pra-	kam-	pi-	ta,	
6	6.	6	5.	i	6	<u>25</u>	3.	2	1.	<u>21</u>	6
si- nek-	sèn	Dja-	wa-	ta.	Bi-	ma	Su-	ju-	da-	na.	

3. KUMARALALITA = $(3 + 4) \times 2 \times 2$, Pl pt Br.

3	3	3.	3	3	<u>3.56</u>	6	6	7	<u>2.3.</u>	6	6	<u>67</u>	<u>5.653</u>
Wit	sir-	na-	ning	kang	gar-	wa,	klangkung	sungka-	wéng	dri-	ja		
2	2	2.	2	2	2	<u>3.276</u>	5	3	2.	3	5	<u>67</u>	<u>5.653</u>
Ra-	ma-	wi-	dja-	ja	Pra-	bu,	nèng	sa-	ma-	dya-	ning	wa-	na.

4. WAKTRA (LAMBANG) = $(4+4) \times 2 \times 2$, Sl pt IX.

5	5.	5	5.	<u>56</u>	<u>53</u>	<u>356</u>	<u>6.5</u>	5	6	i	<u>2.i6.</u>	6	3	<u>35</u>	<u>3.2</u>
Sangsaja	da-	lu	a-	ra-	ras,	a-	bjor	kang	lintang	kume-	dap,				
2	2.	1	<u>2.3.</u>	2	2	<u>23</u>	<u>1.6</u>	3	3.	3	<u>23.</u>	5	5	<u>56</u>	<u>5.3</u>
ti-	so-	nja	tengah	we-	ngi,	lumrang	ganda-	ning	puspi-	ta.					

5. DJARAGA-TATAGATI = $(4+5) \times 2 \times 2$, Sl pt IX.

3	<u>35</u>	3	<u>35.</u>	5	5	<u>52</u>	<u>32</u>	1	i	i	<u>i6</u>	<u>6.i2i6532</u>	
Kang	a-	tangga	wong	wadon	ke-	nja.	satung-	gal	war-				
2	2	1	<u>2321</u>	<u>6.5</u>	<u>61</u>	<u>12</u>	<u>61</u>	1	5	5	3	<u>53</u>	<u>2.1</u>
na-	ul-	ra	én-	dah,	Wré	sa-	mja	mè-sem	dèni-	ra	mjat,		
<u>13</u>	<u>21</u>	<u>616</u>	5	2	<u>23</u>	<u>12</u>	<u>35</u>	<u>3.2</u>					
kang	sa-	we-	nèh	su-	ka	gu-	mu-	ju.					

6. RUKMARATA = (4+6) × 2 × 2, SI pt IX.

$\underbrace{3 \ 35}$ $\underbrace{3 \ 35}$ $\underbrace{56 \ i}$ $\underbrace{5 \ 1}$ $\underbrace{35 \ 3.2}$ $\underbrace{26 \ 6.i}$ $\underbrace{5 \ 3.2}$
 Angan- di- ka Prabu Ju- dis- ti- ra, duh Ki Ar- ja
 $\underbrace{6 \ i}$ $\underbrace{5 \ 1}$ $\underbrace{35 \ 3.2}$ $\underbrace{5 \ 35}$ $\underbrace{12 \ 6.165}$ $\underbrace{3 \ 3}$ $\underbrace{35 \ 32}$
 Bra-ta- sé- na si- ra, kang sa- ran- ta lumak- sa- na
 $\underbrace{235 \ 5.3}$ $\underbrace{5 \ 35}$ $\underbrace{12 \ 6.165}$ $\underbrace{23 \ 21}$ $\underbrace{2 \ 3}$ $\underbrace{35 \ 3532}$
 ga- wat, dèn we- wé- ka di- mèn manggih ar- dja.

7. RUKMAWATI = (4+6) × 2 × 2, PI pt VI.

$\underbrace{5 \ 56}$ $\underbrace{5 \ 56}$ $\underbrace{6i \ 2}$ $\underbrace{6 \ 2}$ $\underbrace{56 \ 5.653}$ $\underbrace{3i \ i.2}$ $\underbrace{6 \ 5.653}$
 I- ja ka-kang Dremadji pundèn- ku, pe- pu- dji- nen
 $\underbrace{i \ 2}$ $\underbrace{6 \ 2}$ $\underbrace{56 \ 5.653}$ $\underbrace{6 \ 56}$ $\underbrace{23 \ 1.6}$ $\underbrace{5 \ 5}$ $\underbrace{56 \ 53}$ $\underbrace{356}$
 se- dyaku kang be- tjik, mrih wi- da- da sa- kadang Panda-
 $\underbrace{6.5 \ 6}$ $\underbrace{56 \ 23}$ $\underbrace{1.6 \ 35}$ $\underbrace{32 \ 2}$ $\underbrace{3 \ 56}$ $\underbrace{5.653}$
 wa, ra- har-dja- a, tem- bé Bra-ta- ju- da.

II. Tembang Gedé golongan Siriran.

8. TJITRAKUSUMA = (6 + 6) × 2 × 2, SI pt IX.

$\underbrace{6i \ 5}$ $\underbrace{3 \ 2}$ $\underbrace{3 \ 5.6532}$ $\underbrace{235 \ 6.i2.i2i.65.32}$ $\underbrace{2 \ 1}$ $\underbrace{21 \ 6.5}$
 Dé- né pandjaluk- mu pa- ti- né Sindur- dja,
 $\underbrace{235 \ 6.i2.i2i6i653.2}$ $\underbrace{5 \ 65}$ $\underbrace{3235 \ 5.6i2.i2i6i653532}$ $\underbrace{2 \ 16}$
 ta- mak- na djem- pa- ring- i- ra
 $\underbrace{2 \ 1}$ $\underbrace{21 \ 65}$ $\underbrace{6i \ 5}$ $\underbrace{3 \ 2}$ $\underbrace{3 \ 5.6532}$ $\underbrace{235 \ 6.i2 \ i2i.65.32}$ $\underbrace{2 \ 1}$
 Pa-so-pa-ti, ra- ta-né Sri Kres- na lan gong- é jwa
 $\underbrace{21 \ 6.5}$ $\underbrace{235 \ 6.i2 \ i2i6i653.2}$ $\underbrace{5 \ 65}$ $\underbrace{3235 \ 5.6i2.i2i6i653532}$
 te- bih, a- ran Pan-tja- djan- nja
 $\underbrace{2 \ 16}$ $\underbrace{2 \ 16}$ $\underbrace{35 \ 3532}$
 ang-go-nen ngadjurit.

9. BASANTA = $(8 + 6) \times 2 \times 2$, Pl pt VI.

5 5 5 5 56 5.653 356 6.5.6 2 35 56 5 653 356 6.5
 Mangkana kroda Sri Kres- na tedak sa- king ra- ta,
 5 5 5 6.1 12 6 3 5.653 6 5.653 3 2 35 3.2
 a-gu-nem sak-sa-na ma- deg ti- wi- kra-ma-ni- ra,
 5 5 5 6.1 12 6 3 5.653 6 5.653 3 2 35 3.2
 wimbuh a-nèng pa-la-tar- an djleg a- geng sa- gu- nung,
 2 2 2 35.6 2 2 23 1.216 3 1.23 3 3 356 5.653
 patang gunung pitung gu- nung lir Ba- ta-ra Ka- la. (*)

10. PATRASURATMA = $(4 + 6 + 7) \times 2 \times 2$, Pl pt VI.

3 23 12165 3.561 121 6.123 1321653 2.1 1.23 3 3 356
 Èh Gu- na- wan, Wi- bi- sa- na si- ra, ing- kang
 6.12.3 1321653 2.1 123 1.216 3 2.356.54 2.653 2.1 2
 ma- deg- a Na- ta, néng Nga- leng- ka si-
 16 2 3 32-1 3 356 6.12.3 1321653 2.1 1.23 1.216
 ni-wèng rasek- sa, Ka- ra- na pra- ba- wan- ta.
 3 2.3 12165 3.561 121 6.12.3 1321.653 2.1 15 5.653
 mar-di- kèng- rat, kre- tar- ta mum- pu- ni,
 3 356 6.123 1321653 2.1 123 1.216 3 2.35654 2653 21
 gu- na wi- wé- ka a- sih, ma- ring da- sib,
 2 2 6 12 23 3 1 23 2 12 32 121 6
 pu-lih-na Ngalengka, pa-ju-nen wa- lu- jak- na.

III. Tembang Gedé golongan Raketan.

Sarèhné lakuné dawa banget (luwih saka laku 20), kepeksa tanpa titilaras. Saupama didèkèki titilaras (noot), kerontjèn banget.

(*) Kresna tiwikrama, marga arep dikrojok Kurawa.

11. KILAJUNEDENG = (5 + 6 + 6 + 5) × 2 × 2, Pl pt VI.

Kadangmu pada, warahen dèn betjik, sésuk amendema, baris prajoga. Ajwa saranta, wong ing Dwarawati, tinumpesan iku, awak Pandawa. Ngandut marangké, mangsa wurung dadi, mungsuh pan asandi, kéwala betjik. Riwusing gunem, Kurawa bubaran, pra Ratu pituwa, Kilajunedeng.

12. GANDAKUSUMA = (12 + 12) × 2 × 2 Pl pt VI.

Laraping rata sri rinengga sumawur, kadya riris wintang wor gebjaring astra. Kumilat sumirat narawung ngenani, tumédja wangkawa ngenguwung manawung. Dyuk nétyèng satrija kalih pekik-pekik, tadjem lir tinimbang atanding ajuda. Lir Hjang Guru kembar mungging rata manik, ngutara duksina kang prang samja kèndel. (*)

IV. Tembang Tengahan (Dagelan).

I. PRANASMARA (SLÉNDRO PATET MANJURA).

(8 a, 11 é, 12 é, 8 a, 8 a, 8 i.)

6 6 6 6 i 2.16 5356 i
 Nèng Karangdem-pel le- lé- dang,
 i.23 3 353 2i i i i i2 16 i 23.2.16
 Kja- i Lu- rah Se-mar sa-pra-nak-an- é.
 6 6i2 6356i 65 3.532 3 3 3 3 6 5 353 2.1
 mi- jat ke- bon ke- bon te- gal- an a- lê- rèn.
 6 6i.2 6.53 5.6 2 2 235.32 16
 sa- mi ngun- duh ta- ru- pa- la,
 3.53 2.3 i26 i.6.53 6 5 3.5 2.1
 su- ka sin- dèn se-sen-don- an
 1 12 23 3.56 25 3 121 6
 sar-wjan-djo- gèd gen- ti- gen- ti.

(*) Karna tanjing karo Ardjuna ing Baratajuda.

2. PANGADJAPSIH (PÉLOG PATET BARANG).

(12 u, 8 i, 12 u, 12 u, 12 u, 8 a, 8 i, 6 u, 8 i)

6 6 67 5.676.53 72̇ 2̇ 2̇ 2̇ 2̇327̇ 72̇.3̇ 67̇ 5.676.53
 Si-nga ra- nu, pa- nu-suling ma- gut pu- puh,
 2̇ 672̇ 2̇ 2̇ 2̇327̇ 72̇.3̇ 7̇ 2̇.76
 ba- ja tan ban- tu ing bran- ti,
 2̇ 3̇ 3̇ 3̇ 2̇ 7̇ 2̇ 3̇23̇ 6̇ 6̇ 67̇ 5.676.53
 ka- wi se- kar srana pambéng-kas- ing ra- puh,
 2̇ 2̇.35653567.65 76.532 72.327 6 7 7 7 65 3.56 2 3.276
 mung ku- su- ma, bi-sa wèh u-sa- da wu- jung,
 3 356.53567.65 76.532 72.327 6 6 6 6 6 7 2 3532
 tji- p- têng dri- ja, an-deging u- ka-ra ki- dung,
 6 7 3̇ 3̇23̇ 67̇ 32̇ 232̇ 7̇ 6̇ 7̇ 2̇ 356̇ 25̇ 32̇ 2327̇ 6̇
 se-dya ku- la ngès- tu pa- da, sar-pa kresna pus- pa ru- djit,
 3̇2̇ 72̇3̇ 6 7 5 76.532 7̇ 72̇ 23̇ 2̇ 72̇ 32̇ 2327̇ 6̇
 mung an- di-ka mas- ku, kang sung ba- ru- bah-ing ga- lih.

3. PALUGON (PÉLOG 6 — PÉLOG PATET BEM).

(8 a, 8 u, 8 o, 8 u, 8 o, 8 a, 8 u, 8 o)

6 5 3 5.6532.321 6 1 123 3 3 2 3 5.6532.321 1 1
 Pa-lu-gon la- guning le- kas, lu-ki-ta li- nuting
 2 35.653 5 5 65 6i i 2i6 i23 i2i6 5 2̇ 2̇ 2i̇ 6i2̇
 ki- dung, kadung ka- de- reng a- mo-mong, me-ma-ngun ma-
 5 654 6532 1 3 5 56 2 23 1 12i6 5 2̇ 2̇ 2i̇ 6i23i2̇
 nah ra- ha- ju, a-jwa na kang tan a- go-long, gumo-long ma-
 5 654 6532 1 3 5 5653 2 6i23 1 2i6 5 3 5 5653
 na- du- ka- ra, ka-ra- na- ni- ra ma- nga- pus, puspi- ta
 2 23 1 12i 65
 wangsai-an se- mon.

V. Tembang Matjapat (Tembang Tjilik).

1. DANDANGGULA TURULARÉ Pl pt Bem.

2 3 23 1.23. 3 5 6 i i23 i.2
Kang gi-ni- ta le-la-guning gending,

6 5 i653 2.321.61 i 2 i 6 5 35.6
Sa-ra- ju- da pambu-ka-ningse- kar,

2 1 2 35.6 2 2 23 1.232.16 6i i i i 2 3 i.2
Dandanggula Tu-ru-la- ré, bi- narunging swara rum,

6 5 i653 2.321 3 2 2.16 6.53 2.321 5 6 6 6 6 65 35.6
rumfog la- ras a-mi-la- ngon- i, i-ra-ma-né lantjar- an,

1 1 1 1 123 1.232.16 2 3 3 3 3 3 3 1.23
mung kinarja ge- tjul, pe-pa-tet-é no-ra on- tjat,

6 5 i653 2.321 3 2 i 6 6 i 123 3. 5 56 2
wus tji- na- kup tja-kepan- é no-ra tjitjir, nggèr-anggèr

3 5 3532 3
Sara- ju- da.

2. DANDANGGULA PADASIH Sl pt 9.

2 2 2 2.3 2 2 2 23 i.6
A-njar-ka-ra li-na-gu Pa-da- sib,

6 6 6 6 6 6 6 6 6i 5.32.35.6
laras sléndro patet- i- ra sa- nga,

5 5 6 i.2 6 6i 5i6 5 2 2 2 2 2 232 i
lé-kang mi- nangka ba- wa- né, gen-ding-an di-mèn run- tut,

5 5.6i 52 5.321 1 1 12 1.65 6.1 6 i 2.i 5 532 5
Sembung- gi- lang ti-ba-ning gen- ding, bi-na-rung se-senggak-

$\underline{6.532}$ 2 2 $\underline{16}$ $\underline{12}$ $\underline{616}$ 5..2̇ 2̇ 2̇ 2̇ i 6 2̇ i
 an, mrih astjar-iêng ka-jun, sa-gar-wa pu-tra wan-da-wa,
 5 $\underline{5.6i}$ $\underline{52}$ $\underline{5.321}$ 5 5 6 $\underline{i2}$ i $\underline{5.32}$ 5 $\underline{6.532}$
 te- kèng da- sib djroning su-ka ingkang mu- gi,
 6 $\underline{12}$ 1 $\underline{23}$ $\underline{21}$ $\underline{616}$ 5
 ka- lis ing du- ka tjip- ta.

3. KINANTI SEKARGADUNG SI pt 9 (Petikan Sariswara).

2 2 3 $\underline{56i}$ 5 $\underline{2.1}$ $\underline{1216}$ 1 5 5 $\underline{32}$ $\underline{3235}$ $\underline{13}$ $\underline{21}$ $\underline{616}$ 5
 Ki-nan-ti kang se kar ga- dung, karja mba-wan- i pra mu rid,
 5 5 6 $\underline{i.32}$ 5 $\underline{3.2}$ $\underline{563}$ 2 5 5 $\underline{32}$ $\underline{3.235}$ $\underline{13}$ $\underline{2.1}$
 kang sa-mja a- ma- nem - bra- ma, mring pra ta- mu ka-kung
 $\underline{616}$ 5 1 1 1 1 5 $\underline{12}$ $\underline{23}$ 2 6 6 $\underline{12}$ 1 $\underline{12}$ 6
 pu- tri, bi-na-rung ing te-tem-bang-an, da-wah gen-ding Leb-da-
 $\underline{16}$ 5
 sa- ri.

4. KATAMPANAN GENDING LEBDASARI.

$\overline{.2}$ $\overline{23}$ $\overline{35}$ | 5 $\overline{.2}$ $\overline{23}$ $\overline{35}$ | 5 $\overline{.6}$ i 5 | 2 $\overline{.1}$ $\overline{12}$ $\overline{16}$ | 1
 Leb-da- sa- ri, Leb- da sa- ri, ki- ta pa- ra sis- wa sa- mi,
 $\overline{.1}$ 6 $\overline{.1}$ | 2 $\overline{.1}$ 6 $\overline{.1}$ | $\overline{.1}$ $\overline{.5}$ 5 $\overline{32}$ | 3 1 $\overline{65}$ $\overline{12}$ | 2
 a-sung pam- ba-^{gja}ba- su- ki, kang lenggah^gwon- ten^ging ngri-ki

.0 $\overline{05}$ | $\overline{5.2}$ $\overline{56}$ $\overline{6i}$ | $\overline{6.6}$ i 5 | $\overline{2.1}$ $\overline{12}$ $\overline{16}$ | 1

mu- gi-mu-gi-mu- gi sa-mja re- na a- mir-san- i

$\overline{.1}$ $\overline{6}$ $\overline{.1}$ | $\overline{1}$ $\overline{.1}$ $\overline{6}$ $\overline{.2}$ | $\overline{2}$ $\overline{.1}$ $\overline{6}$ $\overline{.2}$ | $\overline{2}$ $\overline{.1}$ $\overline{6}$ $\overline{.1}$ | 1

Te-ti-ngal- an war-ni- war- ni, to- nil ba- ris u- lah di- ri,

$\overline{.5}$ 5 $\overline{.5}$ | $\overline{5.2}$ $\overline{56}$ $\overline{6i}$ | $\overline{6.6}$ i 5 | $\overline{2}$ $\overline{31}$ $\overline{21}$ $\overline{6}$ | 5

pa- kar jan- ing pa- kar- jan- ing ki- ta pra mu- rid pri- ba- di

5. DJURUDEMUNG SI pt 9.

(Gérong kang dudu tembang Kinanti).

0 $\overline{02}$ $\overline{2}$ $\overline{23}$ | 2 $\overline{02}$ $\overline{2.1}$ $\overline{1.23}$ | 1

Djrude-mung-é nge- la- e- la.

0 $\overline{03}$ $\overline{3}$ $\overline{35}$ | 2 $\overline{02}$ $\overline{16}$ $\overline{21}$ | $\overline{6.1}$ $\overline{2}$ $\overline{05}$ $\overline{5}$ $\overline{6}$ |

ka- wi- let lang- langan la- lu, leng- leng ka-

\overline{i} $\overline{2165}$ $\overline{5.6i}$ $\overline{5.32}$ | 1

lingan ka- lu- lun,

0 $\overline{03}$ $\overline{3}$ $\overline{35}$ | 2 $\overline{06}$ $\overline{12}$ $\overline{6.16}$ | 5 0 $\overline{05}$ $\overline{5}$ $\overline{5}$ |

ka- la- ngen la- ngening brangta, ngarang mi-

$\overline{6}$ \overline{i} $\overline{12}$ $\overline{6.i}$ $\overline{5.35}$ | $\overline{32}$

rong ra- ngu- ra- ngu,

$\overline{.05}$ $\overline{5}$ $\overline{6}$ | \overline{i} $\overline{2}$ $\overline{165}$ $\overline{56.i}$ $\overline{532}$ | 1 $\overline{03}$ $\overline{5}$ $\overline{5.3}$ |

ka- rung- rung- an ma- ring ri- ja, ri- ja- ning

2 $\overline{061}$ $\overline{1.2}$ $\overline{6.16}$ | 5

tyas lir ti- nu- tus.

6. SINOM-KETAWANG, Sl. pt. MANJURA.

(Panembrama kang dudu tembang Kinanti).

0̄2̄ 2̄ 2̄3̄ | 2̄ . 1̄ 1̄2̄ 6̄ 1̄2̄ | 1̄ . 0̄5̄ 5̄ 5̄6̄ | 5̄ . 6̄ 1̄ 5̄ 6̄5̄

Da-had su-ka su-keng dri-ja, Pa-ni-tya sung pu-dyas-tu-

. . 1̄ 1̄ 1̄2̄ | 1̄ . 1̄ 1̄2̄ 6̄1̄6̄ | 5̄ . 0̄3̄ 3̄ 3̄5̄ | 3̄ . 1̄ 2̄ 2̄3̄2̄1̄

ma-nembra-ma mring pa-du-ka, pa-ra ta-mu ka-kung pu-

. . 6̄ 6̄ | 1̄2̄ . 2̄3̄ 1̄2̄ 6̄1̄6̄ | 5̄ . 6̄ 1̄ 6̄1̄6̄5̄ | 2̄ . 2̄ 3̄5̄ 2̄3̄2̄

Wus da-ngan a-ngra-wuh-i, pa-har-gjan tan-da dju-mu-

. . 5̄ 5̄6̄ | 5̄ . 6̄ 1̄2̄ 6̄ 1̄6̄ | 5̄ . 3̄ 3̄ 3̄5̄ | 3̄ . 1̄ 2̄ 2̄3̄2̄1̄

mring an-tjas-ing Pa-ni-tya, dènja sa-mja a-mè-nget-

. . | 0̄ 0̄6̄ 1̄2̄ 6̄ 1̄6̄ | 5̄ . 6̄ 1̄ 6̄1̄6̄5̄ | 2̄ . 2̄ 3̄5̄ 2̄ 3̄2̄

S. R. ngri-ki mangkja sam-pun da-sa war-

BAB V. GAMELAN.

1. Gamelan (ngoko), gangsa (krama), pradangga (Kawi).

Gangsa, satemené tembung tjamboran-wantjahan, wutuhé muni: temba ga + radja sa. Tembaga lan radjasa iku arané pelikan (logam), ditjampur lan diluluh, digawé gamelan. Tembung „gasa” (tembaga + radjasa), paketjapan lan panulisé mingsed dadi „g a n g s a”.

Pradangga, saka tembung Sangsekerta „mardangga”, tegesé sing satemené „kendang”. Mardangga, mingsed dadi „mandaraga”, upamané ing ukara: imbal lir mandaraga. (*)

2. Gamelan saprangkat iku kadadéan saka kumpulé reritjikan warna-warna. Reritjikan iku ana sing awudjud:

- Wilahan, jaiku: gambang, gendèr, demung, barung, peking, slentem.
- Pentjon, jaiku: gong, kempul, ketuk, kenong, bonang lsp
- Kebukan, jaiku: kendang.
- Sebulan, jaiku: suling.
- Saka kawat, jaiku: rebab, tjlempung, siter.

*) Asliné muni „mrdangga”.

3. Gunané reritjikané gamelan ana sing minangka:
 - a. Pamurba irama, jaiku kendang.
 - b. Pamangku irama, jaiku ketuk, kenong, kempul, gong, kempjang.
 - c. Pamurba lagu, jaiku: barung (bonang gedé).
 - d. Pamangku lagu, jaiku: demung, slentem.
 - e. Pamangku jatnaka, jaiku: gendèr, gambang, tjlempung.
 - f. Pambuka patet, jaiku: rebab.
 - g. Ubarampé murih mujeg (gajeng), kajata: suling, siter, keprak, ketjèr lsp.
4. Wadahé peprintjèning gamelan ana sing diarani:
 - a. Plangkan (kaju), jaiku: ketuk, kenong.
 - b. Rantjakan, jaiku: bonang, rebab, suling, kendang.
 - c. Pangkon, jaiku: gendèr, saron, barung, demung.
 - d. Grobogan, jaiku: gambang, gong-kemodong.
 - e. Gajor, jaiku: (panjantélan) gong, kempul.
5. Piranti ing reritjikané gamelan ana sing diarani:
 1. Pluntur = tali (benang) kang dumunung ing gendèr, slentem.
 2. Denda = kaju gilig panantjangan pluntur.
 3. Sanggan = kuningan (wesi) sing njangga pluntur.
 4. Bremara = pantèk kantjéngé pluntur sing mlebu wilahan (sing digawé pring).
 5. Platjak = paku (kuningan, wesi) kang mlebu ing wilahan.
 6. Tawonan = gabus (pendjalin) sing nggandjel wilahan.
 7. Bantalan = sepet (kabuntel gombal) gandjeling wilahan gambang.
 8. Klanté = tali sing kanggo nggantung gong, kempul.
6. Reritjikané gamelan sing arang-arang anané, kajata:
 1. Panontong, wudjudé kaja bendé.
 2. Gambang-gangsa, gambang saka prunggu.
 3. Rodjèh, kaja batok mangkureb (katabuh ing gending Monggang).
 4. Ketjèr, katabuh ing gending Kodok-ngorèk.
 5. Robjong, katabuh ing gending Monggang.
 6. Kemanak, katabuh ing gending kanggo beksan badaja.
 7. Eendé, mèmper kempul.
 8. Keprak, mèmper kotak sing digawé saka prunggu.
 9. Tjluring, mèmper batok mangkureb tjatjahé 7 (sing ana mung Jogjakarta).
 10. Klintingan, katabuh ing gending Kodok-ngorèk.

7. Araning golongan-golongané gamelan :
- I. Gamelan Ujon-ujon-ganep, gamelan sing pepak reritjikané.
 - II. Gamelan Ujon-ujon-madya, (ing Sala aran gamelan Klenéngan), ratjikané ora pepak. Tanpa bedug, bonang, saron. Gunané: 1 Kanggo klenéngan, 2 Kanggo tabuhané wajang.
 - III. Gamelan Klenéngan gadon, pada karo gamelan Ujon-ujon-madya, nanging tanpa kenong lan kempul, tanpa gong-gantung, nganggo gong-kemodong.
 - IV. Gamelan Sengganèn reritjikané awudjud wilahan kabèh. Bonangé, ketuké, kempulé, kenongé, gongé ija awudjud wilahan kabèh; wilahan mawa pentju.
 - V. Gamelan tjilik, reritjikané uga awudjud wilahan kabèh, dadi kaja gamelan Sengganèn. Bédané: gamelan Sengganèn sing digawé saka gangsa (prunggu), gamelan tjilik saka wesi utawa kuningan.
 - VI. Gamelan Monggang, reritjikané: bonang, rodjèh, kenong, panontong, ketipung, gong-gedé. Ora nganggo sawarnaning laras, mung laras telung warna. jaiku: laras panunggul, laras lima lan laras nem. Gamelan Monggang ana warna loro, jaiku:
 - a. Monggang Gedé, panabuhé mung manawa ana upatjara djumenengan lan ing wektu mijosé Ratu tedak ing Sitinggil (pinudju dina grebeg).
 - b. Monggang Patalon, panabuhé saben dina Setu, jaiku ing wektu mijosé Ratu tedak ing Sitinggil nedya mrik-sani gladèn kapradjurit. Nganti sapréné saben dina Setu djam 16.00, gamelan Patalon ditabuh ana ing Sitinggil.
 - VII. Gamelan Kodok-ngorèk, reritjikané : bonang, ridjal, ketjèr, klintingan, gendèr, gambang, kenong, panontong, ketipung, gong. Panabuhé saben dina Gedé.
 - VIII. Gamelan Tjarabalèn, reritjikané : panembung, kenong, kempul, ketipung, gong-gedé. Gunané dianggo nabuhi gladèn perang, utawa beksan wirèng.
8. Gamelan sing misuwur.
- a. Ing kraton Sala : 1 Gamelan Sekatèn Nagadjénggot lan Kjai Djimat, 2 Larasati, 3 Pangasih, 4 Gunturmadu, 5 Kantjilbelik, 6 Kadukmanis, 7 Manisrengga.
 - b. Ing kraton Ngajodja : 1 Gamelan Sekatèn Nagailaga lan Guntursari, 2 Hardjanagara, 3 Hardjamulja, 4 Madukéntir, 5 Siratmadu, 6 Medarsih, 7 Mikatsih.

- c. Ing pura Mangkunagaran : 1 Kanjutmèsèm, 2 Udanasih, 3 Udan-arum, 4 Udan-riris, 5 Lipur-tamba-neng.
 d. Ing pura Pakualaman : 1 Pangawésari, 2 Tlagamuntjer, 3 Gangsa P.B.X.

9. Manut larasé, gamelan ana warna loro, jaiku gamelan sléndro lan gamelan pélog.

Peprintjèné gamelan sléndro mawa laras warna lima, jaiku : laras barang, laras gulu (djangga), laras dada (djadja), laras lima lan laras nem. Gamelan pélog mawa laras warna pitu, jaiku : laras panunggul (bem), laras gulu, laras dada, laras pélog, laras lima, nem lan barang.

Laras, swara kang tumata kanti gumatok. Gumatok mungguhing rikating kedèré ing dalem wektu kang tartamtu (saben 1 sekon), gumatok mungguhing duwuré.

10. Kanggo nggampangaké pasinaon nabuh gamelan lan pasinaon nembang, peprintjèning laras ing duwur iku sidji-sidjiné ditengeri nganggo angka kang diarani titilaras.

A. Titilaras ing gamelan sléndro:

- 1 = laras barang.
 2 = laras gulu.
 3 = laras dada.
 5 = laras lima.
 6 = laras nem.

B. Titilaras ing gamelan pélog:

- 1 = laras panunggul (bem).
 2 = laras gulu.
 3 = laras dada.
 4 = laras pélog.
 5 = laras lima.
 6 = laras nem.
 7 = laras barang.

11. Laras warna-warna kasebut ing duwur iku kena dipérang dadi 3 golongan, jaiku :

- I. Laras tjilik, wiwit saka laras-guluné gendèr-panerus ing pérangan tengah, sapanduwur. Iku pada karo larasé saron-barung.
- II. Laras madya (sedeng, tengahan), wiwit laras-nemé gendèr-panerus ing pérangan tengah, sapangisor. Iku pada karo larasé saron-demung.
- III. Laras gedé, wiwit laras-nemé gendèr-gedé ing pérangan tengah sapangisor. Iku pada karo larasé slentem.

12. Embating gamelan, tegesé : endèk-duwuring panglarasé gamelan (panggawéné). Embating gamelan iku ana warna telu, jaiku :

- I. Embat lugu, jaiku gamelan kang panglarasé prasadja, mulané swarané ija barès.

- II. **Embat njundari** utawa **embat regu**, jaiku gamelan kang panglarasé sarana ngunggahaké laras gedé lan ngudunaké laras tjilik, mulané swarané keprungu ruruh.
- III. **Embat Larasati**, jaiku gamelan sing panglarasé sarana ngudunaké laras gedé lan ngunggahaké laras tjilik, mulané swarané keprungu nènès-kenès.

BAB VI. GENDING. (*)

1. **Gending**, tegesé : 1 Djuru gawé gamelan. 2 Lelagon swaraning gamelan.

Gendèng, tegesé : lelagon swaraning wong, maksudé lelagoning tembang.

Ahli **gendèng-gendèng**, tegesé : ahli ing babagan lelagon swaraning gamelan, lan uga ahli ing babagan langenswara.

Gamelan bisa mahjakaké **gendèng**, manawa kabèh peprintjèn reritjikané gamelan iku laras lan panabuhé mawa irama sarta patet kang gumatok (tartamtu).

2. **Irama** iku ukuran tamban-sesegé utawa rindik-rikaté panabuhé gamelan lan bola-balining **dong-ding**.

Irama panabuhé gamelan ana warna loro, jaiku :

I. **Irama lamba** (irama sidji, irama lantjaran).

II. **Irama rangkep** (irama tamban, irama wilet).

Irama rangkep kena kapérang telu, jaiku : irama rangkep 2, rangkep 3 lan irama rangkep 4.

3. **Dong-ding**, satemené ateges : swara anteb — swara ampang. (Dong = anteb. Ding = ampang).

Panabuhé gamelan iku saben sairama ana 4 tutukan. Tutukan kapisan anteb, kapindo ampang, katelu anteb, kapingpat ampang. Manawa ditjetakaké sarana garis-irama, wudjudé kaja ing ngisor iki :

Dong ding dong ding/dong ding dong ding/dong sabandjuré.

Tjunduké karo lelagoning tembang, 4 tutukan ing panabuhé gamelan pada karo 4 sabetan ing lelagoning tembang. Manawa 4 sabetan iku sidji-sidjiné awudjud titilaras utawa wandaning tembung, olèhé nglagokaké titilaras (wanda) kapisan gorawa (anteb), kapindo lagawa (ampang), katelu rada anteb, kapingpat ampang.

Tjunduké karo iketané tembang (tjakepané), **dong-ding** iku pada karo guru-lagu.

4. **Patet** iku ukuran endèk-duwuring **gendèng**. Ja patet iku sing nemtokaké mapané **gendèng** lan matesi munggah-muduning panabuhé gamelan.

(*) Bab **gendèng** lan gamelan, sapérangan peṭikan saka buku Seni-suara Djawa, karangané Ki F. Atmadarsana.

Panabuhé gamelan sléndro lan pélog, sidji-sidjiné mawa patet warna 3, jaiku:

A. Pateting gamelan sléndro.

- I. Patet nenem, mawa dedasaring swara laras gulu.
- II. Patet sanga, mawa dedasaring swara laras lima.
- III. Patet manjura, mawa dedasaring swara laras nem.

B. Pateting gamelan pélog.

- I. Patet lima, adedasar swara laras panunggul (bem).
- II. Patet nenem, mawa dadasaring swara laras lima.
- III. Patet barang, adedasar swara laras gulu.

5. Sing mesti migunakaké patet warna telu iku gending² sing dianggo ing kuwajangan (padalangan); olèhé ngetjakaké kanti ngélingi wektu, jaiku:

A. Gamelan sléndro kanggo nabuhi wajang-purwa.

- I. Patet nenem djam 21.00 - 24.00, wiwit djedjer tekan perang prampogan utawa perang gagal.
- II. Patet sanga djam 24.00 - 03.00, wiwit djedjer pendita (wetuné bambang) tekan perang-kembang.
- III. Patet manjura djam 03.00 - 06.00, wiwit salebaré perang-kembang tekan tantjep-kajon. (Manjura ateges: merak, maksudé : ing wektu iku wis prak-ésuk).

B. Gamelan pélog kanggo nabuhi wajang-gedog.

- I. Patet lima djam 21.00 - djam 24.00, wiwit djedjer tekan prang prampogan.
- II. Patet nenem djam 24.00 - djam 03.00, wiwit salebaré prang prampogan tekan perang Bugis.
- III. Patet barang djam 03.00 - djam 06.00, wiwit salebaré perang Bugis tekan tantjep-kajon.

6. Araning gending-gending kang mawa patet tartamtu, kajata:

A. Gending-gending sléndro.

- I. Patet nenem: Marasandja, Kadatonbentar, Prihatin, Semukirang, Kadukmanis, Raranangis, Peksibajan, Menjanséta, Puspawedar, Lobaningrat, Paréanom, Lokananta, Udansoré, Madjemuk lsp.
- II. Patet sanga: Bawaraga, Mawur, Lunțangkasmaran, Danaradja, Kalunta, Daradasih, Géndjonggoling, Gègèrsoré, Menjankobar, Madukotjak, Onang-onang, Élingéling-kasmaran lsp.
- III. Patet manjura: Lambangsari, Gandrungmangu, Dalangkerinan, Damarkèli, Montrokendo, Djakalola, Randanut, Prekututmanggung, Bambangwétan lsp.

B. Gending-gending pélog.

- I. Patet lima: Kombangmara, Rarandjala, Sawunggaling, Majangmekar lsp.
- II. Patet nenem (bem): Gondjanganom, Sarajuda, Kadukmanis, Mégamendung, Randukéntir, Rudjaksentul lsp.
- III. Patet barang: Maraséba, Muntjar, Larasmaja, Sriwida-da, Kuwung-kuwung, Bojong lsp.

7. Wataking gending, ana sing:

- I. Sigrak, kajata: Ladrang Diradameta, Ladrang Kagokmadura lsp.
- II. Lanjap (nanging alus): Ladrang Sriwibawa, Ladrang Tirtakantjana lsp.
- III. Anteng (ruruh lan alus): Ladrang Gondjang-gandjing, Ladrang Kembangtandjung lsp.
- IV. Trenjuh: Ladrang Tlutur, Ladrang Éling-éling-kasmaran lsp.
- V. Getjul: Ladrang Mandraguna, Ladrang Gégot lsp.
- VI. Lega lan gembira: Ladrang Pangkur (sing dikébaraké), Ladrang Asmaradana (sing dikébaraké) lsp.

8. Sarèhné wataké gending iku ora pada baé, panganggoné ija béda-béda. Malah ana gending sing panganggoné wis tar-tamtu, kajata:

- a. Gending-gending sing dianggo talu:
 - I. Tjutjurbawuk,
 - II. Paréanom,
 - III. Ladrang Srikaton,
 - IV. Ketawang Suksmailang,
 - V. Ajak-ajakan manjura,
 - VI. Srepegan manjura,
 - VII. Sampak manjura.
- b. Gending-gending kang kanggo djedjeran, jèn djedjeré:
 - I. Btr. Guru, gending Kawit.
 - II. Nata Amarta, gending Kawit (gending-gendèr).
 - III. Nata Astina, gending Kabor.
 - IV. Nata lija-lijané, gendingé kena krawitan baé.
- c. Gending-gending sing dianggo ngurmati tamu, jèn tamuné:
 - I. Nata Amarta sakadangé, gending Ladrang Mangu.
 - II. Nakula déwé (Sadéwa déwé), gending Ladrang Kembangpépe.
 - III. Baladéwa, gending Ladrang Diradameta utawa Ladrang Sobrang.
 - IV. Djanaka, gending Ladrang Srikaton.
 - V. Lan lija-lijané.

d. Gending-gending tartamtu lija-lijané:

- I. Gending Kodok-ngorèk, kanggo temuné pangantèn.
- II. Gending Bojong, djogèdé pangantèn lanang (ing tajub).
- III. Gending Gangsaran, suwuk dadi Ketawang Pisang-bali, kanggo nabuhi gladèn perang utawa beksan wirèng.

9. Golong-golongané gending ana warna lima, jaiku:

- I. Gending gedé: ketuk 4 kerep, sakenongan 32 tutukan, kenong 3 (papaté bareng karo gong).
- II. Gending tengahan: ketuk 2 kerep, sakenongan 16 tutukan, kenong 3 (papaté bareng karo gong).
- III. Gending ladrangan: ketuk 2, sakenongan 8 tutukan, kenong 3 (papaté bareng karo gong).
- IV. Gending ketawangan: ketuk 2, sakenongan 8 tutukan, kenong 1 (loroné bareng karo gong). Ketawangan-tjilik nganggo kempul, ketawangan-gedé tanpa kempul.
- V. Gending lantjaran, jaiku sakabèhé gending sing panabuhé rikat (seseg), kajata: Kebogiro, Béndrong, Manjar-sèwu lsp.

10. Mérong, iku lelagoning gending kang durung munggah utawa durung mundak ketukané. Upamané gending Gambirsawit, manawa durung munggah mawa ketuk 2, jèn wis munggah bandjur mawa ketuk 4.

Mérong iku uga kena ditembangi (Ndelenga katja 43 gérong Djurudemung).

11. Buka.

Manawa ora dibawani nganggo tembang, gending iku dipurwakani nganggo buka. Sing dianggo murwakani (mbukani) gending, sing adakan déwé rebab.

Tabuhé rebab arané kosok. Bebasan „ora angon kosok”, tegesé lugu: ora nggatèkaké tabuh rebab. Maksudé: ora nggatèkaké uniné rebab sing dianggo mbukani gending, ndjalari kliruning panabuhé gamelan. Upamané: rebab muni patet sanga, salah-sidjiné nijaga ana sing nabuh patet manjura. Hla kliru, marga ora nggatèkaké uniné rebab sing dianggo mbukani. Surasané bebasan iku: ora ngélingi wektu.

12. Umpak-umpak, iku lelagoning tetabuhan ing salebaré buka (*) Umpak-umpak iku lumrah ditembangi, nganggo tjakepan parikan utawa wangsalan.

13. Gérong, lelagoning tembang kang binarung ing gending. Gending iku murih mujek lan gajeng, kudu digérongi lan disenggaki.

(*) utawa salebaré bawa.

Bakuning gérong iku ing salebaré umpak-umpak. Déné senggakan iku unèn-unèn saketjap utawa luwih kang sumela ing tengah-tengahé tjakepan gérong.

Sing adakan dianggo nggérongi gending iku tjakepané tembang Kinanti utawa Kinanti-djugag. Ja ana gending kang digérongi nganggo tjakepan tembang saljané Kinanti utawa Kinanti-djugag, kajata nganggo tjakepané Sinom. (Ndelenga tulada katja 44).

14. Gérong luwih saka sawarna.

Sawenèhé gending kena digérongi nganggo tjakepané tembang luwih saka sawarna; kajata gending Puspawarna kena digérongi nganggo tjakepan Kinanti bebarengan karo tjakepan Kinanti-djugag. Mung baé wiwité tjakepan Kinanti kudu luwih disik, sabab isiné tjakepan iku luwih akèh (dawa) tinimbang tjakepan Kinanti-djugag. (Ndelenga tulada katja 57).

15. Sindénan, iku lelagoning pasindèn (waranggana) kang binarung swaraning pradangga.

Murih saja mundak mujek lan gajengé, kadjaba digérongi lan disenggaki, gending iku nganggo disindèni. Mung gending sing dianggo manembrama, ora lumrah disindèni lan disenggaki. Généja?

Sing nggérong iku lumrahé para nijaga, sing njindèni waranggana. Pasindèn (waranggana) wiwité nembang luwih kari tinimbang nijaga, nanging tumekané andegan, swarané pasindèn lan swarané nijaga bisa mak-„sreg” bebarengan mandeg. Pepindané, pasindèn karo nijaga iku kaja ojak-ojakan. Nijaga mangkat disik, pasindèn nusul (nututi). Tekané ing panggonan kang ditudju (gong) nunggal wektu, mak-„sreg” bebarengan mandeg. (Ndelenga tulada gérong Sinom Paridjata katja 54-55).

16. Gending mawa pedotan.

Gending iku ana sing sok dipedot utawa lèrèn sadéla, prelu diselani tembang sing saèmper bawa. Sarampungé tembang sing dianggo njelani, bandjur wiwit gending iku manèh. (Ndelenga tulada gending Brondongmentul lan Prekututmanggung katja (58-62).

17. Wiwité mumbul banget kagunan gending Djawa ing djaman K. Sultan Agung. Manut buku babad tanah Djawa, para narpa-wandawa (putra-sentana Ratu) pada diwadjabaké kané K. Sultan Agung surasané mangkéné: „Manawa ana putrasentananingsun kang ora wasis ing kagunan gending, ingsun djabakaké darah Mataram”.

Buku Sastragending iku karangané K. Sultan Agung. Ing ngisor iki ana tjuplikané:

SINOM.

- I. Tan paé rarasing djiwa, renggan wiramaning gending, kinarja angimpun basa, memanisé dèn reksani, lamun bubrah kang gending, sastra ngalih raosipun, kang tumrap ing pradangga, swara nrus pinres ingèsti, manrus kongas ruming langen aleng-lengan.
- II. Kalengkanirèng swaréndah, sarantjak pineta ngèsti, ngèsti kabèh ing panunggal, linangsuksma sarasaning, pranata wus lir djati, marma sagung trah Matarum, dèn putus ulah raras, sasmita sandining Kawi, lawan Kawi kang tumrap sandining sastra.
18. Tulada gending sawatara.

PANGKUR-PALARAN, SLÉNDRO PATET SANGA.

(Tjéngkok warna loro).

Tjéngkok I. 2 2 2 2 2 1.235 5i65 52.3216Tjéngkok II. 2 2 2 2 2 1.235 2 2.16

Mangkono ngèlmu kang nja- ta,

I. 6 6 6 6 6 6 6 6i 6.5 1 2.321II. 2 2 2 2 2 2 2 1 1.2 6 1.65

sa-nja-ta-né mung wèh resep- ing a- ti,

I. 5 6.i i i 5 i.65 i 2.32.iII. i 2.32i i i i i2i.65 i 2.32 i

bu- ngah i-nga-ran- an tju- bluk,

I. 2 2 2 i i.232 i65 52.3216II. 2 2 2 23 i.232 62i65 2.1.6

su-kèng tyas jèn dèn i- na,

I. 2 2 2 2 i i 2 6.i 5 35 3II. 2 2 2 2 2 2 2 2 23 i2 6.2i65

no-ra ka-ja si pung-gung ang-gung gu- mung-

5.3212.321

gung,

I. i i i i i 5.6i232 i65 52.3216
 II. i i i i i 6.i2 i65 2.1.6
 u-gung-an sa-di-na- di-na,
 I. 5 5 5 5 56i 5 3.21 6.5
 II. 3 3 3 3 3 2.35 3.21 6.5
 a- dja mang-ko-no wong u-rip.

(Tjakepan Wédutama)

GÉRONG SINOM-PARIDJATA (SLÉNDRO PATÉT 9).

i 2 2 | 2 .6 6 2 i | 6 03 56 353 | 2 .6 i2 6.i6 | 5
 bigra kang ba- la tu- mi- ngal, a-tjam-puh sa- mja me- dal- i,
 0 5 5 6 | i.6i 2.i5 2 231 | 6 .0 2 2 23 | 1 .6i 21 6.i6 | 5
 lir tatit wi- leting gan-da, danjang gung ma-ngun-tjang ni- ti,
 0 2 2 | 2 .3 5 5.63 | 2 06 12 6.i6 | 5 .23 53 2.32 | 1
 béndjang Sang ngadji mi- djil, la- ti- nja me- dal- i wu- wus,
 0 5 6 | i.6i 2.i5 2 231 | 6 0 02 2 . 23 | 1 .6i 21 6.i6 | 5
 ku-ta Su- ra-wi-la- ga, ka-ja bu- ta si- nga war- gil,
 i2 2 2i6 | i .65 2 2.31 | 6 .23 53 2.32 | 1.
 pastidjanga den-da- nja ma-ngam-bak ba- ja.

Tjakepan tembang ing duwur iku isi tjangkriman. Kapriyé batangané, wis katerangaké ana ing buku djilid I tjap-tjapan kaping papat bab XIII katja 86.

III. Sindénan Sinom-paridjata, sléndro patét sanga.
 (Sing arang-arang iku titilaras gamelan, sing kerep titilaras tembang.)

i i	i 3 2 i	6 3 5 3	2 . 1 6	5	
ii26 562	i . 22 2.22 26	2.16	.222 2ii2 6.16	5	Gong.
2 .	1 3 2 1	6 . 2 .	1 . 6 .	5	
	.222 2 23 2i65	2.16	.56i 6i55 565	32	Gong.
2 .	2 3 5 3	2 1 1 6	5 2 3 2	1	
	.333 556i 5.65 3232		.222 2ii2.6i6	5	Gong.
6 2	1 5 2 1	6 . 2 .	1 . 6 .	5	
	.222 232 . i65 2.16		.666 66i5.12i	65	Gong.
6 1	5 2 3 2	1 5 2 1	6 2 3 2	1	
	.22 2.32 i.23 2 i65 2 532i	6.2 35 2.32		1	Gong.

Saking kereping titilarasé, sindénan ing duwur iku nganti ora bisa diisèni tjakepan. Tjoba isènana nganggo tjakepané tembang Sinom kang kasebut ing Gèrong Sinom-paridjata, saben titilaras sidji, sawanda; mung titilaras kang sangisoré nganggo garis panggandèng, saben sagandéngan isènana sawanda. Titilaras sapuluh kang wiwitan, kang mawa garis panggandèng dawa, isènana „Ing-ing ampas tjao kolang-kaling”, utawa „Ing-ing krambil bolong pangan badjing”.

IV. MIDJIL (LARASATI), SLÉNDRO PATET 9.

6 5 . 5 6 1 2 5 3 1 6 2 1 6 5

Powak, kaki Kreta tuku tiké takon toko

6 5 . 5 6 1 2 5 3 1 6 2 1 6 5

Powak, nunggang krèta mudun kreteg Kretasana,

6 5 . 5 6 1 2 ..

Powak, kaki Kreta

6 65 56i 6 . i6 5 i2 6 i 2.6i 5 56 6i i .

Duh bi-jung mban (é-la- é- lo) wajah a- pa i- ki,

6 5 6 i . 5 i 2 i 5 3 2 . i 23 i 5 i6 5

(é- la- é- lo sa- i- ki wis djam pira) rembu-lan wus nga-jom,

$\dot{2} \ \dot{3} \ \dot{2} \quad i \ 6 \ 5 \ i \ \dot{2} \ \underline{5i \ 6i56i2} \ \underline{i65} \ 2 \ 3 \ 5 \ \underline{2321} \ 6$
 (tjlong-kiatjlong banjuné) ing ga-ga- na trang a-bjor lin-tangé,
 $1 \ 1 \ 1 \ 1 \ 1 \ 1 \ 1 \ 6 \ 5 \quad 5 \ 6 \ i \ 5$
 (dja-é dja-é dja-é la- os-é. dja la-li lo)
 $1 \ 6 \ \underline{51} \ 1 \ 2 \ 3 \ 5 \ 2 \ \underline{321} \ 6 \ 5 \ 6 \ 1 \ 2 \quad 2 \quad 2 \quad 2$
 ti- ti so- nja pus- pi- ta ka- si- lir (a-dja mrengut-ngut-ngut-ngut)
 $5 \ 6 \ 1 \ 2 \ 2 \ 2 \ 2 \quad i \ \underline{23} \ i \ 5 \ \underline{i6} \ 5$
 (no- ra pa- tut- tut- tut- tut) ma- ru- ta ris ké- ngis,
 $5 \ 5 \ \underline{32} \ \underline{3.5} \ \underline{13} \ 2 \quad \underline{616} \ 5$
 sumrik nggan-da (ngganda) a- rum.

Tembung-tembung utawa ukara kang dikurung ing duwur iku kalebu golongané senggakan.

Ukara-ukara endi sing mudjudaké tjakepané tembang Midjil?

V. Gending nganggo bawa mawa djineman.

Bawa tembang gedé Tjitramengeng (6 + 6) × 2 × 2, sl. pt. 9 kanggo mbawani gending langgen-gita.

$\underline{\dot{2} \ \dot{3} \ i \ \dot{2}} \ 6 \ i \ 5 \ \underline{6 \cdot 532 \cdot 356 \cdot 12}$
 Ri Sang Ma-ha-jek- ti,

Djineman { $\underline{6 \cdot 15} | 2 \ \underline{6 \cdot 1} \ \underline{21} \ \underline{6 \cdot 16} | 5 \cdot 0 \ \underline{23} | 2 \ \underline{3} \ 5 \ \underline{2 \cdot 1} | 6 \cdot 0$
 sa- wus-ing sa- ma- di, munggwing patjra bakan,
 $\underline{2 \cdot 35} | 1 \ \underline{23} \ \underline{21} \ \underline{6 \cdot 16} | 5 \cdot 0 \ \underline{23} | 1 \ \underline{2} \ 5 \ \underline{65} \ \underline{3 \cdot 26} | \underline{6i \ 56} \ i \ \underline{2}$
 da- ngu a- ni- ngal- i, widjiling sa-sang- ka
 $\underline{15} | 2 \ \underline{6 \cdot 1} \ \underline{21} \ \underline{6 \cdot 16} | 5$
 ee-king gzaning ar- di,
 $1 \ 1 \ 5 \ 61 \ 12 \ 2 \quad 61 \ 1 \ 35 \ 21 \ 616 \ 5$
 ka-re-nan tyas-i-ra, a-lon a-ngan-di- ka

Umpak² :

.561 2222 2112 | 1 .123 2222 2121 | 6 .612 2322 3321 | 2 .221 6666 6116 | 5
.561 2222 2112 | 1 .123 2222 2121 | 6 612 2322 3321 | 2 .235 6661 6616 | 5

Gérong :

5.61 5 5.16 | 5 5.23 5 65 | 5 .2 2 21 | 6 15 65 326 | 6
 (Ajokantja sukasukalangen swara) Siswa ka-pwa le-la-ngen ing dja-ba,
6.15 6 61 | 1 61 2 6.16 | 5 .2 2 21 | 6 15 65 353 | 2
 (Dametua) pa-dang bu-lan ri se-deng-i-ra pur-na-ma
 1 .56 | 1 3 56 | 2 .2 6 212 | 1 .23 2 616 | 5
 i-ku jo gja ma-ngénggar-éng-gar-ing dri-ja.

Pènget:

Tjakepané gérong Langen-gita ing duwur iku kalebu Kinanti-djugag.

VI. Gending mawa gérong warna loro.

Bawa tembang gedé Mintadjiwa (8 + 8) × 2 × 2, sl. pt. Manjura ;
 katampan gending Puspawarna.

(Tjakepan gérong Kinanti lan Kinanti-djugag).

6 6 1 1.612 6 6 3.561.65 3.532 6 6.12 6.53 5.356 2 2 2.3532 16
 Sri a- ra- ras se- kar tun- djung, tra-té tu- wuh tengah wa- rih.
 6 6 1 2.123 1 12 6.21 6. 6 6.12 6.53 5.356 2 2 2.3532 16
 Li- nu- ri mjang pi- ni- la- la, le- la- ngen- é pra ma- har- si.
 3 3 3 3 3 2.356 3 6.5321 6 6.12 6.53 5.356 2 2 2.3532 16
 Da- dya lambang pra- lam- pi- ta, ta- pak ta- bet- ing pam- bu di.

$\underbrace{23\ 3\ 3\ 3}$ $\underbrace{2.356}$ $\underbrace{3.53}$ $\underbrace{2.1}$ 1 $\underbrace{12}$ $\underbrace{235}$ 3 $\underbrace{12}$ $\underbrace{23}$ $\underbrace{121}$ 6
 Tinar-bu-ka ing ku- mu- da, la-gja mè-dem né- ka war- na.

Umpak² × 2

$\overline{\overline{.661}}$ $\overline{\overline{2222}}$ $\overline{\overline{2212}}$ | 3 $\overline{\overline{.333}}$ $\overline{\overline{2222}}$ $\overline{\overline{2212}}$ | 1 $\overline{\overline{.123}}$ $\overline{\overline{3333}}$ $\overline{\overline{3321}}$ | 2 $\overline{\overline{2.232}}$ $\overline{\overline{1111}}$ $\overline{\overline{1121}}$ | 6

Kembang mlati warna pèni ngganda wangi, watak putri taberi gemi nastiti.
 Kembang tjengkèh ngganda sedep warna anèh, wong sing sumèh tartamtu mitrané akèh.

Gérong warna loro.

$\overline{.6}$ $\overline{6\ 62}$ | 2 $\overline{.3}$ 3 $\overline{1\ 32}$ | 1 $\overline{.1}$ $\overline{23}$ $\overline{1\ 26}$ | 5 $\overline{.6}$ $\overline{6\ 12}$ $\overline{65}$ | 3
 I. Pa-da-gu lang-en ing kal- bu, ing sas- mi- ta a- mrih lan- tip,

II. Kem-bang ken- tjur, ka- tjar- jan ang-gung tji- na- tur,

$\overline{.6}$ $\overline{6\ 1}$ | 2 $\overline{36}$ 3 $\overline{3532}$ | 1 $\overline{.3}$ $\overline{3.56}$ | 2 $\overline{.35}$ 3 $\overline{1.21}$ | 6
 I. a-dja pi- djer ma-ngan nèn- dra, ka-prawi- ran dèn ka- ès- ti,

II. sè- det kang sa- ri- ra, gan- des jèn wi- ra- ga,

$\overline{.3}$ $\overline{3\ 5}$ | 3 $\overline{.5}$ 6 $\overline{3532}$ | 1 $\overline{.3}$ $\overline{3.56}$ | 2 $\overline{.35}$ 3 $\overline{1.21}$ | 6
 I. pe- sunen sa- ri- ra- ni- ra, tje-gah da-har la- wan gu- ling

II. kè- wes jèn ngan- di- ka, a- nge- nga- njut dji- wa.

Pènget :

Gérong I (Kinanti lumrah), sarèhning guru-wilangané luwih akèh, wiwité nggérongaké kudu luwih disik; gérong II (Kinanti djugag), wiwité luwih kari.

VII. Gending mawa pedotan.

Bawa tembang gedé Mustikèngrat (4 + 4 + 7) × 2 × 2, sl. pt. 9; ketampan gending Brondongmentul mawa pedotan.

$\overline{2}$ $\overline{12}$ $\overline{615}$ $\overline{3.2}$ $\overline{616}$ $\overline{5.612}$ $\overline{615}$ $\overline{6.532}$ 2 $\overline{235}$ $\overline{5.612}$ $\overline{6152}$ $\overline{1.6}$ $\overline{612}$ $\overline{1.6}$

Musti- kèng- rat, pur- wa- ka- ning, pra u- lah ka- ra- wit- an-

$\overline{2}$ $\overline{1.235}$ 2 $\overline{53.216}$ 5 $\overline{16}$ $\overline{12}$ 6 5 $\overline{32}$ $\overline{235}$ 1 1 $\overline{12321}$ $\overline{6.5}$

Ing na- ga- ri, Su- ra- kar- ta, kang mar- di la- gu sa- mja.

2 2̇1̇ 1̇2̇1̇6̇ 1̇2̇.1̇6̇5̇ 5 5.6̇1̇2̇ 6̇1̇6̇5̇1̇ i 5 1 2 6̇1̇5̇ 5̇3̇2̇ 5 6.5̇3̇2̇
 Dèn pe- pu dji, sam- ba- da- a, ka-si-dan-ing pa- ras- dya.
 2 16 2 3.2̇1̇6̇ 5 5̇3̇2̇ 5 6.5̇3̇2̇ 6 12 1 23 21 6̇1̇6̇ 5
 Mjang bi- sa me- ma- ju * lu- hur, ring nu- swa Dja- wa sa- mja.

UMPAK-UMPAK.

(Dadi wis salebaré bawo utawa buka).

2 1 23 | 2 2 1 5.61 | 6 5 6 1 | 2 1 6 16 | 5
 É-ka- pra- ja sa- juk ru- kun, sa- jek- ti kar- ja san- to- sa.
 2 1 23 | 2 2 1 5.61 | 6 5 6 1 | 2 1 6 16 | 5
 É-ka- pra- ja sa- juk ru- kun, sa- jek- ti kar- ja san- to- sa.

GÉRONG.

05 6 2.32 | 1 5 6 6.161 | 1 5 6 1 | 2 3 5 5.61 | 6
 Pinggir sen- dang a- na ga- dung, rumambat ing kla- pa - ga- ding,
 . 06 6 6 | 12̇ 23̇ i 5.35 | 3 2 .2 22 | 35.5 53 3 5 | 3
 pinén- tjok- an ma- nuk po- dang, sa- djodo tan a- na tan- ding,
 . 03 3 3 | 56.61 5 253 | 2 1 6 1 | 2 .61 12 6 16 | 5
 djroning ge- dong a- na én- dang, Sum- ba- dra la- wan Sri- kan- di.

Sawisé tekan kéné (bakda gong, nanging dudu gong-suwuk),
 wiwit umpak-umpak manèh, nanging durung nganti tekan ing
 sarampungé umpak-umpak bandjur dipedot.

Mangkéné:

2 1 23 | 2 2 1 5.61 | 6 5 6 1 | 2 1 6 16 | 5
 É-ka pra- ja sa- juk ru- kun, sa- jek- ti kar- ja san- to- sa.

2 1 23 | 2 2 1 5.61 | 6 (Pérangan wekasan iki ngelik).
 É-ka pra- ja sa- juk ru- kun Tekan kéné gending dipedot,
 mandeg lan diselani tembang Pedotan-Brondongmentul. Saram-
 pungé tembang Pedotan-Brondongmentul bandjur wiwit gending

Brondongmentul lan kawiwitan saka umpak-umpak. Wondéné laguné tembang Pedotan-Brondongmentul ndelenga Ngénggréng-an Kasusastran Djawa I tjap-tjapan kaping IV katja 120.

Tulada sidji engkas gending Prekututmanggung mawa pedotan, nganggo bawa tembang tengahan Kenja-Kediri.

Bawa tembang tengahan Kenja-Kediri, sl. pt. manjura.

12u, 8i, 12u, 12u, 12u, 8a, 8i, 7u, 8i,).

3 2.16 1 2.123 3 3 32 1.23 61 5.653 6 1.653
 Sap- ta tja- tur . Sang Ku- su- ma pus- pa lu- lut,

2 2 2 2 2 1.23 12 1.216
 tu- lus- a a- sih mring da- sih,

3 3 3 3 2 2 3 1.2 6 5.32.356 6 1.653
 ka- lembak geng pan- da- ja tu- mrap- ing ra- nu,

1 23 12 1.6 6 6 6 6 53 56 2.532 1.216
 ing- kang tan- sah ka- sang- sa- ja gung wu- la- ngun,

3 2.16.356 353 2.321 6 6 6 6 6.12 6.35 2532 1.6
 a- duh ba- bo Sang lir ret- na dji- wa- ning- sun.

Djineman

6 12 1 3 53 | 2 3216 3 3532 1
 Ba- jem ar- da dje- nang sé- la,

3 3 35 | 2 12 3 1.21 6
 an- teng djet- mi- ka mrak- a- ti.

6 1 1.612 6 3 35 3.532
 Ba- ja ta ti- tis- i- pun,

1 12 23 3 12 23 232 1
 Dyah a- ju Ke- nja- Ke- di- ri.

Katampan gending Prekututmanggung, sl. pt. manjura.

Umpak²

$\overline{3}$ $\overline{5}$ $\overline{6}$ $\overline{1}$ $\overline{2}$ $\overline{6}$ $\overline{6}$ $\overline{1}$ $\overline{6}$ $\overline{2}$ $\overline{6}$ $\overline{3}$ $\overline{1}$ $\overline{2}$. $\overline{6}$ $\overline{3}$
 A- jo pa- ra kan- tja sa- i- jeg sa- é- ka pra- ja nggilut
 $\overline{5}$ $\overline{3}$ $\overline{6}$ $\overline{1}$ $\overline{2}$ $\overline{1}$ $\overline{6}$ $\overline{3}$ $\overline{5}$ $\overline{3}$ $\overline{6}$ $\overline{5}$ $\overline{3}$ $\overline{6}$. $\overline{1}$ $\overline{2}$
 bu- da- ja Dja- wa mjang nggegu- lang la- ngenswa- ra, bi-
 $\overline{1}$ $\overline{3}$. $\overline{2}$ $\overline{1}$ $\overline{2}$ $\overline{3}$ $\overline{2}$ $\overline{1}$ $\overline{6}$ $\overline{3}$ $\overline{3}$ $\overline{5}$ $\overline{3}$ $\overline{2}$ $\overline{1}$. $\overline{3}$
 na- rung swa- rèng pra- dang ga, kang
 $\overline{5}$ $\overline{6}$ $\overline{1}$ $\overline{2}$ $\overline{6}$
 su- pa- ja ra- mja.

Gérong

$\overline{3}$ $\overline{3}$ $\overline{3}$ $\overline{5}$ | $\overline{2}$. $\overline{5}$ $\overline{6}$ $\overline{6}$ $\overline{1}$ $\overline{6}$ $\overline{5}$ | $\overline{3}$. $\overline{6}$ $\overline{6}$ $\overline{1}$ | $\overline{2}$ $\overline{1}$ $\overline{2}$ $\overline{3}$ $\overline{2}$ $\overline{6}$ $\overline{3}$ $\overline{3}$ $\overline{5}$ $\overline{2}$ | $\overline{1}$
 Da- di- a la- ku- ni- rè- ku, tjegah da- har la- wan gu- ling,
 $\overline{3}$ $\overline{3}$ $\overline{3}$ $\overline{5}$ | $\overline{2}$. $\overline{1}$ $\overline{2}$ $\overline{3}$ $\overline{1}$ $\overline{2}$ $\overline{1}$ | $\overline{6}$. $\overline{1}$ $\overline{1}$ $\overline{1}$ $\overline{2}$ | $\overline{1}$ $\overline{2}$ $\overline{6}$ $\overline{5}$ $\overline{5}$ $\overline{6}$ $\overline{5}$ | $\overline{3}$ $\overline{5}$ $\overline{3}$
 a- dja pidjer su- ka- su- ka, a- nganggo- a sa- wa- ta- wis,
 $\overline{2}$ $\overline{2}$ $\overline{2}$ $\overline{2}$ $\overline{3}$ | $\overline{2}$. $\overline{5}$ $\overline{6}$ $\overline{6}$ $\overline{1}$ $\overline{6}$ $\overline{5}$ | $\overline{3}$. $\overline{3}$ $\overline{5}$ $\overline{3}$ $\overline{5}$ $\overline{2}$ $\overline{3}$
 a- la wa- tek- é wong su- ka, (dèn éling waspa- da)

Pedotan

$\overline{1}$ $\overline{1}$ $\overline{2}$ $\overline{1}$ $\overline{6}$ $\overline{3}$ $\overline{6}$ $\overline{1}$ $\overline{1}$ $\overline{2}$ $\overline{6}$ $\overline{5}$ $\overline{3}$ $\overline{2}$ $\overline{3}$ $\overline{5}$ $\overline{6}$ $\overline{6}$ $\overline{1}$ $\overline{6}$ $\overline{5}$ $\overline{3}$
 Tje- ki- krèk, pa- man da- gang ndang mu- lih- a,
 $\overline{1}$ $\overline{2}$ $\overline{3}$ $\overline{1}$ $\overline{2}$ $\overline{1}$ $\overline{6}$ $\overline{2}$ $\overline{1}$ $\overline{2}$ $\overline{3}$ $\overline{5}$ $\overline{2}$ $\overline{2}$ $\overline{2}$ $\overline{5}$ $\overline{3}$ $\overline{2}$ $\overline{1}$ $\overline{6}$
 ndang mu- lih- a, a- nak- mu dèn ka- ni- a- ja.
 $\overline{3}$ $\overline{3}$ $\overline{3}$ $\overline{3}$ $\overline{2}$ $\overline{2}$ $\overline{3}$ $\overline{5}$ $\overline{6}$ $\overline{3}$ $\overline{5}$ $\overline{3}$ $\overline{2}$ $\overline{1}$ $\overline{6}$ $\overline{6}$ $\overline{6}$ $\overline{6}$ $\overline{6}$ $\overline{6}$ $\overline{1}$ $\overline{2}$ $\overline{6}$ $\overline{3}$ $\overline{5}$ $\overline{2}$ $\overline{3}$ $\overline{2}$ $\overline{1}$ $\overline{6}$
 No- ra nda- dah no- ra ndu- lang, jèn ma- ti mé- lu ké- lang- an

($\overline{3}$ $\overline{5352}$ $\overline{3}$)

Po- ma ndang mu-lih- a.

$\overline{6}$ $\overline{6i}$ | $\overline{2.12}$ $\overline{3.26}$ 3 $\overline{6532}$ | 1

su-da pra- jit- na- ning ba- tin. (Bandjur wiwit umpak² manèh).

Tegesé tembung-tembung):

Sapta-tjatur = sawelas.

Kalembak geng = wit mresah.

Pandaja tumraping ranu = wisaja.

Puspa lulut = telasih.

Bajem arda = lateng.

Djenang séla = endjet

BAB VII. DJOGÈD LAN TONTONAN (SANDIWARA).

1. Djogèd utawa beksa, lénggot-bawa, krida-mataja, iku solah-bawa éndah kang binarung ing gending. Dadi, gending iku kadjaba kena digérongi uga kena didjogèdi.

Manut andarané wong sing wis djadjag kawruhé babagan djogèd, djogèd iku mawa paugeran „a s t a - s a w a n d a”, tegesé : paugeran 8 prakara, jaiku :

- I. Patjak, ukuran wates-watesé obahing kembangan. Endèk-
duwuré, amba-tjijuté lsp.
- II. Pantjad, djedjak-djangkahé sikil, kajata : sikil ora kena
djindjit utawa miring, manawa pantjèn ora samestiné
djindjit utawa miring; gonta-gantiné kembangan ora kena
kaku, kerikaten utawa kerindiken.
- III. Wilèt, obahing pérang-pérangané angka kudu éndah,
kajata : obahé gulu, pundak, tangan, sikil lsp.
- IV. Luwes, prigel lan éndah anengsemaké.
- V. Lulut, sakabèhé kembangan kudu maṭis lan maton.
- VI. Ulat, polatan kudu manis, tadjem, ndjatmika lan susila.
Ora kena klirak-klirik, liringing nétra kudu tumudju sikil,
tangan, dridji lsp.
- VII. Irama, kembangané kudu salaras karo ketuk, kenong,
kempul, gong, keprak lan keprak.
- VIII. Gending, djogèdé kudu salaras lan sadjiwa karo gending.
Liré : jèn gendingé sigrak djogèdé kudu gagah, manawa
gendingé alus djogèdé kudu ruruh.

Djogèd sing ora nglungguhi paugeran „Asta-sawanda” kase-
but ing duwur iku ora kalebu kagunan adi-luhung.

2. Kadjaba dipérang dadi **djogèd-wanita** lan **djogèd-prija**, **djogèd** iku isih akèh pepilahané, jaiku :

I. **Djogèd-wanita.**

- a. **Alus**, kajata **djogèdé badaja**, **srimpi**.
- b. **Prenès**, kajata : **gambjong**, **golèk**, **wajang**, **peñilan**, **topèng**, **bondan**.
- c. **Getjul**, kajata : **djogèdé Limbuk**, **Tjangik**, **emban**.

II. **Djogèd prija.**

- a. **Alus**, **ruruh**, kajata : **djogèdé Puntadéwa**, **Ardjuna**, **Abi-manju lsp.**
- b. **Alus-lanjap**, kajata : **djogèdé Kresna**, **Karna lsp.**
- c. **Dugangan-alus**, kajata : **djogèdé Gañutkatja**, **Setyaki lsp.**
- d. **Dugangan-agalan**, kajata : **djogèdé para rota-danawa**.
- e. **Getjul-alus**, kajata : **djogèdé Narada**, **Durna**, **Tjantrik**.
- f. **Getjul-dugangan**, kajata : **djogèdé Pétruk**, **Burisrawa lsp.**

3. Tontonan mawa **djogèd** kang disenengi déwé déning bangsa Djawa jaiku **wajang**. **Wajang** iku ana warna **pitu**, jaiku :

I. **Wajang-bèbèr**, olèhé mitongtonaké sarana **dibèbèr** (di-djèrèng), **tjaritané** kajata lelakoné **Djaka Kembangkuning** lsp.

II. **Wajang-purwa**, baboné **tjarita** saka buku **Mahabarata**, **Ramajana** lan **Kresnajana**. Ja **wajang-purwa** iku sing disenengi déwé déning bangsa Djawa.

III. **Wajang-madya**, kaja **wajang-purwa**, nanging **tjritané** wiwit saka **Prabu Gendrajana** ing **Astina** tekan **Lembu-subrata** ing **Madjapura**. Dadi, lakon-lakon ing **salebaré Prabu Parikesit**.

IV. **Wajang-gedog**, uga sok diarani **wajang-wasana**, njritakaké lakon-lakon ing **salebaré Lembu-subrata** tekan **Pandji Kudalaléjan** ing **Padjadjaran**, sing misuwur déwé lakon **Pandji Putra** (**Djenggala**).

V. **Wajang klitik** utawa **wajang-krutjil**, njritakaké lakon-lakon ing **djaman Padjadjaran** tekan **Madjapait** **Prabu Brawidjaja** wekasan, sing misuwur déwé lakon **Damarwulan** — **Ménakdjingga**.

VI. **Wajang-golèk**, njritakaké lelakoné **Wong Agung Ménak** (**Djajèngrana**).

VII. **Wajang-suluh**, tuwuhé ing wiwité **djaman kamardikan** (1946), nggantjaraké babad (sedjarah), maksudé dianggo nenangi semangating rakjat.

4. **Wajang-wong**, anané wiwit taun 1910, lakon-lakon kang ditjaritakaké pada karo lakon-lakon ing **wajang-purwa**, nanging **diringkes**. (Lakon kang dipitongtonaké ing **wajang-purwa** sadironé 9 djam, ing **wajang-wong** mung 3 djam).

5. **Badaja, srimpi**, ing djaman bijèn mung dipitongtonaké ana ing kraton Sala, kraton Ngajodja, pura Mangkunagaran lan pura Pakualaman. Badaja iku putri, ing kraton Sala lan Ngajodja tjatjahé 9, ing pura Mangkunagaran lan Pakualaman mung 7. Srimpi iku uga putri, tjatjahé mesti 4.

6. **Gambjong**, mung mitongtonaké djogèd (tanpa lakon), sing ndjogèd wanita, djogèdé ija diarani djogèd-gambjong. Djogèd-gambjong iku dèk djamah bijèn diarani djogèd-glondrong. Wité diarani djogèd-gambjong bareng ana wanita aran Gambjong kang wasis banget ndjogèd-glondrong.

Tjatjahé Gambjong ora mesti, panganggoné : tapihan mawa wiron (tanpa simparan), nganggo mekak utawa kembenan, nganggo sléndang (dudu sampur). Dadi tanpa klambi, tanpa djamang, tanpa irah-irahan.

7. **Wirèng**, mitongtonaké gladèn kapradjuritan, katindakaké déning prija utawa wanita, tjatjahé ora mesti. Wirèng iku ana sing diarani :

I. **Saritunggal**, sing ndjogèd wanita 1.

II. **Padmasari**, sing ndjogèd wanita 2 (panganggoné kembar).

III. **Tjatursari**, sing ndjogèd wanita 4.

IV. **Wirèng-Pandji**, sing ndjogèd prija 2.

V. **Wirèng-bandabaja** (bandajuda, bandawala), sing ndjogèd prija kembar 2 utawa 4.

8. **Petilan**, kaja wirèng, nanging mitongtonaké petikaning lakon, sing ndjogèd prija utawa wanita, utawa tjampuran. Petilan iku mawa antawatjana (guneman) lan nembang, wirèng ora.

9. **Bondan**, mitongtonaké senengé wanita kang mentas nglairaké anak. Panganggoné: tapihan wiron utawa mawa simparan, aklambi kotang, nganggo djamang utawa ora; tarkadang tanpa kotang, mung nganggo mekak utawa kemben. Ubarampéné: pajung, kèndi, bonékah. Nganggo tetembangan, dianggo kèndi, mitongtonaké kaprigelan. Sawisé rampung, kèndiné dibanting nganti ambjar, preluné supaja wong-wong sing pada nonton ngreti manawa iku kèndi lumrah (saka lemah).

10. **Golèk**, mitongtonaké kenja kang lagi nedeng birahi, tjatjahé sing ndjogèd ora mesti. Panganggoné: tapihan mawa simparan, klambèn, djamangan; jèn sing ndjogèd isih tjilik, olèhé tapihan mung nganggo sabuk-wala. Kena mawa tépas utawa ora; tanpa antawatjana, tanpa nembang.

11. **Langendrija**, jasané R. M. Tandakusuma (djamané M. N. V), mitongtonaké paprangan Madjapait — Blambangan mawa antawatjana awudjud tembang. Panganggoné mèmper wajang-wong.

12. **Langenwanara**, mitongtonaké lelakoné Ramawidjaja, sing ndjogèd prija lan wanita, wanitané mung Dèwi Sinta lan Tridjata (lan emban sawatara). Pandjogèdé sapérangan gedé djèngkèng. Panganggoné kaja wajang-wong, mung para wanara lan danawa topéngan. Sing ana Langenwanara dèk bijèn ing Ngajodja, sirnané dèk djaman Djepang.

13. **Pranasmara**, kaja Langendrija, nanging ora mung mitongtonaké paprangan Madjapait — Blambangan baé, uga lakon wajang warna-warna. Tjaritané Pranasmara kalebu wajang-gedog, Langendrija kalebu wajang-klitik; déné wajang-wong kalebu wajang-purwa.

14. **Topèng**, mitongtonaké lakon kang kasebut ing wajang-gedog, sing ndjogèd pada nganggo topèng.

15. **Lérok**, sing ana dèk bijèn ing Djawa-Wétan, mitongtonaké gunemané Besut, Man Djamina, mbakju Asmunah sakan-tjané. Mekaré tontonan Lérok bandjur dadi Ludrug.

16. **Ludrug**, asalé saka ing Djawa-Wétan, sing misuwur déwé Ludrug-Surabaja. Mitongtonaké tjarita warna-warna. Nganggo tetembangan, tjakepané tembang adapur parikan.

17. **Ketoprak**, tuwuhé ana ing Sala (taun 1920), nanging mekaré ana ing Ngajodja. Tekané saiki sing misuwur déwé ija Ketoprak - Mataram. Ketoprak iku mitongtonaké tjarita (dongèng) warna-warna, antawatjanané nganggo tembang lan gantjaran.

18. **Tajub**, ora mitongtonaké lakon utawa tjarita, mung mitongtonaké kaprigelan ndjogèd. Djogèdé wong sing duwégawé lan dajoh-dajohé, bebarengan karo waranggana (lèdèk). Jèn sing nganakaké tajub iku wong duwégawé mantu, pangan-tèné lanang ndjogèd disik déwé, gendingé Bojong.

Sirnané tajub ing djaman Djepang.

BAB VIII. S A N É P A.

1. Sadurungé ngrembug babagan sanépa, prelu njumurupi disik djinisé tembung sapuluh warna, jaiku :

I. Tembung aran.

a. Mawa wudjud: gebjog, adjug-adjug, gegaman lsp.

b. Tanpa wudjud: manisé, kaprawiran, piandel lsp.

- II. Tembung krija, kajata: adus, anguk-anguk, lelédang, ndengèngèk lsp.
- III. Tembung watak (kaanan), kajata: lantip, gumendung, arang-arang lsp.
- IV. Tembung wilangan, kajata: wolulukur, sakirna, domas, kapatsasur lsp.
- V. Tembung pangiket, kajata: lan, karo, wondéné, nanging, djalaran lsp.
- VI. Tembung sesulih, kajata: manira, pakenira, dèwèké, adimas lsp.
- VII. Tembung sabawa, kajata: lo, toblas, aduh, hus, horé lsp.
- VIII. Tembung antjer-antjer, kajata: ing, déning, saka, marang lsp.
- IX. Tembung panjilah, kajata: sing, kuwé, mau lsp.
- X. Tembung panerang-wasésa, kajata: nedya, lagi, durung, mèh lsp.

2. Tatumé arang krandjang. (Upamané tatumé Abimanju ing madyaning Baratajuda).

Manut djinising tembung, arang kalebu tembung watak, krandjang tembung aran. Dadi „arang krandjang” iku ukara pepindan kang dapukané saka tembung watak sinambungan tembung aran. Dapukané ukara pepindan „arang krandjang” iku kudu adjeg kaja mangkono, liré: ora kena owah, ora kena diganti tembungé salah-sidji. Dadi, ora kena upamané diowahi: arang kurungan, arang ri-durèn, awis krandjang lsp.

Unèn-unèn (ukara) „arang krandjang” iku diarani **s a n é p a**.

Dadi paugerané sing diarani **s a n é p a** iku ukara pepindan sing adjeg dapukané, kadadéan saka tembung watak sinambungan tembung aran.

Pènget:

- a. Arang wulu-kutjing, iku uga sanépa. Dudu owah-owahané sanépa „arang krandjang” sarana tembungé „krandjang” diganti tembung „wulu-kutjing”, dudu. Iku sanépa déwé kang béda tegesé karo sanépa „arang krandjang”. Béda kang disanépakaké. „Arang krandjang” iku sanépané tatu; wondéné „arang wulu-kutjing” sanépané utang.
- b. Mesti baé ana sing njebal saka paugeran ing duwur iku, kajata sanépa „pait madu” kena diganti „pait kilang” utawa „sepet madu”, tarkadhang „pait gula” utawa „pait djuruh”. Nanging sing apik déwé (sing luwih kerep keprungu) „pait madu”.

3. Barang kang disanépakaké iku kaanané ngungkuli utawa ngluwihi kaanané barang (tembung aran) kang kasebut ing wekasané ukara sanépa.

Mripaté krاندjang (bolongané) iku kerep banget. Nanging isih kungkulan kereping tatuné Abimanju; utawa: kereping tatuné Abimanju ngungkuli kereping mripaté krاندjang (bolongané). Kereping mripaté krاندjang ora sapiraa jèn ditan-ding karo kereping tatuné Abimanju. Sanadjan mripaté krاندjang iku kerep banget, marga kungkulan kereping tatuné Abimanju, mripaté krاندjang bandjur ditembungaké „arang”.

Madu, rasané manis; mandar manis banget. Èsemé wong kang ngénjutaké, upamané èsemé Rara Mendut, manisé prasa-sat ngungkuli rasané madu. Marga kungkulan manisé, rasané madu bandjur ditembungaké „pait”.

4. Unèn-unèn kang kalebu sanépa, kajata:

- | | |
|-------------------------|---------------------------------|
| 1. Arang wulu-kutjing. | Kèhing utangé. |
| 2. Anteng kitiran. | Polahé, rongèh banget. |
| 3. Duwur kentjur. | Dedegé. |
| 4. Wuled goḍong lumbu. | Kulité (ora nduwèni kasektèn). |
| 5. Atos debog. | Balungé (ora nduwèni kasektèn). |
| 6. Legi bratawali. | Rasané (ateges: pait banget). |
| 7. Peret beton. | Rembugé. |
| 8. Abot merang sebelah. | Boboté. |
| 9. Kuru semangka. | Awaké. |
| 10. Agal glepung. | Wudjudé. |
| 11. Londjong botor. | Plajuné. |
| 12. Londjong mimis. | Plajuné. |
| 13. Béndjo tampah. | Wudjudé. |
| 14. Bening leri. | Tjahjané. |
| 15. Djero tapak meri. | Kawruhé. |
| 16. Abang dluwang. | Tjahjané. |
| 17. Arum djamban. | Gandané. |
| 18. Abot kapuk. | Boboté. |
| 19. Sepet madu. | Swarané, pangandikané. |
| 20. Resik patjerèn. | Tembungé (olèhé ngunèn-unèni). |
| 21. Sigar semangka. | Pamaroné. |
| 22. Wutuh ajam. | Wadya-balané. |
| 23. Renggang gula. | Sesrawungané, tepungé. |
| 24. Kumepjur pulut. | Sesrawungané, tepungé. |

5. Sanépa iku panganggoné tarkadang disarodja (dirangkep), kajata sanépa „renggang gula” pada karo „kumepjur pulut”, sidji-sidjiné njanépakaké „sesrawungan kang raket”. Kanggo mbangetaké surasa, sanépa loro iku lumrah dianggo bebarengan, dadi muni: renggang gula, kumepjur pulut.

6. Kedjaba ana ing basa gantjaran, sanépa uga kerep tine-
mu ana ing basa kang sinawung ing tembang. Tuladane:

KINANTI.

..... Tut-runtut kumepjur pulut
jwa nganti benggang senjari
mimba mimi lan mintuna
widadaa slami - lami
tebiha rubed - rubéda
Sang pangantèn kakung-putri. (Pm).

BAB IX. UKARA SESUMBAR.

Sumbar (sesumbar), ateges : nglairaké tetembungan kang ngemu surasa nantang ngadu tyasa, ngadu kaluwihan. unggul-unggulan karosan, kasektèn lsp. **Disumbari**, ateges : ditantang ngadu tyasa, ngadu kaluwihan lsp. **Njumbari**, ateges : nantang ngadu tyasa lsp.

Ukara sesumbar iku lumrahé kautjapaké kanti santak (tar- kadang kawoworan tembung kasar); isi surasa ngepak kagunan utawa kadigdajane wong sing disumbari.

Tulada :

1. Jèn njata lanang, metua !
2. Ngadjak apa, pirang dina, dakladèni !
3. Ngadjak rupak, apa ngadjak djembar?!
4. Wah, ora djamak ! Sumbarmu kaja bisa mutung wesi gligèn ! Kaja lanang-lananga déwé ! Baja satjengkang mana kulitmu ! Madjua, daktètèr kaluwihanmu !
5. Jèn dakkedèpaké ora ilang, dakuntal malang mangsa ngambaha ing tjetak (kowé) :
6. Mlebua menjang lak-lakaning naga, mangsa wurunga karasa ing tanganku kowé !
7. Ndjerokna djagang, nduwurna kapurantjang ! Mangsa wurunga dakgawé karang-abang nagaramu !
8. Keriga satjindilé abang, tjaweta sawadoné !
9. Ampjaken kaja wong ndjala, krubuten kaja mendjangan mati !
10. Adja genti mara, barenga mara, ora-orané daktinggal mlaju !
11. Madjua sajuta ngarsa, sakeji wuri !
12. Kopat-kapita kaja ula tapak-angin, kekedjera kaja manuk brandjangan ! Daksaut daksabetaké prabatang, sirna-ilang kuwandamu.
13. Tumengaa ing akasa, tumungkula ing pratiwi, sambata mring sudarmamu !

14. Apa kang ana ing kowé, tibakna ! Daktamèngi dada ! (Apa kang ana ing kowé = kowé duwé gegaman apa baé).
15. Apa ora kulak warta adol prungon manawa (isiné djenengé wong sing sesumbar) sekti mandra-guna, ora tedas tapak-paluning pandé miwah sisaning gurénda. Bisa mrodjol ing akerep, bisa mandjing adjur-adjèr, mantjala putra mantjala putri.
16. Sumurupa ! Ja iki agul-agulé pradja (isiné djenengé nagara); tau-taté kramas obat, susur mimis.
17. Hèh ! Ora susah kowé ngungasaké kuwanèn ana ing nagara kéné ! Ing kéné enggoné wong sugih kuwanèn. Tjobatanen iki ! Ja aku suh-djedjeting pradja, sapukawat ing nagara kéné.

Danawa karo satrija.

1. Jèn kena dak-éman, balia !
2. Ora ana gawar, ora ana awer-awer, pagéné kowé ngalang-alangi lakuku ?
1. Bener kandamu, satrija ! Nanging sumurupa, endas buta pating djanggelek !
2. Endas buta daksampar daksandung, mangsa wurunga mawut-sirna !
1. Wé hla ! Babo, babo ! Ora kena ginawé betjik ! Wani kowé karo aku ? !
2. Jèn wedia, apa sing dakwedèni ? !
1. Kalah gedé tinimbang aku !
2. Ora ana satrija nempiling buta ndadak nganggo antjik-antjik.
1. Kalah sekti, kalah djapa-mantra !
2. Ora watak satrija maguru marang buta, kepara ngujang-aké !

Ukara sesumbar kerep kamot ing kasusastran kang sinawung ing tembang.

Tuladané :

I. Putjung. (Abimanjukèrem, M. Soekir).

1. Sugal muwus, èh si Tirtajuda asu, teka nguman-uman, praduli apa sirèki, memalangi mring wong njudakké tambangan.
2. Adol gendung, bandjur nantang ngadjak gelut, apa Ranukarja, kokira kalamun wedi, wus sedengé wong lanang pada lèk sanga.

II. Pangkur (Parta-krama, R. Ng. Sindusastra).

1. Dènirarsa mangsulana, Wrekudara kroda sru turirèki, èh pambarep kadangingsun, adja mangsuli sira, ingsun ingkang mangsuli prakara iku, durung tutug wong Astina, nggoné ngadjak nora betjik.
2. Tekan si Bulé Mandura, wiwit milu-milu atining iblis, Djalitengé teka katut, jèn pareng karsanira, si Djanaka ingsun arak sésuk-ésuk, sarta sun pajungi gada, sun iring kaprabon djurit.
3. Pangantèné wadon kana, si Bulé kang amajungana bindi, kurang Kurawa kang wuwuh, kang ndjadjari gegaman, mring pangantèn sun tundjangé gandjuringsun, singa tiwas ing ajuda, kang raka datan nauri.

III. PANGKUR (sesumbaré Ménakdjingga).

Lah papak mangsa padaa, Damarwulan tangia sun antèni, iki Hurubisma Prabu, wong sekti mandra-guna, kalok ing rat pilih tanding jèn prang-pupuh, suramrata djajamrata, krubuten ingsun ing djurit.

Prelu disumurupi araning djedjeran ing kuwajangan lan araning paprangan ing sidji-sidjiné djedjeran.

Tjarita wajang saben salakon ana pitung djedjeran, jaiku:

- I. Djedjer kawitan, manawa ana perangé diarani perang rempak.
 - II. Djedjer sabrangan, mesti ana perangé, diarani perang simpangan (perang kadung).
 - III. Djedjer bondèt, perangé diarani perang gagal.
 - IV. Djedjer pendita (gara-gara), perangé diarani perang kembang, tegesé: perang sing dadi kekembangé (pepu-tjuké, bebukané) perang ing tjandaké.
 - V. Djedjer uluk-uluk, perangé diarani perang tjilik, tegesé: sing madju perang lagi para punggawa tjilik, pradjurit krotjo.
 - VI. Djedjer sumirat, perangé diarani perang tanggung, tegesé: sing madju perang lagi para punggawa (wadya-bala) tanggung, ratuning ala (jakséndra) durung ngetoni djurit.
 - VII. Djedjer rina-rina, perangé diarani perang brubuh, tegesé perang kang ndjalari akèh banget pepati. Nganti tekan ratuning ala (jakséndra), manawa ora mbabar warna kang sadjati utawa ora nungkul, ija tumeka ing pati.
6. Sadurungé tjampuh perang, wadya-bala pada patjak-baris. Wondéné araning gelaré baris, jaiku:

- I. Ngepung wakul mbaja mangap. Panatané wadya-bala awangun bunder ngubengi mungsuh, sapérangan ana sing ngrangsang (Indonésia: menjerang). Sing ngrangsang iku tataning baris awangun kaja angaping baja. (*)
 - II. Gelar tjakra. Patjak-baris awangun bunder-amba, dadi ing papan kang bawéra.
 - III. Garuda nglajang. Wanguné baris kaénta kaja manuk garuda kang lagi nglajang. Ana wadya-bala kang minangka tjutjuk, ana kang pineta swiwi kiwa-tengen, lan ana kang minangka buntut. Uga ana ing papan kang bawéra.
 - IV. Samodra rob. Panataning baris pineta ombaking samodra. Ana kang minangka pulo, ana kang minangka prauné. Wadya-balané akèh, pada ngrangsang bebarengan, dadi ija ana ing papan sing djembar.
 - V. Bradjasutiksna utawa bradjasutiksna lungid (tegesé: gegaman landep, panah landep). Panatané baris ing papan rupak (ora kobèt ngiwa-nengené), bisané mung ulah madju-mundur baé (kaja lakuning panah).
 - VI. Hardatjandra (ateges: rembulan gedé). Panatané baris awangun bunder, kaja gelar tjakra.
 - VII. Supit-urang. Panatané pradjurit pineta angganing urang; ana kang minangka supit kiwa-tengen, ana kang minangka awak lan buntuté.
7. Araning gegaman (keris) kang misuwur lan asmané Empu sing nggawé:
1. Keris Tjondongtjampur (pusaka Madjapait) gawéané Supagati.
 2. Keris Nagasasra (pusaka Madjapait) gawéané Supa-nom.
 3. Sangkelat (pusaka kraton wiwit kraton Demak) gawéané Djaka Supa (putrané Supadrija).
 4. Tjarubuk (wangkingan agemé Sunan Kalidjaga) gawéané Djaka Supa. (Djaka Supa iku dadi ipéné S. Kalidjaga).
 5. Djigdja, gawéané Empu Djigdja (putrané Supagati).
 6. Singkir, gawéané Empu Singkir (empu saka Madura).
 7. Tilam-upih, gawéané Djaka Supa nalika asma Empu Pitrang (ana ing Blambangan).
 8. Wasana prelu dikawruhi arané gegaman kang kasebut ing kuwajangan, kajata:

<ol style="list-style-type: none"> 1. Kalimasada — Punta-déwa. 2. Gada Rudjakpolo — Wrekudara. 3. Keris Kalanadah — Djanaka. 	<ol style="list-style-type: none"> 4. Keris Pulanggeni — Djanaka. 5. Panah Pasupati — Djanaka. 6. Panah Sarotamo — Djanaka.
---	--

(*) Mungsuhé ditembungaké „Kinepung wakul binaja mangap”.

4. **Kumurep ing abahan.** Tegesé lugu : kumureb ing gandjel pangetokan gulu. Maksudé : manawa nedya ditigas guluné, manut-miturut.
5. **Manglung djangga.** Tegesé lugu : ngulungaké gulu. Maksudé pada karo kumureb ing abahan.
6. **Kadjondjang sumangga asta, katuwek sumangga djadja, katigas sumangga djangga.** Maksudé : sanadyan nedya dikapakaké baé, manut-miturut.

Kadjondjang = diketok (tangan lan sikilé).

Katuwek = ditjubles nganggo gegaman lantjip alandep (dadané).

Katigas = diketok majat (guluné).

3. **Kasusastran sinawung ing tembang kang isiné ngemu surasa asrah djiwa-raga, kajata :**

I. Pangkur. (Pisambaté Ménakdjingga).

Damarwulan jèn sembada,
ing tyasira ingsun aminta urip,
teluk baé raganingsun,
ja lé ja nang mring sira,
ingsun manut-miturut marang sirèku.
apa sabarang rèhira,
sajekti ingsun lakoni.

(Lumrahé mawa lagu Pangkur Duda-kasmaran).

II. Maskumambang.

Putri Tjina gulangsaran kawlas-asih,
mara Kélaswara,
pedangen djuren wak mami,
ajwa andedawa wirang.

BAB XI. PRALAMBANG.

1. Bangsa Djawa misuwur sugih lambang (pralambang), pralampita, pasemon utawa prasemon, nganti ana tetembungan „wong Djawa enggoné semu”. Mungguh tjarané wong Djawa nggawé pralambang iku sarana barang, sarana gambar, sarana warna utawa sarana basa.

2. Pralambang awudjud barang, kajata :

A. Lambangé dukun.

Dukun kang sepi ing pamrih, kang ora ngalap opah utawa tindih, sing akèh-akèh peng-pengan. Tuladhané : 1 Swargi Dr.

Sasrakartana ing Bandung. 2 Swargi Kjai Bedor ing bawah Sala.

Dukun sing peng-pengan iku manawa ngandani marang wong sing minta-sraja tamba (saduluré wong sing lara), tarkadang mung nganggo pralambang wujud barang baé. Tuladané :

1. Adas pala-waras. Wong sing lara bakal waras.
2. Pupus gedang. Wong sing lara bakal mati, saduluré supaja mupus pepestèning takdir.
3. Lintingan tembako (rokok). Wong sing lara bakal dibungkus kaja wujudé lintingan tembako, marga wis madal tamba.
4. Djarit latar putih. Wong sing lara bakal mati (dibungkus mori, warnané putih).

B. Lambangé Adjar Subrata.

Adjar Subrata iku bésané Prabu Djajabaja Ratu ing Kediri, lan uga nunggal guru karo Sang Prabu. Manut buku **Praniti-wakya**, Adjar Subrata lan Prabu Djajabaja pada déné maguru marang **Maulana Ali Samsju Zain**, wong alim kang pinangkané saka **Rum-Turki** (dudu Rum-Itali).

Nalika Sri Djajabaja wis rampung panganggité **djangka**, nguntapaké konduré Maulana Ali Samsju Zain kanthi didèrèkaké putrané Sang Prabu asma Djajaamidjaja. Konduré Sang Prabu (lan Sang Pangéran) pinarak ing padépokané Adjar Subrata, disugata **barang warna pitu**, jaiku : kunir, djadah, geti, kadjar, bawang-putih, kembang mlati lan kembang sruni.

Pasugatan barang warna pitu kasebut ing duwur, déning Sri Djajabaja ginalih mengku pralambang kang bisa ndjalari retuning pradja, marga pantjéné durung wajahé kena diwedaraké, kudu isih winadi. Marga saka iku Adjar Subrata saputrané bandjur disédani déning Sri Djajabaja.

Mungguh sesuguh warna pitu iku sidji-sidjiné mengku pralambang mangkéné : (*)

1. **Kunir**, Rakjat (sadjoning pradja) ditarik mas (minangka padjeg), djamané aran **Anderpati**, rusaké pradja marga ratuné wawanan karo kadang déwé.
2. **Djadah**. Rakjat ditarik slaka, djamané aran **Radjapati Déwanata**, rusaké pradja marga ratuné wawanan karo putrané déwé.

(*) Tandjingen karo lambang djaman katja 78-80.

3. **Geti.** Rakjat ditarik bau-suku, djamané aran **Adijati**, rusaké pradja marga ratuné wawanan karo kang nggadhuh pangadilan.

4. **Kadjar** (bangsané lumbu). Rakjat ditarik wulu-wetuning bumi, djamané aran **Kaladjangga**, rusaké marga ratuné wawanan karo putra-angkat.

5. **Bawang-putih.** Rakjat ditarik réjal-salaka, djamané aran **Kalasakti**, rusaké marga ratuné wawanan karo radja-putra mungsuh sakutu.

6. **Kembang mlati.** Rakjat ditarik duwit, djamané aran **Kaladjaja**, rusaké marga ratuné wawanan karo bangsa mantja (bangsa sabrang).

7. **Kembang sruni.** Rakjat ditarik warna-warna (emas, slaka, wulu-wetuning bumi lsp), djamané aran **Hartati**, rusaké pradja marga wawanan karo maru.

II. Pralambang awudjud gambar:

A. Pralambangé napsu.

1. Gambar (wajang) **Dasamuka**, pralambangé amarah, jaiku napsu marang kamurkan.

2. **Kumbakarna**, pralambangé aluamah, jaiku napsu marang mangan-turu.

3. **Sarpakanaka**, pralambangé supijah, jaiku napsu marang asmara.

4. **Wibisana**, pralambangé mutmainah, jaiku napsu marang panggawé betjik, tindak adil.

B. Pralambangé pakarti.


1. Gambar (wajang) **buta** (sing mesti awudjud buta pratjoré, danawa rutjah) tangané tengen digéndonong (tumèmplèk ing geger). Dadi tangané tengen ora makarti, ora dianggo lambéjan; jèn mlaku mung alambéjan tangan kiwa. Iku pralambangé wong kang seneng laku ngiwa, lire: seneng nindakaké panggawé ala.

2. **Pendita**, tangané kiwa digéndonong. Manawa lumaksana, sing dianggo lambéjan mesti baé ja mung tangan tengen; mangkono uga sing dianggo makarti. Iku pralambangé wong **sutji**, seneng nindakaké pakarti betjik, panggawé luhur. Emoh laku ngiwa (ora tau tumindak ala). (*)

(*) Semar uga nggéndonong tangan kiwa.

C. Pralambang ngèlmu gaib (kasampurnaning pati).

Gambar Semar ing ngisor iki kadadéan saka ukara kang ti-
nulis ing sastra Djawa. Mara waspadakna, nuli watjanen!



Pamatjané mangkéné:

Baja sira arsa mardi kamardikan,
ajwa samar sumingkiring dur-kamurkan. (*)

Mardika, tegesé: ora kerèh. Nanging ingatasé ngèlmu gaib,
maksudé: ora kerèh ing kadonjan. Dadi, ateges: mardikaning
djiwa (suksma, njawa). Manawa djiwa utawa suksma (njawa)
wis mardika, mesti ora mangéran marang kadonjan, satemah
ora kalépétan dosa. Wong sing ora kalépétan dosa, matiné bisa
mati sampurna.

* Dadi maksudé pralambang iku mangkéné:

(*) Sumingkiring, ana sing matja „mring sukering”.

Manawa kowé nedya ngudi murih resiking djiwamu (ora kebanda ing kadonjan), adja samar marang bisané sirna durkamurkanmu. (Manawa pamardimu kanthi temen-temen, durkamurkanmu mesti bisa sirna).

D. Pralambangé nagara Republik Indonésia.

Pralambangé R.I. iku awudjud gambar **garuda**, mawa tjitra „**Bhineka Tunggal Ika**”. Garuda iku adegé mbegagah lagi mabar swiwi, sirahé méngo manengen. Ing dadané ana tamèngé mawa godagan lima. Godagan lima iku isi gambar endas-bantèng, wit wringin, pari, kapas lan lintang Nur-kuning (ing tengah bener). Wondéné maksudé sidji-sidjiné kasebut ana ing tjakepané tembang **S i n o m** ing ngisor iki. (*)

1. Kaga **Garuda** mbegagah, pralambangé nagri R.I., mustaka nolèh mring kanan, angantjas pakarti betjik, akalung ranté rukmi, tali tamèng wangun djantung, gumandul anèng dada, pita putih mawa tulis, tjinangkerem kentjeng ing tjetjekar mengkang.

2. Tulis kang tinrap ing pita, tuduh wasita wigati, pan „**Bhinnéka Tunggal Ika**” warna-warna nging manunggil, larpendjawat ing swiwi, pitulas jekti wèh tutur, tanggaling kamardikan, lar-buntut wolu winilis, wigatiné **Agustus** wektu gumrégah.

3. Tamèng agodagan lima, Pantjasila mralambang, rina-rengga gegambaran, endas bantèng ranté pari, kapas lintang Nur-kuning, miwah wit wringin ngrembujung, kabèh mawèh pralambang, Pantjasila kang linuwih, tetalesé amranata papréntahan.

4. Prasemoné **Ketuhanan**, lintang Nur-tjahja njunari, ginambar ing dasar kresna, **Karakjatan** dasar langking, gambar bantèng sinungging, warna ireng miwah pingul, **Kabangsan** adedasar, putih mawa wit waringin, ron ngrembujung dadya pangajoman rakjat.

5. Prasemon **Prikamanungsan**, mawa lambar dasar abrit, agambar ranté kantjana, mawa kluweng warni kalih, bunder miwah pesagi, ranté pralampita tuhu, mring sakèh sukubangsa, para warga nagri R.I., tita njata santosa dènnja memitran.

6. Dasar **Kaadilan Sosjal**, warna mulus memplak putih, apepaès pari-kapas, pranjata anjasmitani, gegajuhan kang inggil, mbangun pradja mamrih subur, makmur kasuwur mantja, gemah-ripah loh-djinawi, temah tata-tentrem kalis ing duskarta.

7. Blegéré gaga **Garuda**, kagambar ambabar swiwi, tjutjuk mantjas tjakar mengkang, buntut kabèh mralambang, tenaga

(*) Garuda méngo manengen, pralambangé ngantjas panggawé luhur.

kang njanggupi, mbangun pradja mrih linuhung, tamèng agaris malang, mralambanggi kendit-bumi, tanah tropen dunungé Indonésia. (Pm).

III. PRALAMBANG MAWA WARNA.

1. Abang pralambangé wani.
2. Putih pralambangé sutji.
3. Kuning pralambangé kaluhuran.

Tumrap bangsa kulonan: 1 Abang — wani. 2 Putih — sutji. 3 Kuning — geting. 4 Idjo — ngarep-arep. 5 Biru — setya-tuhu.

Tumrap kawruh kabatinan (ngèlmu gaib):

1. Abang — amarah (kamurkan).
2. Idjo (biru) — aluamah (mangan-turu).
3. Kuning — supijah (asmara).
4. Putih — mutmainah (sutji).

Tjundukna karo pralambang awudjud gambar, ing pérangan A.

IV. PRALAMBANG MAWA BASA (TEMBUNG).

Pralambang sing diwedaraké sarana basa (tembung) akèh banget. Tuladané :

A. Lambang utamaning watak lan tindak.

Pangkur.

Poma jwa nganti kawuntat, para prija mamrih utamèng urip, ngulatana nganti antuk, lima praboting gesang, jèku wisma tjuriga tan kena kantun, kukila miwah wanita, ganepé lima turanggi.

Katrangan:

Prija iku kudu ndarbèni wisma, tjuriga, kukila, wanita lan turangga. Maksudé:

1. Wisma (omah) iku sing dikarepaké bab „momoté”. Prija iku kudu asipat momot, liré: sugih pangapura. Tembungé sing luwih apik: sabar-maklum-momot-mengku.

2. Tjuriga (keris) iku sing dikarepaké bab „landépé”. Prija iku kudu landép ing budi.

3. Kukila (manuk), sing dikarepaké betjiking swarané (angguné), keprungu ngresepaké. Prija iku gunemé kudu alus angresepaké.

4. Wanita (wong wadon), sing dikarepaké bab „alusing solah-bawané”. Prija, tindak-tanduké kudu sarwa alus, sarèh angarah-arrah, ora grusa-grusu.

5. Turangga (djaran), sing dikarepaké bab „takad lan bandelélé”. Prija iku kudu takad lan bandel atiné.

B. Lambang djaman.

Lambang djaman iku jasané **Pudjangga**, awujud unèn-unèn kang ngemu surasa pepindan, mralambanggi kaanané djaman. Lambang djaman kang kerep keprungu ana warna **pitu**, jaiku:

1. **Anderpati Kalawisésa**, djaman Pedjadjaran.

Anderpati = ora wedi mati.

Kalawisésa = Btr Guru, Hjang Siwah.

Ing djaman **Pedjadjaran**, wong-wong (rakjat) pada ngrasuk agama **Siwah**. Olèhé pada ngrungkebi agamané kanti temen-temen, wani nglabuhi agama **Siwah** nganti tumeka ing pati.

2. **Radjapati Déwanata**, djaman Madjapait.

Radjapati = tembung sarodja ateges : ratuning ratu, ratu binatara. Dudu tembung „**radja-pati**” kang ateges : pepati kang amarga saka kerengan, tiba lsp., dudu.

Déwanata, uga ateges nata binatara (Indonesia : radja jang di-dewa²-kan).

Ing djaman **Madjapait**, sing djumeneng ratu prasasat déwa tumurun (kuwasa banget), djadjahané nganti tekan ing sadjabané Nuswantara.

3. **Adijati Kalawisaja**, djaman Demak.

Adijati = sujati = pendita linuwih. Sing dipepindakaké kaja mangkono jaiku para wali.

Kalawisaja = Btr Guru, ratuning Déwa. Iku pepindané Ratu Demak (R. Patah).

Ing djaman **Demak** kang djumeneng Ratu asipat Wali, djumenengé Ratu uga kanti bebantuné para Wali.

4. **Kaladjangga**, djaman Padjang.

Kaladjangga = Btr Asmara.

Ing djaman **Padjang** kang djumeneng Ratu (Djaka Tingkir) seneng ulah asmara. (Mestiné para najaka lan narapradja sarta rakjat ija ana sing tiru).

5. **Kalasakti**, djaman Mataram.

Kalasakti = Btr Wisnu, déwa kang awatak pradjurit, seneng memaju ajuning djagad.

Ing djaman **Mataram**, Ratu sakawulané pada seneng ulah kapradjuran.

6. **Kaladjaja**, djaman Wanakarta. Ana ing ngendi dunungé kraton Wanakarta, lan sapa sing djumeneng Ratu (asmané), isih dadi kekerané Déwa.

7. **Kalabendu**. Ora katjrita pralambangé djaman nagara ngendi lan sapa djedjuluké kang djumeneng Ratu.

Manut gotèké wong akèh, ing djaman **Kalabendu**, wong-wong akèh sing pada mangéran marang kadonjan. Pada awatak :

wani wirang wedi mati, ramé ing pamrih sepi ing gawé. Akèh durdjana-djuti, langka wong kang kena pinratjaja; ratjaké pada kegedèn mélik, pada kasinungan aklak rusak. Sing gemblung djinurung, sing murka katon mulja. Sing djudjur kodjur, sing nrima katoné tjilaka. Tjotjog karo tegesé tembung „Kalabendu”. **Kala** = djaman, wektu, mangsa. **Bendu** = duka. **Kalabendu** = djamané (mangsané) wong-wong pada nampa bebending Pangéran, marga akèh kang pada atindak sasar.

Wekasané djaman aklak bedjad (Kalabendu) iku manawa **Sang Nata Ginaib jaiku Prabu Amisan** wis djumeneng Ratu. Djaman bandjur dadi karta-rahardja; kang awatak tjulika nemu tjilaka, kang murka antuk siksa, kang djudjur luhur, sing sutji dipundi-pundi.

Lambang djaman iku tandingen karo lambangé Adjar Subrata.

B. Lambang pradja.

Lambang pradja iku uga jasané pudjangga, sing dipralambangé ratuné. Nanging sarèhné ing djaman bijèn iku nagara lan rakjat kabèh pada ana ing panguwasané ratu, pralambangé ratu uga dadi pralambangé nagara lan rakjat.

Lambang pradja tjatjahé ana wolulas, jaiku:

1. **Tjatur-rana semuné sagara asat.** Lambangé pradja papat (Djenggala, Kediri, Urawan, Singasari) kang tansah pada paprangan, nganti banda-nagara dadi asat (entèk).

Tjatur = papat. **Rana** = perang. **Sagara** = pepindaning kahartakaning nagara. **Asat** = entèk.

2. **Ganda kéntir, semuné liman pepéka.** Lambangé Sri Pamekas ing Pedjadjaran; marga Sang Prabu kurang wewéka, kena disédani déning putrané déwé jaiku Sijungwanara (sarana dilabuh ing kali).

Ganda = pralambangé ratu. **Kéntir** = kéndang. **Liman** = pralambangé ratu. **Pepéka** = sepi ing pangati-ati, ora wewéka.

3. **Matjan galak semuné tjuriga ketul.** Lambangé nagara Madjapait. Sang Prabu Brawidjaja Nata Binatara; éman déné para putra-sentana lan kawulané pada ketul pangrasané marang kasusastran.

Matjan galak = ratu kuwasa. **Tjuriga** = para putra-sentana lan kawula (rakjat).

4. **Lunga perang putung watangé.** Pralambangé para ratu Demak. Sultan Demak nenelukaké para bupati kang isih agama Buda kanthi dibijantu para wali, akèh wali (lan sakabaté) kang tumeka ing séda.

Lunga perang = nenelukaké. **Putung** = mati. **Watang** = para wali (lan sakabaté).

5. **Alelungan datan kongsi bebasahan, keselak kampuhé bedah.** Pralambangé Sultan Padjang (Djaka Tingkir, Hadiwidjaja,

Mas Karèbèt, Banjak widé), olèhé djumeneng ratu durung nganti mukti-wibawa, keselak séda.

Alelungan = pepindané djumeneng ratu. Datan kongsi bebahan = durung nganti mukti-wibawa. Keselak kampuhé bedah = keselak séda.

6. Surakalpa semuné lintang sinipat. Pralambangé Panembahan Sénapati ing Mataram, olèhé nenelukaké para adipati kang setya marang Sultan Padjang mung abanda kekendelan, tanpa wadya-bala akèh. Durung nganti rampung olèhé nenelukaké, Panembahan Sénapati tumeka ing séda.

Sura = wani. Kalpa = djaman. Surakalpa = djaman (wektu) nalika Panembahan Sénapati (sakawulané kang setya) tuwuh kasudirané. Lintang sinipat = tegesé: lintang karainan, maksudé: Panembahan Sénapati tumeka ing séda.

7. Kembang sémpol semuné lebé kekeṭu. Pralambangé Sultan Sédakrapjak lan Sultan Agung, paḍa tumemen ulah kasantren, mungkul ing agama Islam.

Kembang sémpol = kembang traté, tundjung, pralambangé ratu. Lebé kekeṭu = pralambangé wong kang mungkul ing agama Islam.

8. Kalpa sru semuné kanaka putung. Pralambangé Sinuwun Mangkurat Tegalarum, panggalihé sereng (wengis, wentalan), akèh andel-andelé pradja kapatrapan ukum-pati déning Sang Sinuwun.

Kalpa = djaman. Sru = banget, sereng. Kalpa sru = djaman sereng. Kanaka = kuku, pralambangé andel-andeling pradja. Putung = tugel, maksudé: mati.

9. Lajon kèli semuné satrija brangta. Pralambangé ingkang putra Mangkurat Tegalarum, djumenengé ratu lagi ana ing sadjroné nandang sungkawa, djalaran lagi ndèrèkaké lolosé ingkang rama.

Lajon kèli = djisim kéndang, maksudé djisimé Mangkurat Tegalarum (sédané ora ana ing sadjroné kraton). Satrija brangta = satrija sungkawa, pralambangé ingkang putra Mangkurat Tegalarum.

10. Gunung kendeng semuné kenja musoni. Pralambangé S. Pakubuwana I, djumenengé ratu wis sepuh, isih sok manggali prakara sing rèmèh (sapélé).

Gunung kendeng = gunung dawa, pralambangé dawané umur, wis tuwa. Kenja musoni = pepindané wong nindakaké pagawéan rèmèh, prakara sapélé.

11. Lung gadung semuné rara nglikasi. Pralambangé S. Mangkurat (putrané S. Pakubuwana I), rusuh tindaké marang wanita (tukmis).

Lung gadung = pradapaning gadung, pupus gadung, pralambangé S. Mangkurat kang sarwa sembada, sarwa prigel.

Rara nglikasi = pralambangé Kangdjeng Sunan rusuh tindaké marang wanita (tukmis).

12. **Gadja meta semuné tengu**..... (Pangimpun ora wentala nulis isiné titik-titik iku). Pralambangé S. Pakubuwana II, banget kinéringan para ratu mantja-pradja, nanging bareng ketekan parangmuka énggal-énggal mundut bebantu marang Pranagari (Madura), sarana nggarwa putrané putri Sang Adipati Pranagari.

Gadja meta = gadja ngamuk, pepindané S. Pakubuwana II banget kinéringan déning para ratu mantja nagara. **Tengu** = pepindaning tjiliké panggalihé Kangdjeng Sunan.

13. **Pandji loro semuné Padjang-Mataram**. Pralambang anané ratu loro, jaiku S. Pakubuwana III lan Sultan Hamengkubuwana I (K. Pangéran Mangkubumi).

14. **Rara ngangsu, randa loro anututi pidjer atukar**. Pralambangé ana satrija lolos saka kraton, ditututi ratu loro, nanging sing pada nututi pidjer tetukaran. Iku djamané K.P. Mangkubumi lan R.M. Said madeg suraning panggalih, kang wasanané K.P. Mangkubumi djumeneng Sultan Hamengkubuwana I ing Mataram, lan R.M. Said djumeneng K. Gusti Mangkunagara I ing Sukawati.

15. **Tan kober apepaès amangun sindjang**. Pralambangé S. Pakubuwana IV lan V, ora kober mranata pradja, saking akèhé rubéda kang ngreribedi.

Tan kober apepaès = ora kober ngrerengga, maksudé: ora kober mranata pradja.

Amangun sindjang = mranata nagara.

16. **Kalabendu semuné Semarang lan Tembajat**. Pralambangé K.P. Dipanagara nalika madeg suraning panggalih, perang mungsuh kompeni.

Kalabendu = wektu bramantya, jaiku bramantyané K.P. Dipanagara. **Semarang** = pralambangé wadya kompeni. **Tembajat** = pralambangé wadya-balané K.P. Dipanagara.

17. **Tundjung putih semuné pudak sinumpet**. Pralambangé satrija sutji djumeneng Ratu Adil akadaton ing Ketangga; sadurungé djumeneng ratu, satrija iku ora ngétokaké kasatrijané, kasebut „Satrija kesampar-kesandung”.

Tundjung putih = kembang traté awarna putih, pralambangé satrija sutji, adil.

Pudak = kembang pandan, warnané ija putih, pralambangé satrija luhur ing budi.

Sinumpet = diwalik, pralambangé satrija kang ora katon satrija, satrija kang ora ngatonaké kasatrijané, satrija kang sadurungé djumeneng ratu kotjap „satrija kesampar-kesandung”.

18. Gandrung-gandrung ing lelung andulu gelung keken-
don; keris-parung tanpa karja, edolen tukokna uleng-uleng
tjampur-bawur. Pralambangé tanah Djawa (Nuswantara)
sawisé tekan djaman gemah-riph karta-rahardja, tulus kang
sarwa tinandur, murah kang sarwa tinuku.

Keris-parung = keris dapur naga-lumaksana (mawa luk),
kosok-baliné keris dapur naga-tapa (lentjeng, tanpa luk).

Tanpa karja = tanpa guna, marga wis tata-tentrem, ora pre-
lu sadja (njimpen) gegaman keris lsp.

Edolen tukokna uleng-uleng tjampur-bawur = keris-parung
(gegaman), sarèhné wis tata-tentrem (ora ana rerusuh), pra-
jogané edolen baé, duwit pepajoné tukokna kembang sing wa-
ngi-wangi gandané, kanggo seneng-seneng.

C. Pralambanging gending.

Gending sing kanggo ing padalangan (kuwajangan) iku
warna-warna banget. Manawa dalang (sadjroné majang) mbu-
tuhaké gending apa baé, mung kari préntah (ngabani) marang
para nijaga. Préntahé dalang marang nijaga iku ora mung
dilairaké nganggo ukara sawantahé baé, nanging sinamun ing
pralambang utawa sasmita.

Ukara-ukara sasmita sing lumrah dianggo pralambanging
gending, kajata :

1. Tindakira Sang Pinangantèn sarimbit tansah akekantèn
asta, tan kena benggang sanjari = gending Monggang.

2. Gugup sagung para bijada, pijak ngarsa tangkep wuri =
gending ajak-ajakan.

3. Ing samarga-marga, kesandung-sandung tindakira Sang
Dèwi = gending Sandung.

4. Umjang-gumuruh swarané, pinda mrijem bebéndrongan
= gending Béndrong (Kiprah).

5. Kawistara ing semu, kadi mangu-mangu tindakira Sang
Sinatrija = gending ladrang Mangu.

6. Sanalika sirna rudahing panggali, pinda pandam kénfir
ing warih = gending Damar kèli. Pandam = pepadang, dijan,
damar. Kénfir = Kéndang, kèli.

7. Tindakira Dèwi Pregiwa-Pregiwati sanityasa arerang-
kulan, pinda gadung apeuletan = gending Sekargadung.

8. Tindakira Sang Sinatrija nusup gegrumbulan nasak be-
bondotan, karèndèt-rèndèt ing ri sarirané = gending Bondèt.

9. Kang séba ing paglaran djaba, kawistara tan djangkep
winilis = gending Semukirang. Tan djangkep = ora ganep,
kurang.

10. Suwarnané Sang Dèwi Wara Srikandi lan Rarasati, jèn
sinawang katon pada rupané = gending Gambirsawit. Pada
rupané = (tumrap sandangan) sasawit, sawitan.

11. Namung njenjadang sih paduka, **winenangna angaras pada** = gending Onang-onang.

12. Duk samana, **wajahé wus kapara sanga** = sasmita gantining patet (mentas patet nenem ganti patet sanga). Unining suluké: Sangsaja dalu araras, abjor kang lintang kumedap, titi-sonja tengah wengi (sabandjuré). (1)

13. Umjang-gumuruh swarané wadya-bala **ambereg singa** = gending Singanebah. Mbereg = mburu, mbedag, ngojak.

14. Duk samana **wajahé wis sumirat ndungkap raina** = sasmitané gending Sumirat. Utawa: sasmita wiwité **patet manjura** (mentas patet sanga, ganti patet manjura). Unining suluké: Mèh raina semu-bang Hjang Aruna ... (sabandjuré). (2)

D. Pralambang tumrap ing tembang.

(Sasmita araning tembang).

Kasusastran Djawa ing djaman kuna, luwih-luwih karangané Pudjangga, akèh kang ngemot prasemon utawa pralampita. Para pangripta ing djaman kuna tjarané medaraké tjipta-rasa, lumrahé sinawung ing pralambang utawa prasemon kang angèl ditlusur surasané. Nanging tumrap wong Djawa kang lebda marang kasusastran Djawa, kang landep pangrasané marang éndahing basa Djawa, adaté uga lebda marang ulah-kridaning pralampita.

Buku-buku kasusastran kang sinawung ing tembang babaran djaman kuna, prasasat mèh ora ana kang njebutaké djenengé pupuh kanti tjumeplos. Kabèh pupuh utawa tembang, djenengé sinamun ing prasemon kang ing djaman saiki lumrahé diarani „ukara sasmita araning tembang”.

Dunungé „ukara sasmita araning tembang” ana warna loro, jaiku :

- I. Ana ing bebukané pupuh, isi pituduh djenengé pupuh iku.
- II. Ana ing wekasané pupuh, isi pituduh djenengé pupuh tjandaké.

I. Tulada sasmita ing bebukané pupuh.

1. Mamèt prana rèh kawuntat, kang winangun nalikanira nguni, Sang pra Kawi Wali wolu, mrih hardja wurjèng pradja, pinitaja déra Kangdjeng Sang a-Prabu, Sri Wasésa ing Bintara, pinilala murwèng kawi.

(Lambangpradja, M. Ng. Mangunwidjaja).

2. Manis-arum sinawung langen sri, sru kawurjan pamudyaning raras, kang mulja pangrèh sarèhé, lir manik mandaja gung, breming rat wus winajang ing sih, sih wigunaning karja, akarja wulangun, wulanguning tama-hardja, hardjèng déja

(1) Mriksanana katja 117 No. 7.

(2) Mriksanana katja 118 No. 10.

sinemangkara suksmadi, pangèsti murwèng sastra.
(Langendrija, Balai-Pustaka).

3. **Kasmaran** ingkang pinudji, luputa ing ila-ila, dèn dohna tulak-sariké, ngétang saguning lelembat, kang karèh Goplem ika, demit lit-alit sadarum, pan dédé demit pra radja.
(Serat Kidung).

Pitakon :

Kawuntat, manis, kasmaran, sidji-sidjiné sasmitané tembang apa ?

II. Tuladha sasmita ing wekasané pupuh.

1. **Putjung** (Wulangrèh, Pakubuwana IV).

Éwuh temen babo wong urip puniku, apan nora kena, kinira-kira ing budi, arang mantep widjiling basa rahardja.

2. **Megatruh** (Wulangrèh, Pakubuwana IV).

Tulisané ing Lohkilmakpul rumuhun, pepantjèn sawidji-widji, tan kena owah sarambut, tulising badan puniki, adja mundur ing pakéwoh.

3. **Sinom** (Ardjunasasrabau, R. Ng. Sidusastra).

Bedahé nagri Ajodya, para Mantri kèh umiring, ngungsi nèng wukir Dandaka, iku tjarita mangsuli, mangkana kang winarni, Rawana ingkang ngadatun, anèng nagri Ajodya, sawadya-balanirèki, anggung dènnja pepara anganti bala.

Pitakon :

Widjiling, mundur, anganti, sidji-sidjiné sasmitané tembang apa?

Ringkesé.

Tembung-tembung kang kanggo njasmitani tembang:

- I. **Dandanggula**: sarkara, manis, madu, artati, dandang, gula, gula-drawa, gagak, kagakresna.
- II. **Sinom**: srinata, ron-kamal, pangrawit, logondang, anom, Wèni, muda, taruna, réma.
- III. **Asmaradana**: asmara (kasmaran), kingkin, brangta, brangti, sedih.
- IV. **Kinanti**: kanti, gandèng, kantèt.
- V. **Pangkur**: wuri, pungkur, juda-kanaka, wuntat, tembung-tembung mawa wanda „kur”.
- VI. **Durma**: mundur, galak, tembung-tembung mawa wanda „dur”.
- VII. **Midjil**: widjil, wetu, wijos, raras-ati, sulastri.
- VIII. **Maskumambang**: kambang (kumambang), kèntir, timbul.
- IX. **Putjung**: kluwak, untjung, tembung-tembung mawa wanda „tjung”.

- X. Djurudemung: mung, djuru.
 XI. Wirangrong: wirang, mirong.
 XII. Balabak: klelep, keblabak.
 XIII. Gambuh: embuh, gambuh, djumbuh, kambuh, tambuh.
 XIV. Megatruh: pegat, duduk, truh.
 XV. Girisa: giris.

Pakon:

1. Ing Ngénggréngan Kasusastran Djawa djilid I pérangan panutup (bab XX) ana reriptan tembang mawa sasmita warna-warna. Bukaken, watjanen, idep-idep mbalèni.
2. Reriptan tembang ing ngisor iki saben telung pada nuli ganti tembang. Golèkana sasmitané ! Sasmitané tembang apa ? Tembangna!

Sedjarahé wajang warna-warna.

1. Sinarkara ing taun Masèhi, sangangatus telungpuluh sanga, Sri Djajabaja kaswarèng, Nata Kediri kasub, kang murwani ajasa ringgit, wajang Purwa sing rontal, ing tembé binangun, Radèn Pandji ing Djenggala, duk ing taun rolas atus dwi dasa tri, sléndro ponang pradangga.
2. Sinulukan nganggo tembang Kawi, masih abebakal saka rontal, Kudalaléjan Pamasé, ja Lembuamiluhur, Padjadjaran putra Sang Pandji, ajasa wajang dluwang, amarengi taun, rolas atus patang pluh pat, pamburiné Djakasuruh Madjapait, kala angkaning warsa.
3. Rolas atus asta dasa lan tri, jasa wajang abebakal dluwang, ingaranan wajang Bèbèr, pradangga sléndro wuwuh, rebab praptèng kalané warsi, sèwu tlung atus djuga, putra Sang a-Prabu, Brawidjaja kang kapisan, jékang asma Sungging Prabangkara wasis, kasmaran mulas wajang.
4. Wektu iku wajang wiwit, mawa tantjeban katjrita, prapta ing djaman kuwalèn, Radèn Patah natèng Demak, karsa ajasa wajang, taun sèwu patang atus, telung puluh luwih sapta.
5. Djinurungan para wali, Sunan Giri sung sumbangan, wana anétra loro, Bonang sung ritjikan djaran, déné Sang Kalidjaga, kang jasa kekeliripun, panggah saléndro pradangga.
6. Taun patblas atus luwih, patang puluh telu kotjap, Radèn Patah Demak bijèn, karsa ajasa gunung, wajang saja sampurna, wajang Purwa saja kombul, dé wajang bèbèr kawuntat.
7. Sultan Trenggana ing Demak, jasa wajang tinatah ponang rai, taun sèwu patang atus, lan sapta dasa sapta, duk ing taun patblas atus wolung puluh, ajasa kidangkantjana, rinangga prada rinukmi.
8. Tumeka angkaning warsa, patblas atus wolung pluh lima nuli, Sunan Girilaja iku, jasa wajang ingaran, wajang Gedog

pradangga pélog kasebut, tanpa danawa-wanara, mirid lakon Radèn Pandji.

9. Let sawarsa Sunan Bonang, jasa wajang Bèbèr-Gedog akanti, tinabuhan trebang-angklung, iku karan Ketiprak, prap-mawa kampuh-tjlana komplit.

10. Amarengi lan pepakem midjil, pakem warna loro, wajang Purwa atanapi Golèk, wajang mawa gegamaning djurit, limalas atus lwih, lima ponang taun.

11. Tuwuh wajang Golèk tanpa kelir, gamelané sléndro, Sunan Kudus sing jasa djaréné, kotjap Panembahan Sénapati, mbangun wajang mawi, tataan pinundjul.

12. Iku taun limalas atus lwih, patang puluh sitok, nuli elet sawlas warsa manèh, Dèn Mas Djolang mbangun angowahi, tangan-iras dadi, sopakan sinambung.

13. Sang Srinata ing Mataram, Sultan Agung kang anganggit, wanda wajang sawlas warna, wewidjangé sidji-sidji, Baladéwa narpati, wanda gègèr kang sinebut, wanda gendrèh Sri Kresna, Wanda mangu Sang Djahnawi, wanda rangkung Kusuma Wara Sumbadra.

14. Wanda djangkung Sujudana, wanda golèk Banuwati, wanda brebes Badranaja, Wrekudara wanda mimis, dé Bagong dèn arani, wanda gilut lamun Pétruk, wanda djeglong ingaran, ratu buta dèn arani, wanda barong wajang Krutjil katjarita.

15. Kang jasa Sultan Mangkurat, mirid babad Madjapait, lelakoné Damarwulan, pradangga saléndro ugi, angkané ponang warsi, nemblas atus lima nudju, wajang-wong wiwit ana, angkané taun mbeneri, kala sèwu sangang atus lwih sadasa.

16. Wajang-wong saja gambuh, wajang Purwa saja ndedel kombul, bareng lawan wajang-wong djumedul ugi, wajang dupara kasebut, sing jasa sardjana Solo.

17. Wajang dupara iku, kang kinarja lakon duk rumuhun, babad tanah Djawa wiwit ana Landi, wajang dupara tan dangu, sirna dèn emohi uwong. *)

18. Ketoprak duk djumedul, taun sangalas atus rong puluh, atabuhan lesung lan kentongan tjilik, madju gamelan kalebu, lesung pingat tan kanggo.

19. Taun sèwu sangang atus slawé tuwuh, tontonan kang angèmperi, wajang-wong ingaran ludrug, mawa lagon purwakanti, ing Surabaja kang kalok.

*) Sing jasa R.M. Danuatmadja.

20. Let sapuluh taun manèh gja djumedul, wajang wahana tan mawi, praba lakoné tan tamtu, nanging tanadangu nuli, sirna dèn emohi uwong.

21. Djaman kamardikan tuwuh wajang suluh, taun sangalas atus lwih, patang puluh nenem durung, sumebar ing semu sami, wong-uwong akèh sing emoh.

E. Pralambang lija-lijané.

1. Kangdjeng Sultan Agung nggarwa Njai Rara Kidul.

Njai Rara Kidul iku djaréné sing ngratoni samodra-Kidul, ja samodra India kang djembaré prasasat tanpa tepi. Djembaré samodra-Kidul (samodra India) iku mralambanggi djembarang pangalihé K. Sultan Agung; sugih pangapura, ora gampang duka.

2. Sibra milir kang gètèk sinangga badjul, kawandasa kang ndjagèni, ing ngarsa miwah ing pungkur, ing kanan miwah ing kéring, sang gètèk lampahnja alon.

„Badjul” kang kasebut ing tembang Megatruh iku dudu badjul kang saluguné, nanging „badjul-buntung”. Tembung „gètèk” uga dudu gètèk kang sawantahé.

3. Pralambang ing wiwitané lajang Djangka Sabdapalon.

Sinom.

Rusaké ing tanah Djawa, kambah déning wéwé putih, tebu wulung gegamannja, wong Djawa abosah-basih, wong désa kèh kang sedih, kèles déning dajanipun, nalangsa mring Hjang Suksma, antuk apura Hjang Widi, tjahja djenar midjil saking ing bang wétan.

Wéwé putih = bangsa akulit putih, Walanda.

Tebu wulung = bedil.

Tjahja djenar = bangsa akulit kuning, Djepang.

Midjil saking ing bang wétan = gendéra „matahari-terbit”, jaiku gendérané bangsa Djepang.

4. Pralambang uran-uran „Semut-ireng”.

Dandanggula.

Semut-ireng anak-anak sapi, kebo-bongkang njabrang kali Bengawan (kakéhan 1 wanda Pm).

kéjong gondang djarak sunguté (kakéhan 1 wanda Pm).

timun-wuku gotong wolu (kakéhan 1 wanda Pm).

Surabaja gègèr kepati

ana wong ngojak matjan,

dèn wadah bumbung

alun-alun Kartasura

gadjah meta tjinantjang wit sidaguri
patiné tjinèkèr ajam (kakéhan 1 wanda Pm).

Semut-ireng = Dèwi Sapudi putri saka Wandan (garwa pangrembé Prabu Brawidjaja) pakulitané ireng-manis.

Anak-anak sapi = peputra Bondankadjawan, kasebut Lem-
bupeteng. Ja Lembupeteng iku sing kapundut putra-mantu Ki
Ageng Tarub, didaupaké karo Dèwi Nawangsih utawa Rara
Kasih. (*)

Kebo-bongkang = Kebokenanga lan Kebokanigara (putrané
Prabu Brawidjaja) ora karsa mandjing agama Islam, wasana-
né pada tumeka ing séda. Kebokenanga disédani déning Sunan
Kudus, Kebokanigara séda-muksa ana ing gunung Mrapi. Ja
sédané prijagung loro iku sing dipralambangé „njabrang kali
Bengawan”.

Kéjong-gondang = Djaka Tingkir, turuné wong gedé kang
wis dadi asor. Djarak sunguté = bisa djumeneng ratu.

Timun-wuku gotong wolu = Panembahan Sénapati didju-
menengaké ratu saka pambijantuné wong wolu, jaiku: 1 Ki
Ageng Pamanahan, 2 Ki Djurumartani, 3 Ki Pendjawi, 4 Ki
Djurukiting, 5 Ki Bujut Wirasaba, 6 Tumenggung Majang, 7
Pangéran Madé Pandan, 8 Adipati ing Batang.

Surabaja gègèr kepati = bedahé Surabaja, wong-wong pada
bingung pating bilulung (gègèr).

Nalika samana sing djumeneng Adipati ing Surabaja asma
Pangéran Ratu Agung; wondéné sing mbedah Surabaja asma
Tumenggung Mangun-Oneng lan Tumenggung Sepandjang,
utusané Sultan Agung ing Mataram.

Ana wong ngojak matjan dèn wadahi bumbung = Tumeng-
gung Urawan (utusané Sunan Mangkurat ing Kartasura) bisa
mikut kraman kanti gampang. Sing madeg kraman jaiku Pa-
ngéran Puger.

Gadjah meta = wong aran Dirana madeg kraman. (Dirana
iku anaké leluhé sрати aran Bujut Dirada).

Patiné tjinèkèr ajam = patiné Dirana marga dirampog sarana
ditjotjogi nganggo dom.

Alun-alun Kartasura, gadjah meta sabandjuré = ba-
reng kraman Dirana kepikut bandjur ditjatjang ing wit wringin
alun-alun Kartasura, nuli ditjotjogi dom nganti tumeka ing pati.
Wondéné sing mikut Dirana asma Pangéran Pringgalaja (utus-
ané Sinuwun Kartasura).

BAB XII. BASA BLÉNDÉRIAN.

Basa bléndérian iku basa sing diplèsèdaké marang teges lija,
preluné supaja wong sing didjak wawan-gunem utawa sing

(*) Nawangsih putrané Kidangtelangkas patutan karo widadari dèwi
Nawangwulan.

ngrungu bisaa anjel atiné, ngguju. Tuladané :

1. Kowé pada slamet?

Tembung „pada slamet” kang satemené ateges „pada tanpa alangan”, déning wong sing ditakoni diplèsèdaké tegesé „pada gedéné karo Slamet”, lan wong sing ditakoni mangsuli : „Gedé aku tinimbang karo Slamet”.

2. Grija sampéjan pundi ?

„Pundi” kang maksudé „ing pundi” (ndjaluk dikandani araning kampungé utawa kuwané), diplèsèdaké kang ateges „ndjaluk dituduhi wudjuding omahé”, mulané wong sing ditakoni bandjur mangsuli : „Grija kula boten kula bekta”.

3. Aku rak wong kétok.

„Kétok” kang pantjèné kudu ditegesi éntar (misuwur, kadjènkéringan lsp.), diplèsèdaké sing ateges lugu, lan wong sing ngrungu ukara iku bandjur njambungi : „Ija, wong kowé pantjèn ora bisa ngilang”.

4. Anakku (sing saiki isih tjilik) bésuk mesti dadi wong gedé.

„Wong gedé” kang maksudé „wong gedé pangkaté”, diplèsèdaké sing ateges „gedé wudjuding awaké”.

5. Aku ora tau ngèlèki wong.

„Ngèlèki” tegesé „nggawé èlèk”, dadi saka tembung lingga „èlèk”. Nanging jèn diplèsèdaké, linggané „kèlèk”.

6. Punapa sampéjan sampun naté ngawoni tijang ?

„Ngawoni” karepé saka lingga „awon”, jèn diplèsèdaké bandjur saka lingga „awu”.

7. Kowé njekel péso, apa kowé arep mbelèk ?

„Mbelèk” kang linggané „belèk”, diplèsèdaké ing tembung „mbelèk” kang maksudé „tembelèk” (reregedé pitik).

8. Kowé nggawa bendo, apa arep merang ?

„Merang” linggané „perang”, diplèsèdaké „merang” kang ateges : gagang pari. (*)

9. Pak Suta ngèrèki manuk.

„Ngèrèki” linggané „kèrèk”, diplèsèdaké sing asalé saka lingga „èrèk”.

10. Bakalé Tjina-Tjina digantungi.

„Bakalé” ateges „bahané” (barang-sembet), diplèsèdaké kang ateges „tjaloné”.

11. Wong adol krambil dikepruki, wong adol témpé diwudani, wanita adol mbako diambungi.

Sarèhné telu iku ukara bléndéran, kudu disurasa mangkéné : Sing dikepruki iku krambilé (dudu wongé), sing diwudani témpéné, sing diambungi mbakoné.

12. Klambimu mesti ora bisa ngendog-uler.

„Ngendog-uler” iku tembung tjamboran kang ateges „pating

(*) Arep, ditegesi : dojan.

trutul ireng-ireng", diplèsèdaké kang ateges „metu, endogé awudjud uler”.

13. Aku wis saminggu ora kopèn.

„Kopèn” lumrahé ateges : kerumat. Ing ukara bléndéran iku ateges : ngombé wédang kopi.

14. Apa kowé arep ngombé kopi ?

„Kopi” ateges „wédang-kopi”, diplèsèdaké kang ateges „bangsané gendul”.

15. Wédang-kopi iku ana ing mripat marakaké reged.

Mesti baé, manawa wédang-kopi iku diesokaké ing mripat. (Ora diombé).

16. Andak kowé jèn ngombé wédang-tèh bisa turu ?

Ora bisa ! Ngendi ana wong lagi ngombé kok bisa turu !

17. Sing sapa ketiban durèn mesti bakal sugih. Maksudé : sugih tatu, akèh tatuné.

18. Kowé nedya ngalap wanita, mestiné ora sawanita-wanitane, nganggo milih. Tumrap kowé, wanita „sugih ala” karo „ora duwé aju”, endi sing kopilih ?

Emoh kabèh ! Wanita „sugih ala” tegesé : akèh banget alané, mestiné babar-pisan ora kasinungan „apik”. Hla wanita sing „ora duwé aju”, mung duwé ala tok, babar-pisan ora ana ajuné, sapa sing gelem ngalap ? !

19. Apa kowé bisa mènèk krambil ?

Ora ! Jèn ngentjiki krambil aku bisa. Nanging jèn mènèk gluguné (wité), aku wis kulina banget.

20. Djaréné kowé karem djangan-menir, apa njata ?

Ora ! Jèn djangan djagung-nom, aku pantjèn karem banget. Djangan tugelan-beras (menir), aku babar-pisan ora dojan. (Ing basa lumrah, djangan-menir = djangan djagung-nom).

21. Dikir ora ana gunané, donga ngebot-eboti.

Ing basa bléndéran, tembung „dikir” ditegesi „wedi satakir” (tembung wantjahan). Tembung „donga” ditegesi „wadung sanga”. Mesti baé, wedi mung satakir ja ora ana gunané. (Hla dianggo apa?!) Wadung sanga, mesti ngebot-eboti.

22. Lan sapanunggalané.

Basa bléndéran iku sok dianggo tjangkriman, djenengé ija tjangkriman bléndéran, lan tjangkriman bléndéran iku tarkadang sinawung ing tembang. (Ndelenga Ngéngrengan Kasusastran Djawa djilid I tjap-tjapan kaping IV katja 84-86).

Basa bléndéran bisa mahanani gumjeg, gajeng lan lutjuning gunem; dadi ija kalebu rerengganing basa.

Sarèhning sipaté basa bléndéran iku bisa mahanani gumjek gajeng lan lutjuning gunem, sing mesti migunakaké basa bléndéran jaiku **d a g e l a n**.

Wong-nom guneman karo wong-tuwa, manawa migunakaké basa bléndéran kalebu nerak tata-krama.

BAB XIII. BASA PEPRENÉSAN.

Basa peprenésan iku tetembungan utawa unèn-unèn kang digawé-gawé, lumrahé ngemu surasa pamiluta utawa memén-tjut.

Wong nglairaké basa peprenésan iku adaté darbé sedya „nudju prana” marang wong kang ing wektu iku pinudju ana ing satjedaké. Maksudé, supaja wong iku bisaa katuwuhan rasa seneng kang tndoné bandjur katetangi rasa-pangrasané „sih-tresna” marang wong sing nglairaké basa peprenésan mau.

Basa peprenésan iku njedaki tetembungan tjremedan utawa lékoh. Tumrap wong sing alus budiné lan sugih wewéka, njirik marang basa peprenésan. Ngutjapaké manèh gelema, krungu baé wis ora seneng. Matja buku-buku kang isi basa peprenésan ora wegah, mung mligi kanggo ngganepi pepaking kawruh kasusastran.

Basa peprenésan sok keprungu ana ing pasrawungan, kanggo patjalaton lumrah. Nanging sing luwih adakan, keprungu ana ing tjakepané tembang lan lelagon kang kanggo nggérongi gending, luwih-luwih ing pérangan kang diarani umpak-umpak lan senggakan.

A. Basa peprenésan padinan.

Basa peprenésan padinan (kang diutjapaké kanggo patjalaton), lèrègé ngandut maksud „sembrana pari-kena”. Wong sing ngutjapaké darbé pangangkah marang bab kang dilairaké; nanging supaja ora ngatarani, panembungé kanti sesembranan. Ing lair, panembungé sadjak api-ora, sadjatiné nijat temenan.

Tulada :

1. Jèn (barangku) nedya kotuku, aku ora olèh; nanging jèn kodjaluk, malah dakwènèhaké kabèh. (Unèn-unèn iki bisa ngandut maksud sing djero).

2. Dodolané rokok larang, nanging meksa dakserang (meksa daktuku), wong sing dodol ora kalah aksi karo Rara Mendut.

3. Djarité baé larang regané, apa manèh bakulé; méndah gedéning pepanggilé. Prija sing guneman mangkono iku (ana ing sangarepé wanita bakul djarit), ing lair nedya tuku djarit, nanging sadjatiné nijat ngalap bakulé.

Pepanggil = pandjaluké wanita marang prija kang ngadjak bebrajan urip; jèn prijané saguh minangkani, wanita iku ija gelem manut-miturut.

Wong atindak „sembrana pari-kena” iku tarkadang bisa kaleksanan kang sinedya, manawa wong iku pantjèn agawé panudjuning atiné wong kang ditudju-prana. Nanging tindak

„sembrana pari-kena” iku jèn ora tiba kebeneran, sisip-sembiré tanpa pepisuh resik patjerèn temenan, nandang wirang. Mulané wong sing alus budiné lan sugih wewéka, ngedohi tindak „sembrana pari-kena”, ngemohi basa peprenésan.

B. Basa peprenésan ing tembang (gérong).

1. Senggakané tembang Pangkur ing gatra kang kalima (tumrap sawenèhé lagu):

Ora susah koliwetké, waton alus gelungané; ja nduk.

2. Senggakané gending Orèk-orèk motor-mabur:

Gendulak-agendulik, apa sida apa ora.

3. Sawenèhing tjakepané lelagon „Suwé ora djamu”.

Suwé ora djamu, djamu godong suruh.

Suwé ra ketemu, temu pisan ngadjak rusuh.

4. Senggakané Sinom Paridjata:

Ing-ing golèk tanding lentjir-kuning.

Ing-ing danar-danar dénok kuning.

5. Senggakan kang sinawung parikan:

Njangking èmbèr kiwa-tengen.

Lungguh djèdjèr tamba kangen.

6. Parikané Ulerkambang (ing gatra kang mèh wekasan):

Pipimu kena dakdumuk; dakdumuk nganggo langes, nora saru mandar luwes.

7. Parikan ing bebukané Pangkurlamba:

Kembang gedang, mantèn wédok nggodog wédang. Wédang ndjomplang, ketungkul njawang sing lanang.

Utawa:

Kembang gedang, mantèn wédok ngratjik wédang.

Wédang ndjomplang, kebandjur njiram sing lanang.

Wong sing betjik bebudèné, mesti ija betjik tindak-tanduké lan betjik gunemé. Nembanga, ja mesti milih tjakepan sing betjik. Nggéronga, njenggakana lelagon gending, ja nganggo tjakepan sing betjik. Tjakepan kang isi pituduh betjik, kang amot pitutur, kang salaras karo djamané, jaiku djaman pambangunan”.

Ing djaman pambangunan, tembang lan gérong uga kudu dibangun. Ora ngemungaké laguné baé, tjakepané ija prelu dibangun. Tjakepan kang isi basa peprenésan, tetembungan lékoh, utawa tjremedan, sing bisa nenuntun marang rusaking aklak, diganti. Gantiné sing isi pitutur utawa pituduh kang murakabi ingatasé pambangunan.

Tulada warna pitu ing duwur iku upamané, tjakepané kena diganti mangkéné :

1. Adja watak ngendé-endé, betjik trus tumandang gawé, ja lé.
2. Sepia marang pamrih, di ramé tumandang gawé.

3. Lir ketiban ndaru, begdja kemajangan.
Dèn mepeng sinau, mrih rantjaging pambangunan.
 4. Ing-ing, adja nglokro mepeng maning.
 5. Manuk glatik mabur duwur.
Tindak betjik budi luhur.
 6. Bektia ibu pratiwi, mepeng ngudi ngèlmi, kinarja mba-
ngun nagari.
 7. Kembang gedang, sumangsang warnané abang.
Botjah lanang, wadjib tumandang „berdjuang”.
- Panunggalané tembang-tembang kang tjakepané nganggo
basa peprenésan, kajata :

I. Kinanti.

1. Kinanti panglipur wujung, rerenggané prawan sunti,
durung pasah dojan ngingang, tapih pindjung nging mantesi,
méndah baja jèn diwasa, bumi-langit gondjang-gandjing.
2. Leléwané gawé gandrung, kintjangé alis wèh brangti, ulat
galak nggugah brangta, liringé angasmarani, wiraga mawèh
wigena, ngudjiwaté milangoni. (Pm).

II. Dandangula.

(Pétruk sing nembang, Garèng njantulani).

Banuwati rupané ju-manis, béndjang lamun Sujudana séda,
sajekti sun pondong déwé. (Garèng : „Ora bakal klakon sedya-
mu ! Dadia randa pisan, mangsa gelema Banuwati koalap !”)
Kalamun datan purun, sun réwangi apati-geni. (Garèng : „Pati-
genia nganti awakmu kuru-aking, mangsa klakona sedyamu.
Tjekaké salawasmu ana ing donja, ora bakal klakon bisa tete-
mon karo Banuwati”.) **Jèn tan panggih nèng donja, nèng akérat**
bésuk. (Garèng : „Nèng akérat saja ora bisa klakon tetemon;
hla wong Banuwati ana ing swarga, kowé ana ing nraka”.)
Nadyan kawula nèng nraka, mbokmanawa Banuwati amèk geni.
(Garèng : „Amèka geni kaé rak ja kongkonan baturé”.) **Batur-**
batur lumajan. (Garèng : „Wé hla ! Djebulané toging endon
mung trima mondong batur baé !”).

III. Sinom.

Béndjang jèn ingsun palastra, jwa kokirim mbang telasih,
kirimèn lajoning sekar, jwa kokubur anèng bumi, kuburen kasur-
sari, lurukana sutra wungu, jwa komaèsi séla, maèsana asta
kuning, tangisana Palaran lan Paridjata.

IV. Dandangula.

Ajam tjemeng ingkang mubal putih, simbok ngantèn man-
daga sadéla, kinarja tulak brangtané, nutu pari nom tanggung,
simbok ngantèn pipiné ramping, gebjog malang nèng dalan,

sarenteg wong aju, mripaté ndamar kanginan, milar-milir èsemé dèn intjrit², murungké wong sesandja.

Ing ngisor iki tulada tjakepan tembang kang mawa basa peprenésan lan kang ora, petikan saka buku Sekar-sekaran lan buku Lagu-Djawi.

Rarabéntrok (8 + 8) × 2 × 2, sl. pt. 9.

- 5 5 6 1.2 6 6 6i 6.5
 I. Kang ka- ta- man la- ras- ma- ra
 II. Ra- ras sa- djro- ning hu- dya- na

- 5 5.6i 5 6.532 2 2i 2 3.5
 I. Ra- ra- bèn- trok a- nglam- lam- i
 II. ti- non se- kar man- tja war- ni

- 2̇ 2̇ 2̇ 2̇ 165 5.6i 52 5.32i
 I. pa- ran tu- ma- mêng ti- lam- rum
 II. én- dah pè- ni a- wor a- rum

- Djineman { 05 6 2̇ | 1̇ 2̇ 165 2̇ 2321 | 6̇
 I. ba- ja rum- ing sa- ri- ran- ta
 II. ma- wèh as- tjar- ja- ning dri- ja
0 05 6̇ 12̇ | 23 5 13̇ 21 6.16̇ | 5̇
 I. su- mer ma- mer- du me- nuh- i
 II. ka- ti- jup ma- ru- ta man- da

- 5 5 5 6.i 12̇ 6.i 5 6.532
 I. duh Mas- mi- rah Sang ku- su- ma
 II. mi- rut sa- ri a- mrik mi- nging

5 5 6 $\dot{1} \cdot \dot{2}$ $\dot{1}65$ 2 $2 \cdot 32$ 1
 I. am- bu- ka gan- da- ning se- kar
 II. lu- mrang gan- da- ni- ra ko- ngas

6 $\dot{6}1$ $\dot{1}2$ 2 $\dot{6}1$ $\dot{1}2$ $\dot{6} \cdot \dot{1}6$ 5
 Gam- bir- sa- wit ma- ra- tan- i (I = II).

Sidji engkas sing tanpa basa peprenésan, tembang gedé
 Rarabéntrok tanpa djineman.

$\dot{2}$ $\dot{2}$ $\dot{2}$ $\dot{2}$ $\dot{1}$ $5 \cdot \dot{6}1\dot{2}$ $\dot{6}1$ $\dot{6} \cdot \dot{1}65$ 5 $5 \cdot \dot{6}1\dot{2}$ $\dot{2}$ $\dot{2}$ $\dot{2} \cdot \dot{3}2$
 Te-men-é na kang dèn an- ti, Gam- bir- sa-wit du-

$\dot{2} \cdot \dot{1}$ $\dot{1}561\dot{2}3\dot{2}$ $\dot{1} \cdot \dot{6}$ $\dot{2}$ $\dot{1} \cdot \dot{2}$ $\dot{6}165$ $5 \cdot 356$ 3 $3 \cdot 2$ 5 $6 \cdot 532$ 2 5
 rung mu- ni, tur i- ku no- ra mbose- ni, wit ku-

6 $6 \cdot \dot{1}2$ $6\dot{2}165$ 2 3 $5 \cdot 321$ 5 $5 \cdot \dot{6}1$ $5 \cdot 32$ $3 \cdot 235$ 1 1 1
 na ngan- ti sa- i- ki, na-dyan sa- djam mu-ni ping

$2 \cdot \dot{1}65$ 2 2 2 2 2 $1 \cdot 235$ 2 $5 \cdot 6532$ $\dot{2}$ $\dot{2}$ $\dot{2} \cdot \dot{3}2$ $\dot{1} \cdot \dot{6}1\dot{2}$
 tri. se-reng-é du-rung ngen- don- i, pa- na- buh- é

$6\dot{2}165$ 2 3 $5 \cdot 321$ 5 $5 \cdot \dot{6}1$ $5 \cdot 32$ $2 \cdot 35$ $\dot{1}3$ $2 \cdot \dot{1}$ $6 \cdot \dot{1}6$ 5
 ma- sih u- ti, tan- da de- men- é trus a- ti.

BAB XIV. BASA RINENGGGA.

Rinengga, ateges: dipatjaki, pinadjang, dipaèsi, kinarawista. Rinengga, preluné supaja éndah, bregas, ngengreng, ngresepaké. Basa rinengga uga diarani basa padjangan, basa patjakan utawa basa bregasan.

Basa rinengga mesti baé ngemu surasa kaéndahan, kaéndah-aning basa. Basa kang éndah ora ateges basa sing angèl, sanadjan mesti baé ja akèh basa éndah kang angèl disurasa tegesé.

Tjarané ngrengga basa, kajata:

1. Sarana dikandakaké utawa ditulis nganggo ukara lija kang tetembungané ngemu surasa luwih bregas.

2. Diganti tetembungané sawatara, upama sarana dilironi tembung Kawi.

Tulada:

1. Kudu, manawa dikandakaké „ora kena ora” utawa „adja tan ora”, bandjur dadi basa rinengga.

„Ora kena ora”, tegesé: jèn ora, ora kena. Kenané „ja”.

„Adja tan-ora” tegesé: adja ora-ora”, utawa: adja ora. Maksudé: kudu „ja”.

„Ora kena ora” utawa „adja tan ora” lumrah disarodja karo tembung „kudu”, dadi bandjur muni:

Ora kena ora, kudu..... Adja tan ora, kudu.....

2. Tandangé kaja bantèng ketaton.

Manawa unèn-unèn iku tembungé sawatara diganti tembung Kawi, bandjur dadi basa rinengga, sanadjan tegesé pada baé karo sing nganggo basa lumrah.

Tandangé kaja bantèng ketaton.

Iki basa lumrah.

Tandangé kadi andaka kanin.

Iki basa rinengga.

T e t a n d i n g a n .

Basa lumrah.

1. Teluk.
2. Sadéla banget.
3. Salumahing bumi, saku-rebing langit.
4. Pasrah pati-urip.
(Pasrah djiwa-raga).
5. Prakara iku adja kopikir manèh.
6. Ditundung kanti tjara sija.
7. Surasané lajangmu wis dakngretèni.
8. Ajo rembugan adu-arep, adja grundelan ana ing buri.
9. Wé hla! Sida dakgebugi, kowé!
10. Aku krungu kabar kang durung karuwan njatalan orané.

Basa rinengga.

1. Asrah bongkokan.
2. Sakedèp nétra. Utawa:
Jèn nginganga durung abang, idua durung asat.
3. Kang kasangga ing pratiwi, kaungkulan ing akasa.
4. Kumureb ing abahan.
5. Prakara iku sisihna baé.
6. Ditjutat kaja tjatjing.
7. Surasané lajangmu wis dakdada.
8. Enja dada, endi rai.
9. Wé hla! Mangsa wurunga krasa ing tanganku, kowé!
10. Aku krungu tembang rawat-rawat, udjaré bakul sinambéwara.

Panunggalané basa rinengga:

1. Ngrepèpèh² pinda sata manggih krama.
Unèn-unèn iku diarani „pépindan” mawa basa rinengga,

isiné bab **tjandra**, jaiku **tjandrané**: wong kang tindak-tanduké sadjak mendak-mendak, katon andap-asor semu ngasih-asih.

2. Madjua sajuta ngarsa, sakeŕi wuri.

Iku diarani „**ukara sesumbar**” mawa basa rinengga. Maksudé: nantang supaja dikrojok. Jèn basané sing lumrah : **aku krojoken** (sing akèh kantjamu ngrojok).

3. Gagah kedjibah, mingkuh ketempuh.

Iki diarani „**paribasan**” mawa basa rinengga. Maksudé : kepeksa kudu nindakaké, amarga wis kebandjur saguh.

4. Lir tinubruk ing mong tuna, sinamber ing gelap lepat.

Iki diarani ukara **pepindan** mawa basa rinengga, isi **panjandra**, jaiku **tjandrané tandangé** wong kang gugup-gurawalan, amarga atiné trataban banget.

5. Kadjondjang sumangga asta, katigas sumangga djangga, katuwek sumangga djadja.

Iki diarani ukara **asrah djiwa-raga**, maksudé : badé dipunpunapakaken sumangga, ndèrèk kémawon.

6. **Mata-mata kapèn**, kaja kowé kulup Premadi.

„**Mata-mata kapèn**” ukara **pepindan**, tegesé lugu : mripat kaling-kalingan. Maksudé : rumangsa samar (panduluné), mulané takon : „Kowé apa Premadi, kulup ?”

Kapèn = lingga : apé + ater-ater ka + panambang an.

Apé = aling-aling, rana (Walanda : schutsel). **Kapèn** = kaling-kalingan.

7. Marmané djeneng sira adoh ingsun awé, **tjedak ingsun raketaké**,

Adoh ingsun awé = dak-undang.

Tjedak ingsun raketaké = dakkon mréné, njedak.

8. Nadyan akèh kawulaningsun kang sakepel sisih rerawisé, kang **pinangku djedjénggoté**, nanging ora ana kang pantes ingsun adjak imbal-watjana ngrembug **ruwed-rentengé pradja**, kadjaba amung sira kang bisa mbubuti ing arungkud, **madangaké ing apeteng**.

Sakepel sisih rerawisé, pinangku djedjénggoté = maksudé wis tuwa, dadi wis akèh pangalamané.

Ruwed-rentengé pradja = prakara sing ndjalari ora tata-tentremé nagara.

Mbubuti ing arungkud, madangaké ing apeteng = njirnakaké kang ndjalari rusuh lsp.

9. **Tédja-tédja sulaksana**, tédjané wong anjar katon. Wingking pundi kang **pinangka**, ngadjeng pundi kang sinedya; **tigas kawurjan**, sinten **sinambat ing wangi** ?

Tédja = sorot (sebutna dasanamané 5 engkas !)

(Su)laksana = laku, mirib (Indonesia: laksana = seperti).

Tédja-tédja sulaksana = kang mawa tjahja sumorot kaja tédja, jaiku satrija bagus.

Anjar katon = tigas kawurjan = durung tau sumurup, durung tepung.

Wingking pundi kang pinangka = asalmu saka ngendi? (Pinangka = pi+an+sangka. Sangka = asal, tumrap danawa ditembungaké „dangka”).

Ngadjeng pundi kang sinedya = arep menjang ngendi?

Sinten sinambat ing wangi = nama sinten? Sinten nama sampéjan? (Wewangi = kekasih, peparab, djedjuluk, arum-arum, djeneng, sesilih). Sinten sinambat ing rum?

10. **Paran karsanta, déné djeneng para sumengka pangawak bradja, sowan ing ngarsaningsun datan mawi ingsun timbali?**

Paran karsanta = apa karepmu. (Panambang „ta” saka tembung „kita”, tegesé : kowé).

Sumengka = munggah, tumrap panah ditembungaké : nduduk. Pangawak = kaja. Bradja = panah.

Sumengka pangawak bradja = tegesé wantah : nduduk kaja tjumloroting panah. Maksudé : sowan tanpa ditimbali.

Sowan bangsa luhur (ratu) ditembungaké „sumengka”, sabab dunungé bangsa luhur diupamakaké ana ing duwur. Pasowanan ing kraton (sitinggil), dunungé pantjèn ija duwur.

11. **Sèwu begdja kemajangan.**

Sèwu begdja = begdja banget. Kemajangan = begdja banget. Dadi : sèwu begdja kemajangan, kalebu ukara sarodja, tegesé : luwih déning begdja banget. Manawa dienggo ing bebukané tjakepan Ulerkambang, diuwuhi „sekar putjang” sangarepé, dadi bandjur muni :

Sekar putjang, sèwu begdja kemajangan. (Sekar putjang = majang).

12. **Tri madya tjandra = telu-tengah sasi.** (Wilangan sidji tekan sapuluh : éka, dwi, tri, tjatur, pantja, sad, sapta, asta, nawa, dasa).

13. **Kémengan badra irawan =** (Pepindané kaja rembulan) linimputan méga, soroté ora bisa sumunar-sumunu. Iku pepindané wong kang praupané ora katon padang sumringah, marga lagi nawung prihatin utawa nandang susah.

Kémengan = kelimputan, kesaput, kelimengan, ketutupan, kalingan.

Badra = basanta, tjandra, sasi, sitèngsu, sasangka, sasadara, sitaresmi, sitakara, lèk.

Irawan = méga, ima (hima), menḍung.

Imawan (himawan) = mawa hima (Indonesia : berhima) maksudé : gunung (kang duwur banget, nganti puntjaké tansah ketutupan hima).

14. Lagja étja **imbal-watjana**, kesaru sowané wadya-bala kang nggantung laku, dumrodjog tanpa larapan.

Imbal-watjana = genténan kanda, maksudé : rembugan.

Nggantung laku = ana ing sadjroné ajahan nindakaké pakarjan nagara ing sadjaban kuta (pasisiran), kajata : kuwadjiban ndjaga tapel-watesing pradja.

Tanpa larapan = tanpa lantaran, ora ana sing nglantaraké, ora nganggo diladèkaké, maksudé : sowan déwé, ora ana punggawa kraton sing nglantaraké.

Dumrodjog = drodjog-drodjog, rikat banget.

15. Ngamuk punggung sura tan taha, nirbaja nirwikara = ngamuk kanti nékad banget (kaja pangamuké wong punggung, pangamuké wong bodo), tanpa ngétung bebaja, tanpa ngélingi apa-apa (marga pantjèn ora ngreti sing mbebajani lan sing ora).

Punggung = pingging, djugul, muda, bodo. **Ngamuk punggung** = ngamuk kaja pangamuké wong bodo, tanpa pétung. (Indonésia: tidak dengan perhitungan).

Sura tan taha = wani tanpa reringa.

Nirbaja = tegesé lugu: ora ana bebaja, ilang bebajané. Maksudé: ora ana barang sing dianggep mbebajani, ora ana sing diwedèni. **Nirwikara** = ora owah, panggah, atiné tatag-tanggon.

16. R. Gatutkatja ditjaritakaké: akulit tembaga, otot kawat, balung wesi, asungsum gegala; adridji gunting, asikut petèl, adengkul paron. Akotang antrakusuma, atjaping basunanda; bisa mabur tanpa elar, mletik tanpa suṭang. Teguh-timbul sekti-mandraguna, tinatah mendat djinara mèntèr, tan pasah tapak-paluning pandé miwah sisaning gurénda.

Gegala = djabung, marakaké atos utawa kraket. **Manggala** = panggedé; wong sing pantes dadi panggedé iku kudu wong sing wis diḡegala, wis didjabung, maksudé: wis diisèni kawruh akèh (déning Guru).

Tinatah mendat = jèn ditatah, kulité mung mendat baé (ora pasah).

Djinara mèntèr = jèn didjara (diebur), kulité ora bisa ketaton.

Paron = landesané wesi (gandjelé wesi) sing arep digemblèng.

Palu = gandèn-wesi sing dianggo nggemplèng.

Teguh-timbul = digdaja sarta sugih adji-adj.

Sekti-mandraguna (tembung sarodja) = digdaja banget.
 Tapak-paluning pandé = gegaman saka wesi. Gegaman saka wesi iku mesti ana tapaké pahu, marga panggawéné sarana dipahu.

Sisaning gurénda = tegesé lugu: turahané wungkal, mak-sarana digosokaké wungkal. Gegaman saka wesi iku pangasahé gamané dadi tipis (mingid-mingid), dadi landep.
 Gurénda = wungkal awangun bunder.

17. Sedakep asuku tunggal, nutupi babahan hawa sesanga. Iku tjarané wong mudja-samadi. Tangané sedakep, sikilé dadi sidji (didèmpètaké). Asuku tunggal = mawa suku dadi sidji (didèmpètaké).

Babahan (tembung Kawi) = bolongan, lawang, wiwara, dwara.

Hawa = napsu, jèn disarodja dadi: hawa-napsu.

Nutupi babahan hawa sesanga = lawanging hawa-napsu tjatjahé sanga, ditutupi kabèh. Bolongan kuping 2, bolongan irung 2, mripat 2, tjangkem 1, planangan (pawadonan) 1, dju-bur 1. Kabèh iku ditutupi, maksudé: ora makarti. Liré: ana rupa ora dinulu, ana ganda ora ingambu, ana swara ora rinu-ngu, lan saterusé.

18. Radèn Arja Setyaki ja Radèn Wresniwira, ja Bimakun-ting, ja Singamulangdjaja, suh-djedjeting pradja, sapu-kawat Dwarawati.

Suh = nam-naman tali (kanggo nalèni sapu). Djedjet = talining wengku. Suh-djedjeting pradja = pikuwating nagara, jaiku sing bisa njapu mungsuh (samangsa ana parangmuka nekani nedya ngrabasa pradja).

Sapu-kawat = andel-andel, jaiku wong sing kena diendelaké mesti bisa njirnakaké mungsuh (njapu parangmuka).

19. Ngasta bang-bang aluming pradja. Tegesé : bisa nggawé abang utawa aluming nagara. Maksudé : Nguwasani pradja lan tanggung-djawab tata-tentremé. Tembungé lija : ngasta pu-saraning pradja. (Pusara = tali).

20. Djeneng para ingsun timbali marak ing ngarsaningsun, poma adja darbé pangira manawa bakal tanpa nugraha keris kang tuwa tangguhé, kampuh kang pera siginé, sabuk kang dawa ubedé. Bebasan adoh lintang binalang kaju; tangèh kenané, tjepak tjupeté.

Para = tembung wantjahan sarana mbuwang pérangan tengah : pa (keni) ra, tegesé : kowé. Nugraha = gandjaran.

Keris kang tuwa tangguhé = keris peng-pengan, gedé kasijaté.

Kampuh kang pera siginé = kampuh (dodot) isih anjar.

Adoh lintang binalang kaju = lintang dunungé adoh banget (duwur banget), dibalang nganggo kaju, mesti ora bakal kena. Maksudé : pangarep-arep utawa sedya kang tangèh bisané klakon.

21. Rinten-dalu ingkang kawula tjetjadang namung ajahan ingkang awrat. Kakarsakna mbedah pradja sawantji-wantji, angrangsang bètèng nggantol kapurantjang, kawula sendika nglampahi. Manawi putung kasawatna, remuk kasawurna !

Kapurantjang = wilahan (pring) dilantjipi ditata pating tjrongat kapasang ing pager-bata (bètèng).

(Manawi badan kawula ngantos) putung kasawatna, remuk kasawurna = (manawi badan kawula) ngantos tatu (balung putung, kulit tjètjèl), prajogi kaedjura pisan kémawon. Djalaran manawi kawula ngantos nandang tatu, pratanda kirang teguh-timbul, kirang digdaja, boten pantes tampi kapitadosan ageng, adamel lingsemipun Gusti.

Rinengga (direngga) utawa didèkèki rerenggan, maksudé supaja éndah angresepaké. Nanging manawa kakéhan rerenggan, malah ndjuwarèhi. Pepindané wong nganggo-anggo sing kakéhan rerenggan, mesti ndjuwarèhi. Upamané : nganggo ali satengah lusin, ndjuwarèhi. Nganggo djam-tangan lan djam-kandut, ndjuwarèhi. Mangkono uga basa, manawa kakéhan rerenggan ija ndjuwarèhi. Sing bisa „marakaké éndah” iku dudu „akèhing rerenggané”, nanging „pintering pamilihé rerenggan” lan prigeling tjarané matrapaké rerenggan iku ing papan kang mungguh.

✓ Reriptan ing ngisor iki asalé saka Kepèk tilarané Ki Bèi Tjitrasantika, Wadana Pamidjèn ing Sambungmatjan (Sragèn). Ora kakéhan rerenggan, nanging éndah angresepaké. Tembungé runtut, gampang diapalaké; pedotané mapan, unèn-unèné laras, tur isiné ija mentes.

I. Dandanggula.

1. Tibra laju wajahé Hjang Rawi, rawat-rawat sinamar Hjang Ima, amara-semu sunaré, rèrèh dènnja tumurun, lir kepalang malang-tumolih, labet masih karenan, mjat resmining dukuh, wismané randa Dadapan, mèsi sotya kang lagi sinarawèdi, dinadar ing Djawata.

2. Ponang Retna samana kaèksi, Kèn Limaran nèng ngajuning wisma, njaponi palatarané, sakedap kèndel mangu, kang sinapon tinolih pulih, wola-wali mangkana, kèh rondon kang luru, lir kenèng daja-upaja, mbok parawan pegel ing tyas nawung kingkin, temah tunèng wewéka.

3. Katarutjut ngutjap pasang-giri : „Déwa Gung kang amengku kuwasa, saksinen udjar ngong mangké, sapa bangkit tumulung, ngilangana kalésa mangkin, kalamun djalu dadya, djatu-kramaningsun, déné jèn sipat wanodya, ingong rengkuh sadulur sinarawèdi, tekèng Ari-bawana”.

II. Pangkur.

1. Samantara djleg kawurjan, Djaka Lodang tumurun marepeki, Kèn Rara arsa lumaju, ponang wanara modjar : „Éh ta Rara tan nedya sikara ingsun, mung ajun takon kéwala, ing wau ingsun mijarsi.

2. Sira prasetyèng Djawata, sapa bisa tetulung minangkani, laruding larahan lurus, regeding palataran, lamun prija sira sumarah winengku, jèn wadon dadia kadang, sadulur sinarawèdi.

3. Apa temen udjarira, jèn tjidraa kenèng upata jekti, jèn sira nuhoni wuwus, njatèdining Kusuma, jwa sandéja nugrahan-ta mèh dumawuh, ingsun dutaning Djawata, anekani pasang-giri”.

III. Maskumambang.

1. Rawat waspa Kèn Rara dupi mijarsi, ngungun sru nalangsa, puwara aris nauri : „Duh walèh-walèh punapa.

2. Pan sanjata wuwus ulun kang kawidjil, mené mung sumangga, paran nggèn ulun njinggahi, jèn wus karsaning Djawata”.

3. Suka ing tyas réwanda tandya samadi, Hjang Maruta prapta, kalésa katut sumilir, rerontjéné tan winarna.

IV. Kinanti.

1. Baskara diwasa surup, ginantyan wimbaning sasi, sedengé tanggal ping sapta, manda prabané marnani, senen djroning padukuhan, sonja sabawaning djanmi.

2. Upama kalané dalu, ana karna kang tumiling, kaja mung mjarsa na rasan, piweling kang milangoni; „Duh Rara ing béndjang-éndjang, ing wajah banguning rawi.

3. Sun méndra arsa anggaru, mring sawah si Randakuning, sira Rara reratenga, satitik kinarja ngirim, nora kudu salah éndah, nanging susulna pribadi”.

V. Balabak.

1. Bjar raina Kèn Rara wus maring sendang, mamèt wé. Turut marga njambi reramban djanganan, antuké. Praptèng wisma wusing njapu atetebah, djogané.

2. Tjetik geni arerateng tata-tata, sumbulé. Samantara ki-
rimané wus samakta, kabéhé. Ngambil sléndang Kèn Rara nuli
pamitan, rénané.

3. Nggéndong tjeting manggul sumbul sarwi ngemban, ken-
diné. Gja umangkat semparèt agegantjangan, lampahé. Prap-
tèng teba winulat kawurjan sonja, gubugé.

VI. Putjung.

1. Nguwuh-uwuh : „Kakang nèng ngendi sirèku, djaré
nggaru kakang, sawahé si Randakuning, kari-kari dakgolèki
nora nana”.

2. Nengna wau mené gantya kang winuwus, nenggih Radèn
Putra, ing Djenggala Sang Apandji, nudju arsa bedag-pikat
amisaja.

3. Mjang nenumpu mring alas gung liwang-liwung, namur
brangtanira, manganti pandjanmaning Sri, nitih kuda ingiring
Ki Djodèh-Santa.

VII. Midjil.

1. Sru kapjarsa tradjanging turanggi, andegé pinargok,
kumritjiking kendali linepèh, mjang plesating seséla lit-alit :
„Tik-kaletik krintjing, bug-gedebug barus”.

2. Praptèng teba Dyan Pandji umèksi, ana raré wadon, ka-
wistara éndah suwarnané, tinakonan wus sadjarwa djati,
Radyan duk mijarsi, ing drija kumenjut.

3. Gja tumurun mara miraketi, pagut ing patemon, Nikèn
Rara karenan ing tyasé, asrah djiwa mring Sang Radja-siwi,
tan pantara prapti, Djaka Lodang nguwuh.

VIII. Durma.

1. „Eh ni Rara endi pepundjunganira, suwé sun anti-anti,
katuwoné sira, patemon lan wong prija, lah apa njata sirèki,
wus gaṭuk ing tyas, tan kogel mulat téngi”.

2. Katgadèng tyas Radèn Putra duk mijarsa, arsa ngajat
djemparing, réwanda sru modjar : „Babo jwa salah tjipta,
ingsun dutaning Hjang Widi, dadi patjalang, memulang tuduh
margi.

3. Kèn Limaran pasti djatu-kramanira, trah-tumerah mi-
djèni, djroning pitung djaman, béndjang sapungkurira, dihin
djaman Anderpati, Kalawisésa, nèng Padjadjaran nagri.

IX. Asmaradana.

1. Dyan Sri Kala Radjapati, kuṭané ing Madjalengka, rinusak putrané déwé, sumilih salin salaga, ngalih maring **Bintara**, Adijati djamanipun, sadjroning **Kalawisaja**.

2. Rusaké mring **Padjang** ngalih, aran djaman **Kaladjangga**, tan lawas wus ngalih manèh, kekuṭa anèng **Mataram**, rinaket wong nakoda, djaman **Kalasaki** iku, sirep reretuning pradja.

3. Djaman kaping nem angalih, kuṭané ing **Wanakarta**, pan **Kaladaja** djamané, puwara djaman ping sapta, **Kalabendu** ranira, pjarsakna lambanging semu, nanging sun lungguh sadéla."

X. Gambuh.

1. **Djaka Lodang** gumandul, praptaning pang ngetèngkrèng sru muwus; „Wahanané jèn **Kalabendu** nekani, tingalé djanma sawegung, tan ljan arta kang katongton.

2. Prandéné malah larud, amalarat lir binérat larut, warna-warna wadalé kawula alit, padjegé rangkep kang mupu, pradjané sugih bot-répot.

3. Tan ana warta tuhu, mari kangen wong sanak-sadulur, nir ing tata sardjana-sudjana kontit, dursila kendel andarung, kang bandol tulus mandosol.

XI. Sinom.

1. Leremé retuning pradja, sinapih **Nata Ginaib**, sinebut **Ratu Amisan**, sudama papa linuwih, djroning masih piningit, bebasan **sinampar-sandung**, akèh kang katambuhan, puwara djenengira dji, pinandita mengku adil-paramarta.

2. Djedjuluk **Sri Hérotjakra**, ngadaton **Ketangga-petik**, **pradjurité mung Sirolah**, kang molah luluh kapilis, singa mungkir kadjungkir, mangsah rebah kabarubuh, saking karsaning **Suksma**, akarja buwana-balik retuning rat binérat ing rèh rahardja.

3. Ménak sésining bawana, tan ana winalang ati, muwah-muwuh sandang-boga, sirna kang dardjana-djuti, tobat durta-né sebit, mulat wilalating ratu, turun ping tjatur sirna, tanpa karananing djurit, mung katawan lawan napsuné prijangga.

XII. Megatruh.

1. Ingsun tutur iku nguni wus kasebut, djangkané **Natèng Kediri**, **Sri Djajabaja** duk rawuh, nèng wukir **Padang nelasi**, **Adjar Subrata** kedudon. (*)

(*) Tjundukna karo Lambangé Adjar Subrata (ing bab Pralambang).

Lèng = pepindaning raga, awak, badan-wadag, djasmani.

Ngemuli = maksudé ndjaga, rumeksa, ngerèh.

Maknané : djiwané manungsa kudu bisa mangrèh ragané, supaja ing tembé bisa mati sampurna. (**Raga**, uga ateges : napsu).

Wong urip iku arang sing djiwané bisa mangrèh ragané utawa hawa-napsuné. Sing akèh-akèh, marga ketarik éndahing kadonjan, ragané utawa hawa-napsuné tansah ngerèh djiwané. Malah ora mung ngerèh, ja nunggangi barang; djiwané diengkuk-engkuk, djiwané kalah. Sing menang ragané, marga djiwané kurang kuwat. Mung wong sing adjiwa kuwat utawa wong sing gedé mutmainahé sing bisa meper hawa-napsuné. Ja djiwa kang asipat mangkono iku kang kena diisbataké „kodok ngemuli lèngé”. Wong kang djiwané kaja mangkono, ing tembé bisa mati sampurna.

2. Ngangsu apikulan warih.

Tegesé wantah : ndjupuk banju mawa pikulan banju. **Tegesé** : ngalap banju, wis duwé banju. **Maksudé** : maguru ngèlmu gaib, wis mawa lambaran utawa lèmèk.

Lambarané utawa dedasaré wong kang nedya maguru ngèlmu gaib, kajata : wis kulina ngengurangi, wis ora banget-banget olèhé mangéran marang kadonjan.

3. Amèt geni adedamar = ngangsu apikulan warih.

4. Golèkana galihing kangkung = ngretia marang djiwamu (suksmamu, badan-alusmu). Sawisé ngreti, udinen murih djiwamu bisa kuwat, bisa ngalahaké hawa-napsumu.

Kangkung, pepindaning raga (djasmani). **Galihé**, pepindaning djiwané (Satemené kangkung iku tanpa galih).

5. Apa isiné wuluh wungwang? **Maksudé** : apa kang ana ing sadjroné badan-wadag? **Wangsulané** : badan-alus, suksma, djiwa utawa njawa.

Wuluh wungwang = bumbung wungwang = bumbung kang bolong kiwa-tengen, iku pepindané ragané manungsa.

6. Golèkana tapaké kuntul nglajang! **Maksudé** : ngudia murih ngreti marang keplasing njawa! Wong mati iku njawané menjang ngendi, kudu ngreti.

Kuntul = pepindaning njawa (suksma, djiwa).

Isbat sinawung ing tembang, tuladané :

Dandangula. (Petikan Kidung).

1. Ana pandita akarja wangsit, minda kombang angadjap ing tawang, susah angin ngendi nggoné, lawan galihing kangkung, wekasané langit-djaladri, isining wuluh wungwang, lan gigiring punglu, tapaké kuntul anglajang, manuk miber uluké ngungkuli langit, kusuma ndjrah ing tawang.

2. Ngambil banju apikulan warih, amèt geni sarwi adedamar, hana murub kabasmi, bumi pinetak ingkang, pawana katijup, kuda ngrap ing pandangan.

3. Ana kaju amurwa sawidji, wit buwana epang kéblat papat, agodong méga rumembé, apradapa kekuwung, kembang lintang salaga langit, semi ndaru lan kilat, woh surja lan têngsu, asirat bun lawan udan, apeputjuk akasa bungkah pratiwi, ojedé baju-badja.

BAB XVI. SULUK NGÈLMU GAIB. (*)

Suluk ngèlmu gaib, lumrahé sinawung ing tembang Matjapat, isi piwulang babagan ngèlmu gaib (ngèlmu kabatinan, ngèlmu kasampurnaning pati).

Tulada :

I. Maskumambang. (Tasawuf Islam 25-7-38).

Batur-tukon lamun nrima masti dadi
ing kamardikannja
nadyan wong mardika jekti
jèn loba dadi kawula.

Batur-tukon = budak, maksudé: budaking kadonjan, wong sing mangéran marang kadonjan.

Kamardikan, maksudé: kamardikaning djiwa (suksma), ora kerèh ing kadonjan, ora mangéran marang kadonjan.

Kawula = batur, abdi. Maksudé: abdining kadonjan.

Maknané:

Wong kang kèrem marang kadonjan (mangéran marang kadonjan), manawa gelem ngendalèni hawa-napsuné, mesti bandjur bisa asipat ora kerèh ing kadonjan, mandar bandjur bisa ngerèh. Kosok-baliné: wong sing djiwané wis mungkur ing kadonjan, manawa tuwuh angkara-murkané lan ora bisa meper, mesti bandjur malik-grémbjang kèrem marang kadonjan.

II. Midjil. (Tasawuf Islam 25-10-37).

1. Sagung pangkat kang sira alami, ajwa sira raos, jéku apan warana djatiné, marma singkirna jwa sira pikir, terusa lumaris, njenjadang pitulung.

2. Samangsané sira sinung luwih, sing djanma kinaot, poma ajwa kesengsem dèn anggé, nadyan katon solan-salin warni, singkirana kaki, jwa nganti kalimput.

Pangkat, maksudé: kanikmataning kadonjan.

Ajwa sira raos = adja banget² korasakaké kanikmatané.

Warana = aling-aling, maksudé: kadonjan iku bisa ngaling-

(*) Tembung „suluk” asalé saka tembung Arab „salaka”.

alingi (nutupi) laku kang tumudju marang kasampurnaning pati.

Ajwa sira pikir = maksudé pađa karo ajwa sira raos.

Terusa lumaris = terusa tumindak ngener kasampurnaning pati.

Njenjadang pitulang = nenuwun marang Pangéran bisaa tinarbuka atiné bandjur gumrégah nggilut ngèlmu kasampurnaning pati.

Ajwa kesengsem = adja kèrem (marang kadonjan kang kodarbé).

Nadyan katon solan-salin warni = sanadjan kadonjan iku éndah lan ora mboseni.

Jwa nganti kelimpit = adja nganti peteng djiwamu kang marga ketutupan ing kadonjan iku.

III. Midjil. Pituturé Rama marang Wibisana).

**Damar kraton ajwa mati-mati
sadegé kaprabon**

**ajwa kandeg madangi djagadé
mangka panariking rèh sajekti
ing pati pinanggih
kautamèng Prabu.**

Damar kraton (damaring pradja), maksudé: kang minangka pepadanging awak, jaiku ati lan pikiran. (Pikir itu pelita hati).

Sadegé kaprabon = salawasé madeg ratu, maksudé: salawasé urip.

Ajwa kandeg madangi djagadé = kudu tansah ulah kabettjukan.

Mangka panariking rèh sajekti = minangka pambudidaja, minangka laku.

Ing pati pinanggih kautamèng Prabu = manawa mati, njawané antuk kamuljan.

Buku-buku **Suluk**, sing akèh-akèh djumédulé ing djaman Islam, tuladané: I **Suluk Sukarsa**, karangané Sunan Bonang. II **Suluk Wudjil**, karangané Sunan Bonang. III **Suluk Malang-Sumirang**, karangané Sunan Panggung.

Ing ngisor iki petikané:

I. Suluk Sukarsa: Girisa.

1. Sastra gumelar ing djagad, kang atuduh pangawikan, kang wruh ing tuduh sampurna, tan ana ireng lan petak. Jèn mungah, udjub-loba singgahana.

2. Ki Sukarsa wus alajar, ing sakatahing sagara, margané tekèng makripat, tanpa étang urip-pedjah. Damaré murub tan pedjah, panganggo mulja tan rusak, asangu tan kena telas, angungsi ing désa djembar.

3. Ki Sukarsa dènnja lajar, parau sabar-darana, salat mangka tiangira, kinamudèn pangawikan. Linajaran amangun hak, winelahan nijat donga, dèn satangi aneneda, dèn pulangi lawan tobat.

4. Dèn labuhi sukurullah, dèn talèni lan kana-'at, dèn pulangi lan witjara, dèn damari lan makripat. Ki Sukarsa dènnja lajar, wus tekèng sagara rachmat, kawasa dènira lajar, wus tekèng sagara „o r a”.

II. Suluk Wudjil: Dandanggula.

1. Dipun weruh ing urip sadjati, lir kurungan reraga sadaja, betjik dèn wruhi manuké, rusak jèn sira tan wruh, hèh ra Wudjil salakunèki, iku mangsa dadia, jèn sira jun weruh, betjikana kang sarira, awismaa ing enggon punang asepi, sampun katjakrabawa.

2. Adja doh déra ngulati kawi, kawi iku njata ing sarira, punang rat wus anèng kéné, kang minangka pandulu, tresna djati sariranèki, sijang-dalu dèn awas, pandulunirèku, punapa rekèh pratjihna, kang njatèng sarira sakabèhé iki, saking sipat pakarja.

3. Mapan rusak sadjatinirèki, dadiné lawan kaarsanira, kang tan rusak dèn wruh mangké, sampurnaning pandulu, kang tan rusak anané iki, minangka tuduhing Hjang, sing wruh ing Hjang iku, mangka sembah pudjinira, mapan awis kang wruha udjar puniki, dahat sipi nugraha.

III. Suluk Malang-Sumirang: Dandanggula.

1. Dosa agung-alit dèn singgahi, udjar kupur-kapir kang dèn ambah, wus liwung pasikepané, tan andulu dinulu, tan angrasa tan angrasani, wus tan ana pinaran, pan djatining suwung, ing suwungé iku ana, ing anané iku surasa sadjati, wus tan ana rinasan.

2. Pan dudu rasa karasèng laji, dudu rasaning apapa lawan, dudu rasa kang ginawé, dudu rasaning guju, dudu rasa kang angrasani, rasa dudu rerasan, kang rasa amengku, sakèhing rasa-karasa, rasa-djati tan karasa djiwa-djisim, rasa mulja wisésa.

3. Kang wus tumeka ing rasa-djati, sembahjangé tan mawas nalika, lwir banju mili djatiné, tan ana djatinipun, muni-mona turu atangi, saosiking sarira, pudjiné lumintu, rainawengi tan pegat, pudji iku rainawengi sirèki, akèh dadi brahala.

4. Pangrunggunguningsun duk raré tjilik, nora Selam déning asembahjang, tan Selam déning panganggé, tan Selam déning saum, nora Selam déning nastiti, tan Selam déning tapa, nora déning laku, tan Selam déning aksara, nora Selam jèn anut aksara iki, tininggal nora esah.

5. Selamé ika kadi pun-endi, kang ingaranan Selam punika, déning punapa Selamé, pan ing wong kapir iku, nora déning amangan bawi, nadyan asembahjanga, jèn durung aweruh, ing sadjatiné wong Selam, midera ing likasan amontang-manting, djatiné kapir kawak.

Pitakon :

Kaprijé basané buku-buku Suluk iku? Kaprijé pedotané gatra-gatrané tembang? Klebu apik apa ora?

BAB XVII. SULUK PADALANGAN. (*)

1. Lelagon (langen-swara) kang kanggo ing pedalangan (kuwajangan) iku njrambahi sawarnaning tembang. Tembang gedé, tengahan, matjapat lan lelagon dolanan, kabèh kesrambah. Nanging sing kerep déwé kesrambah jaiku lelagoning tembang kang diarani Suluk padalangan.

2. Tjakepané suluk padalangan iku njilih tjakepané tembang gedé, tembang tengahan utawa matjapat, nanging lumrahé mawa owah-owahan sawatara (dielong utawa diuwuhi).

Tuladané :

Tembang gedé Saljarini (7 + 7 + 7) × 2 × 2, sl. pt. 9.

Éndjing budal gumuruh, saking nagri Wirata, sakèhing bala-koswa.

Abra busananira, lir surja wedalira, saka ing djalanidi.

Arsa madangi djagad, duk mungup² anèng, anèng putjaking wukir.

Marbabak bang sumirat, kenèng soroting surja, méga lan gunung².

Dadiné tjakepan ing suluk padalangan, ndelenga tulada No. 6.

3. Gunané suluk padalangan iku kanggo mbangun swasana, swasananing kaanan kang lagi ditjaritakaké.

Sadjroné majang sawengi (djam 21.00 — djam 6.00), dalang mbangun swasana warna-warna, mulané suluké ija gonta-ganti. Swasana susah, gembira, lega, ketjuwan, sereng, kendo lan sapanunggalané, iku sidji-sidjiné ana suluké déwé.

(*) Tembung „suluk” asalé saka tembung „çloka”, tegesé: puisi (tembang).

Tuladané :

Swasana susah, disuluki nganggo Patet manjura djugag. (Ndelenga tulada No. 12).

4. Suluk padalangan iku ana pepilahané. Ana sing diarani :
 - a. Suluk djugag, jaiku suluk sing ditjekak.
 - b. Ada-ada, jaiku suluk sing sereng.
 - c. Ada-ada greget-saut, jaiku suluk sing sereng banget.
 - d. Sendon, jaiku suluk sing rasané kendo, mengeng, tida-tida.
 - e. Sendonan (sesendonan), jaiku tetembangan matjapat utawa lelagon dolanan (Dandanggula, Putjung, Gambangsuling, Witing-klapa lsp).

Hla „patetan” iku apa?

Tetabuhan mawa lelagon suluk, nanging tanpa ditembangi. Dadi sing keprungu mung swaraning gamelan, lan ora kabèh peritjikaning gamelan ditabuh. Sing ditabuh mung gendèr, rebab, gambang lan suling.

5. Tembang sing kanggo ing suluk padalangan, akèh sing asalé saka petikan buku abasa Djawa-kuna (Kawi). Emané, unèn-unèné suluk kang abasa Djawa-kuna akèh sing mlèsèd saka asliné, ora tjotjog karo tjakepan kang kasebut ing buku kang dipetik. Saking mlèsèdé, unèn-unèn ing petikan iku banjur dadi basa bubrah kang tanpa teges.

Tuladané:

I. Suluk patet manjura-djugag kang uniné mangkéné:

Djahning jahning talaga kadi langit
 kembang tapas-wulan upamanika (0 ..)
 lintang tulja kusuma ja sumawur (0 ..)

Uniné sing asli kasebut ing buku Ramayana katja 177, tembang Bramarawilasita pada kaping 31, mangkéné:

Jahni yâhning talaga kadi langit
 mambang tang pâs wulan upamanikâ
 wintang tulya ng kusuma ya sumawur
 lumrâpwekang kadi jalada.

Katrangan:

j = dj. y = j. — = tanda dawa swarané.
 Jahni = banju. Yâhning = ja bening. Mambang = kumambang.
 Pâs = bulus. Jalada = méga.
 Asliné muni: mambang tang pâs wulan upamanikâ (larikan kapindho), tegesé: bulusé kumambang, (wanguné) kaja rembulan (jaiku bunder). Mambang tang pâs = bulusé kumambang.
 Hlo ! Tembung „mambang tang pâs” hla kok bandjur dadi „kembang tapas”. Apa ora njata mbubrahaké basa?!

II. Suluk patet manjura wantah (ndelenga tulada No. 10) asliné kasebut ing buku Bharatayuddha katja 9, tembang Wisardjita pada 1, uniné mangkéné:

Meh rainâ semubâng Hyang Aruna kadi netra-ning oga rapuh, sabda ni kokila ring kanigara sakêtêrni kidung ning akung, lwir wuwusing winipancha papêtaking ajam wanaring pagagan, mrak anguhuh brêmara ngrabasa kusuma ring parahyasan arum.

Katrangan:

Oga = sesakit (roga).

Rapuh = lungkrah (marga sajah).

Kokila = manuk.

Kanigara = arané wit.

Sakêtêrni = kaja geter.

Winipancha = bangsané su-ling.

Brêmara = tawon (kombang).

Ngrabasa = ngrusak (mang-rurah).

Kusuma = kembang.

Parahyasan = pasaban.

Arum = wangi.

Parahyasan arum = pasaban wangi.

6. Tulada suluk padalangan ing ngisor iki mawi kadékékan titilaras, preluné supaja para nupiksa bisa nglagokaké.

1. PATET NEM WANTAH.

3 3 3 3 3 23 235 5 5 5 5 35 6532
Lengheng ramjang ning kang, sa- sang-ka ku- me-njar. O...

6 6 6 6 6 61 65 21216
ma-ngrengga rum-ing pu- ri. O....

32 2 2 2 2 12 3 56 3 5 3 2 235 235
mangkin tan-pa si-ring, ha- lep-ning kang umah, mas... lir...

2 2 2 21 65 6 12 2 2 2 2 12 121653
mu- rub ing la- ngit. O... te- kwan sar-wa ma- nik. O...

2 2 2 2 2 12 6165 21216
Ta-wing-nja si- na-wung. O... O...

32 2 2 2 2 2 12 3 56 2 2 2 16 12
sa- sat se- kar si-nudji, ung-gwan Ba- nu- wa- ti. O...

3 56 3 5 3 2 235 235 2 2 2 21 65 6
 jwa-na mrem ma-la-ngen, lan Na-ta Dur-ju-da-na. O...

12 2 2 2 2 2 12 121653
 lan Na-ta Dur-ju-da-na. O...

2. PATET NEM DJUGAG.

6 6 6 6 6 6 6 6 56 12 2 2 2 2 2
 An-djrah ingkang pus-pi-ta a-rum, ka-si-lir ing sami-

2 2 12 6165
 ra-na mrik. O...

3 5 53 2 235 235 2 21 65 6
 se-kar ga-dung ko-ngas gan-da-nja. O...

12 2 2 2 2 2 2 2 12 121653
 ma-wèh ra-ras re-na-ning dri-ja. O...

3. TEMBANG GEDÉ GIRISA, PATET NEM.

(Tumrap Suluk diarani patet Lasem).

6 2i2 6 5 5 5 5 5 5 35 3 3 3
 O... O... Dé-né u-ta-ma-né na-ta, bèr-bu-di

3 3 3 35 6 2i2i6 2 2 2 2 2 2 2 16
 ba-wa lek-sa-na. O... lir-é bèr-bu-di mangka-na.

35 3 3 3 3 3 3 35 6 2i656 2 2 2 2
 O... li-la le-ga-wa ing dri-ja. O... anggung dènnja

2 2 2 12 3 56 3 5 5 5 53 2 235 235
 pa-ring da-na, ang-ge-gan-djar sa-bèn di-na, lir... é...

2 2 2 2 21 65 6 12 2 2 2 2 2 2
 kang ba-wa lek-sa-na. O... a-ne-tep-i pa-ngan-di-

12 121653
 ka. O...

4. ADA-ADA ASTAKUSWALA TJILIK (PATET NEM).

6 6 6 6 6 6 6 6 12 2 2 2 2 2 2
 Mun-dur Re-kja-na Pa-tih un-dang, ing pra wa-dya sa-mja
 2 235 2 6 6 6 6 6 6 6 6 5 56 6 5
 sa-né-ga, u-mjung ra-mé swa-ra-né ben-dé bè-ri, gu-
 5 5 5 5 56532 6 12 2 2 2 2 2 2 2 2
 bar gur-nang kla-wan Puk-sur tam-bur mjang su-ling papandjèn
 2 235 2 6 6 6 6 6 6 6 6 6 6 6 56
 da-lu-dag, ben-dé-ra mi-wah ka-kan-da war-na-warna
 5 5 5 5 53 56532 353216 5 5 5 5 56532
 pin-da dja-la-di-jan. O... A-sri ka-wur-jan.

5. SULUK PLENTJUNG DJUGAG (PATET NEM). (Munduring utusan).

3 6 i i 6 6 i 2 6 6 6 53
 Gja lu-mèng-sèr du-ta-né Sri Na-ra-na-ta,
 6 6 6 6 6 6 61 65 6 i 21216
 re-kap pa-sé-wa-kan tan-dya tu-mun-duk,
 3 3 3 35 321 1 1 1 1 23 5 2 16
 sang jun ma-ngar-sa, tan a-na ku-tji-wa ra-ras.

6. **TEMBANG GEDÉ SALJARINI.**

(Tumrap Suluk diarani Mataram Gedé)

6 6 6 6 6 6 5 23 i i i i 16 5
 Én-djing bi- dal gu- mu-ruh, sa-king sa-djroning pra-dja,

53 21 1 1 1 1 1 2 2 2 2 3 5 6
 gunging kang ba- la ko-swa, a- bra bu- sa- na- ni- ra,

6 6 6 6 6 6 5 23 i i i i 16 5
 lir sur- ja we- dal- i- ra, sa-king ing dja- la- ni- di,

53 21 1 1 1 1 1 2 2 2 2 2 2 12
 ar- sa ma- dang- i dja- gad, duk mu- ngup- mu- ngup a- nèng,

1 6 6 6 6 6 6 32165
 a- nèng pu- tjak- ing wu- kir. O...

7. **PATET SANGA WANTAH.**

2 2 2 2 2 2 2 2 2 2 2 2 2 2 2 2
 Sangsa- ja da- lu a- ra- ras, a- bjor kang lintang ku- medap,

21 1 1 1 1 1 1 61 2 2 2 2 2 2 2 2
 ti- ti so- nja tengah we- ngi, lu- mrang ganda- ning pus- pi- ta,

235 5 5 5 5 5 5 5
 ka- reng- gjaning pu- dya- ni- ra.

i2 2 2 2 2 2 2 21 6
 O... Sang dwi- dja- wa- ra mbre- nge- ngeng.

21 1 1 1 1 1 1 61
 lir swaraning ma- dubrang- ta.

2165 2 12 6 1 6 1 6 5
 O... Ma- nung- sung sa- ri- ning se- kar.

Suluk ing duwur iku kanggoné ana ing wiwitané ganti patet, jaiku saka patet nenem menjang patet sanga, kira-kira ing wajah djam 12 bengi. Sanadjan tumrap wajangan ing wajah awan, uniné tjakepan uga kaja kang kasebut ing duwur iku. Iku dadi tanda-jekti, manawa wajangan iku pantjèné mono kudu mung ing wajah bengi baé.

8. ADA-ADA PALARAN.

i i i i i i i i i i 6i 6 6 6 6 65 3
 Ra- sek- sa kru- ra ka- gi- ri- gi- ri, geng- nja lir pra- ba- ta,
 56i i i i i 6i 6 6 6 6 65 3 5 5 5 5
 a- bang ka- we- la- gar, ma- ngu- wuh ing mungsuh, a- min- ta la-
 35 21 1 1 1 1 1 1 1 2 2 2 2 2 2 2
 wan, anggro sru ma- si- nga nab- da ka- dya éng- gal jun ma- nu
 21 6 1
 bruk- a. O...

9. ADA-ADA PATET SANGA DJUGAG.

1 1 1 1 1 1 1 1 2 2 2 2 2 12
 Tan- dya ba- la Pan- da- wam- bjuk, gu- mu- lung ma- ngung- sir,
 1 6 6 6 6 6 1
 ring Sa- ta Ko- ra- wa. O...

10. PATET MANJURA WANTAH.

Suluk patet manjura wantah ing ngisor iki kanggo ing wiwitané ganti patet, jaiku saka patet sanga menjang patet manjura.

Tjakepané (unèn-unèn) uga dadi tanda-jekti, manawa wajangan iku pantjèn kudu katindakaké ing wajah bengi.

3 3 3 3 3 3 3 3 3 3 3
 Mèh ra- i- na se- mu bang Hjang A- ru- na,
 3 3 232 2 2 2 2 2 12
 ka- di né- tra- ning ang- ga ra- pub,

3 3 3 3 3 3 3 3 356 6 6 6 6 6 56 23
 sab-da-ning ku-ki-la ring. ka-ni-ga-ra sa-ki-ter. O...

3 3 3 3 32 1 32 2 2 2 2 2 2 12 3216
 ki-ni-dungan ing kung, lir wu-wus-ing wi-ni-pan-tja. O...

1 1 1 1 1 1 1 61 21653
 sa-pe-tok-ing a-jam wa-na. O... (*)

11. ADA-ADA DJUGAG.

2 2 2 2 2 2 2 2 2 2 2 2 2 2 2 2
 Bu-ta ta-ta ga-ti wi-sa-ja in-dri jek-sa sa-ra ma-
 2 2 2 2 2 2 3 3 3 3 2 1 1 1 1 1
 ru-ta ba-na mar-ga sa-mi-ra-na gu-ling-an wil wa-ra-
 1 2
 jang. O...

Kang kanggo ing tjakepan Suluk ing duwur iku, tembung-tembungé, sidji-sidjiné pada kadunungan watak lima. (Ndelenga bab XX sengkalan).

12. PATET MANJURA DJUGAG.

1 1 1 1 1 1 1 1 1 1 1 1 1 1
 Bre-ma-ra rèh ma-ngu-swa a-mung am-bre-nge-ngeng
 32 2 2 2 2 2 2 2 12 3216
 ka-di ka-ru-na-ning ka-swa-sih. O...

1 1 1 1 1 1 1 61 21653
 a-nèng mar-ga a-le-la-ku. O...

(*) Tjotjogna karo katja 114.

13. SENDON KLOLORAN.

3 3 356 653 i i i i i 12 16

Ga-lak u- lat pin- da ta- tit am- ba- rung

2 2 2 12 2 3 3 6 5 32 1 21612

kang pa-mu- lu a- lus ma- nis ma-lat kung. O...

3 3 32 1 6 5 3 1 1 1 12 16

sem-ba- da geng a- de-deg man-da- ra- na kung

2 2 2 12 3 3 6 5 32 1 21653

a- go- rèh pan- tes da-dya ma-wèh kung. O...

14. ADA-ADA ASTAKUSWALA GEDÉ.

3 216 1 2 2 2 23 3 56 6 6 612 6 3

Graggreg an-dem- an- ing kang dja-ran ngrik ma- ga- lak gen-

3 3 3 23 2 2 2 2 2 2 2 23216 121653

ti ma- ni- tih ing pa- me- kak-ni- ra ri sang. O...

2 2 2 2 2 23216 i i i i i i 6i 21653

su-dar- sa- na da- hat, ken-da- li rangah mandjing. O...

356 6 6 6 612 6 3 3 3 23

lak-lak-an- ing ku- da ngrik mi- djil rah

2 2 2 2 2 2 23216 1 6 2 6 2 1

ka-dya tuk su- ma- ram- bah. O... Mung djir mung djir A...

i i i 16 5 2121 1 1 1 1 1 1

jak-sa te- mah- an. O... kru- ra sru ma- na- ut

2 2 2 2 2 21 6 32165

jit- na Sang Nar-pat-ma- dja. O...

Ing duwur iku kabèh tulada-tulada Suluk Padalangan laras sléndro, kanggo njuluki wajang Purwa. Déné Suluk Padalangan kang alaras pélog, kanggo njuluki wajang Gedog, tuladané kaja ing ngisor iki (Petikan saka buku Lagu Djawi):

1. SULUKAN PÉLOG PATET LIMA.

5 6 1 2 2 2 2 1 2 321 1 1 1 1 12
 Mi-djil la-ngen- i- ra Sang Nar-pa- ti, lam-pah- i- ra a-
165 3 3 3 23 1 2 3 3 3 32 35 321 1 1
 lon gi- na- re- beg ba- da- ja ju war- na- ni- ra, solah-
 1 1 1 1 1 1 1 1 2 4 5654216 6 6 6
 i- ra wi- ngit lir wi-da- da- ri nu- run, lir wi-da-
 6 6 1 232165 4 5 4 5 6165421
 da- ri nu- run sa- ri- sa- ri. O...

2. SULUKAN PÉLOG PATET NEM.

2 1 6 1 1 1 1 1 1 12 16 12 2 321653
 Pus- pa lu- lut se- kar a- di an- ta- rik- sa. O...
 6 6 6 6 6 6 6 6 6 6 6 12 2 321653
 An- dé a- sih- ing- sun ka- lin- tang pan a- mung si- ra. O...

3. SULUKAN PÉLOG PATET BARANG DJUGAG.

7 7 7 7 7 7 7 7 7 76 7 27653 2327
 Ka- ro- ré- jan kang a- ge- lung ma- jang me- kar. O...
 3 3 3 3 3 3 3 3 3 3 5 6765327 27653
 Nji- rig njongklang ku- da- né dèn- tjandet mi- ring. O...
 2 2 2 2 2 3 72 7 276532
 Ku- da- né dèn- tjandet mi- ring. O...

Basa kang kanggo ana ing Padalangan iku kalebu basa rinengga, basa patjakan utawa basa bregasan. Basa kang kanggo djanturan, antawatjanané sidji-sidjiné wajang, tjakepané Suluk, kabèh kalebu ing basa rinengga.

BAB XVIII. DJAPA, MANTRA, DONGA LSP.

1. Djapa, mantra, donga, sidikara, adji-adji iku tegesé mèh pada baé, jaiku unèn-unèn sing (dianggep) nduwèni daja-kekuwatan gaib.

Unèn-unèné djapa, mantra, donga, sidikara lan adji-adji lumrahé diarani rapal (tembung Arab). Ndjapani, mantrani, ndongani, njidikara lan matek-adji iku ateges : ngutjapaké rapal kang (dianggep) nduwèni daja-kekuwatan gaib. Manawa tjarané ngutjapaké rapal iku kanti njwara djenengé ngemèlaké rapal; wondéné jèn mung sarana dibatin baé arané matek rapal.

2. Djapa, mantra, donga, sidikara, adji-adji iku dimèlaké utawa diwatek rapalé (déning wong sing darbé sedyapa-apa) tumudju marang Pangéran, marang diri pribadi, marang wong lija, marang lembut utawa marang barang.

Manawa rapal iku ditudjokaké :

- a. Marang Pangéran, lumrahé kanti maksud nenuwun murih kesembadaning sedyapa.
- b. Marang diri-pribadi, kanti maksud supaja awaké déwé kasinungan daja-kekuwatan gaib kang ndjalari digdaja, bisa njekel mungsuh lan sapanunggalané.
- c. Marang wong lija utawa barang, kanti maksud :
 - I. Nglebokaké daja-kekuwatan gaib marang anggané wong utawa barang iku.
 - II. Ngilangaké (nulak) daja-kekuwatan gaib kang dinarbé wong (barang) iku, supaja wong (barang) iku ora mbebajani marang wong sing ngemèlaké (matek) rapal.
- d. Marang lembut, kanti maksud :
 - I. Nekakaké lembut kang arep didjaluki pitulungan.
 - II. Nglungakaké (nulak) lembut kang ganggu-gawé.

3. Radjah.

Rapaling djapa, mantra, donga lan sapanunggalané kang tinulis ana ing kretas utawa barang tipis, utawa kawangun gambar, arané radjah. Dadi, radjah iku kretas utawa barang tipis sing isi djapa, mantra, donga lan sapanunggalané awudjud tulisan utawa gambar.

4. Djimat.

Daja-kekuwatan gaib iku kena diisèkaké ing barang; tjarané ngisèkaké mesti baé ija sarana djapa, mantra, donga lan sapanunggalané. Barang sing isi daja-kekuwatan gaib, arané djimat.

5. Djapa, mantra, donga lan sapanunggalané iku bisané mandi (ampuh) kudu disarati laku. Dudu lakuning suku, nanging lakuning kalbu.

Wong bisa olèh (ndarbèni) djapa, mantra, donga lan sapanunggalané kanthi gampang, ora angèl. Sing angèl (abot) iku lakuné.

6. Wong-wong ing djaman bijèn ratjaké pađa kerep ngemèlaké (matek) rapalé djapa, mantra, donga lan sapanunggalané. Arep mangan, arep turu, arep lelungan, nedya nambani wong lara, lumrahé nganggo ndedonga disik, ngemèlaké (matek) djapa-mantra.

7. Tulada-tulada djapa, mantra, donga lsp., kajata :

I. Mantrané dalang.

Hong ilahèng awighnam astu namas sidam.

Maksudé kurang-luwih: Duh, Gusti! (Aku) manembah (nenuwun), muga-muga kalisa saka reribed lan sangker-walering Déwa.

Hong = panguwuh marang déwa (upamané: Duh Gusti).

Ila = larangan, sangker-waler. (Djawa:ila-ila = larangan. Indonesia: pantangan).

Hèng = Hjang, déwa. Ilahèng = larangané déwa.

Awighnam = ora ribed, ora nemu reribed, kalis ing rerubed. (A = ora. Wighna = alangan, rubéda).

Astu = muga-muga. Namas = panembah.

Sidam = kang maha kuwasa, kang maha sutji (djedjuluké Gusti).

II. Donga-balik (Radjah Kalatjakra).

Kanggo mbalèkaké panggawé ala.

1. Ja maradja, djaramaja.

2. Ja marani niramaja.

3. Ja silapa palasija.

4. Ja midoro rodomija.

5. Jamidosa sadomija.

6. Ja dajuda dajudaja.

7. Ja sijatja tjajasija.

8. Ja sihama mahasija.

Manut dedongéngan, Radjah Kalatjakra iku tinulis ing baturuké Batara Kala déning Batara Guru.

III. Dandanggula.

Kanggo ngedohaké lelembut, nulak lelara lsp.

1. Ana kidung rumeksa ing wengi, teguh-aju luputa ing lara, luputa bilai kabèh, djim-sétan datan purun, paneluhan tan ana wani, miwah panggawé ala, gunané wong luput, geni atemahan tirta, maling adoh tan wani perak ing kami, kemat-duduk pan sirna.

2. Sakèh lara apan samja bali, sakèh ama pan samja miruda, welas-asih panduluné, sakèhing bradja luput, kadi kapuk tiba-ning wesi, sakèhing wisa tawa, sato galak tutut, kaju aèng lemah sangar, songing landak guwaning wong lemah miring, mjang pakiponing merak.

3. Pagupakaning warak sakalir, pan winatja ing sagara asat, temahan rahaju kabèh, dadya sarira aju, ingideran pra widadari, rineksa Malaékat, sakatahing Rasul, pan dadi sarira tunggal, ati Adam utekku Bagénda Esis, pangutjap Nabi Musa.

4. Napasku Nabi Ngisa linuwih, Nabi Jakub pamijarsaning-wang, Jusup ing rupaku mangké, Nabi Dawud swaraku, Djeng Suléman kasektèn mami, Nabi Ibrahim njawa, Idris ing rambutku, Bagénda Li kulitingwang, getih-daging Abubakar-Umar nenggih, balung Bagénda Usman.

5. Sungsumingsun Patimah linuwih, Siti Aminah bajuning angga, Ajup ing ususku mangké, Nabi Nuh ing djedjantung, Nabi Junus ing otot mami, nétraku ja Muhammad, pamuluku Rasul, pinajungan Adam-sarak, sampun pepak sakatahing para Nabi, dadi sarira tunggal.

IV. Kinanti.

Kanggo ngléla-léla djabang-baji.

1. Jèn anangis laré iku, léla-lélanen lan dikir, supaja doh kang lelara, sarap-sawané tan wani, saking rachmating Hjang Suksma, lan supangaté Djeng Nabi.

2. Winatjaa kidung iku, sétané lumaju nggendring, sarap-sawané sumimpang, kala-kalané sumingkir, tjatjing-ratjak pada mendak, kruma-kremi pada mati.

3. Pitik-tulak pitik tukang, tetulaké djabang-baji, ngedoh-aken tjatjing-ratjak, sarap-sawané sumingkir, si tukang manggungkung ngarsa, si tulak bali ing margi.

4. Si djabang-baji puniku, kekasihira Hjang Widi, rineksa ing Malaékat, dèn emong pra Widadari, pinajungan ing Hjang Suksma, kinebutan para Nabi.

5. Sakatahing Wali-kutup, Ulama mjang para Mukmin, samja angreksa ki djabang, mila tebih ing sesakit, sirna larané ki djabang, walagang slamet ki baji.

V. Pangkur.

Kanggo nunggu wong lara.

1. Singgah-singgah kala singgah, pan suminggah durgakala sumingkir, singa ama sing awulu, sing asuku asirah, sing ateng-gak lawan kala sing abuntut, pada sira suminggaha, muliha mring asalneki.

2. Ana kanung saka wétan, nunggang gadjah telalé elar singgih, kulahu barang balikul, sétan lan brekasakan, amulih mring tawang-tuwang pradjamu, iblisé jwa kari pisan, kulhu balik bolak-balik.

3. Ambalik marang awaknja, mbalik marang djasadira pribadi, mbalik karsané Hjang Agung, tamat pasinggah sétan, tulak sarap samangkja gantya winuwus, arané sarap dèn utjap, sagung pra nupiksa sami.

4. Arané sarap kang lanang, Kulhuputih kang wadon Kulhukuning, jwa purun sudi maring sun, jwa marang kaki djabang, sarap-wangké sarap-wédang sarap-awu, pada sira suminggaha, muliha mring asalneki.

5. Samja gègèr sétan wétan, anrus djagad kulon plajuning demit, kang tengah Batara Guru, tinutup Nabi Sléman, iblis-sétan brekasakan adjur-luluh, ki djabang-baji wus mulja, liwat Siratolmustakim.

VI. Adji-sirep-bégananda.

Hong ilahèng!

Nijatingsun matak-adjiku, adji-sirep Bégananda, adji Patinggengan saka Adjisaka. Sing sapa ketiban, djim-sétan periprajanan pada mati. Adja manèh asipat djanma-manungsa, oraa mati amblek-sek turuné kaja mati; ora pisan-pisan tangi, jèn aku durung (Isiné manut kang sinedya).

VII. Adji-adji Wringinsungsang.

Durma.

1. Wringinsungsang wajahira tumaruna, ngaubi awak mami, tur tinut ing bala, pinatjak-sudji kembar, pepitu djadjar maripit, asri jèn sijang, angker kalané wengi.

2. Duk samana akempel kumpuling rasa, nétraku dadi dingin, nétraningsun emas, peputihé mutyara, reng-irengé wesi manik, tjeploking nétra, waliker uda-ratih.

3. Idepingsun kekentjang-bang reruwitan, alisku sarpa mandi, kiwa-tengen pisan, tjupakku surja kembar, kedèpku pan kilat-tatit, kang mungging sirah, wesi kekentèn adi.

4. Rambut kawat sinomku pamor anglajap, batuk séla-tjendani, kupingku salaka, pilinganingsun gangsa, irungku wesi kang adji, pasuku kléwang, pipiku wesi kuning.

5. Watu-item lungguhé ing djanggutingwang, untuku radjeg-wesi, lidah wesi abang, aran wesi mangangkang, iduku tawa sakalir, lambéku ija, séla matangkep kalih.

6. Guluningsun paron wesi galigiran, djadja wesi sadatjin, pundak wesi akas, walikat wesi ambal, salangku wesi ngalungid, bauku denda, sikutku pukul wesi.

7. Asta tjriga èpèk-èpèkingsun tjakra, tjakarwok djempol kalih, panuduh trisula, panunggulku musala, memanisku supit-wesi, djentikku ija, ingaran Pasupati.

8. Bebokongku séla ageng kumalasa, akawet wesi gilig, ebolingsun karah, luput denda kang tindja, balubukan entut mami, ujuhku wédang, dakarku purasani.

VIII. Mantra kanggo ngedohaké ula.

Ingsun angèsti marang Resi Astika kang misuwur ing djagad, putrané Maharsi Djaratkaru, kang midjil saka Dèwi Djaratkaru. Ija Resi Astika kang wus ngentas para sarpa saka bebaja geni sesadji Naga. Mula sira sarpa kang wus antuk kabegdjan gedé, adja nangsaja marang ingsun, pada sumingkira sarta nemua basuki. Sarpa kang mandi adja pada njedaki marang ingsun, ngélingana marang pangandikané Resi Astika kang kadawuhaké nalika sabubaring sesadji Naga Prabu Djanamédjaja.

IX. Adji-adji kang kasebut ing kuwajangan.

1. Kawrastawan: ngreti kang ginaib, kang sinamar (Wenang, Tunggal, Manikmaja, Abijasa).

2. Kemajan: bisa ngilang, mantjala warna (Manikmaja, Narada, Antaboga, Ardjuna, Wisnu, Kresna, Anoman, Kalamaritja).

3. Pangabaran: bisa nekakaké udan, angin, geni lsp., kanggo njapu mungsuh. (Brama-geni, Indra-bledèg, Baju-angin, Wisnu-banju, Sambo-méga, Manikmaja-warna-warna).

4. Mundri: kanggo nggendjot mungsuh, nimblis mungsuh (Anoman).

5. **Pameling**: kanggo ngundang saka papan adoh (Kresna, Anoman, Wibisana).
6. **Sepi-angin**: bisa mlaku rikat tanpa tumapak lemah (Wrekudara, Anoman, Djanaka).
7. **Pamepesan**: kanggo ngringkus mungsuh nganti pepes (Gandamana).
8. **Bandung-bandawasa**: rosa banget (Gandamana, Wrekudara).
9. **Lebursakeṭi**: kanggo ngremet mungsuh (Drestarastra).
10. **Gineng**: kanggo nggetak mungsuh supaja kabur (Kasipu, Ardjuna).
11. **Panitisan**: kanggo nitis mandjanma urip manèh (Wisnu marang titisé).
12. **Pranawadjati**: ndjalari ora bisa lali (Nakula).
13. **Pramanadjati**: ngreti kabèh kadadéan (Sadéwa).
14. **Narantaka**: sing diantem remuk (Séta, Gaṭutkatja).
15. **Lindupanon**: sing ketaman dadi mumet lan bingung (Pandū).
16. **Tjandabirawa**: nekakaké sétan utawa wadya-bala akèh (Salja).
17. **Pangasih**: ndjalari asih-luluting wong (Durna).
18. **Pantjasona**: jèn mati urip manèh (Subali, Dasamuka, Bomanarakasura).
19. **Gedongmenga**: bisa mangan lan ngombé akèh banget (Kumbakarna).
20. **Petak gelapsakeṭi**: jèn petak, mungsuh rubuhkabarubuh (Kumbakarna).

X. Adji-adji (kaluwihan) lija-lijané.

1. **Mukdjidjating Nabi** = bisa nggawé barang nganti malih warna awujud apa-apa.
2. **Irjasing Nabi** = bisa marasaké wong lara mung sarana pangandika.
3. **Kramating Wali** = bisa maringi pangèstu marang wong nganti dadi wong linuwih.
4. **Sabdaning pendita** = bisa njabdakaké wong dadi tugu, dadi waraha (tjèlèng) lsp.
5. **Mangunahing Mukmin** = bisa nekakaké apa-apa tanpa didjupuk.
6. **Istidjrating kapir**
7. **Ijanahing wong duraka.**
8. **Sikiré wong ora ngéndahaké agama**

} Bisa nggawé (nekakaké) pangéram-éram, kajata: kali asat dipandeng bandjur bandjir, lsp.

BAB XIX. SANDI-ASMA.

Sandi utawa **sandya** satemené ateges : sambung utawa gandèng.

Sandi-kala utawa **sandya-kala**, ateges : kala (wektu) sing njambung utawa nggandèng wektu awan karo wektu bengi, jaiku ing kala (wektu) mèh suruping srengéngé. Dadi, tembung **sandi-kala** ateges : wektu mèh suruping srengéngé.

Weruh marang **sandining urip**, ateges : ngreti marang sesambunganing urip, maksudé : bab sing bisa njambung urip karo pati sing sempurna, jaiku **darma** (panggawé betjik).

Ing djaman saiki, tembung **sandi** lumrahé ditegesi „wadi”.

Pulisi sandi, ateges : pulisi winadi (pulisi rahasia), jaiku pulisi kang panganggoné (sandangané) kaja wong lumrah baé. Pantjèn supaja adja nganti diarani pulisi déning wong-wong.

Sandi-sastra, ateges : sastra kang winadi, sinamun, sinamar, tembungé mantja „kode”.

Sandi-asma, ateges : asma kang sinandi, djeneng kang sinamun, sinamar. Djeneng kang ora katuduhaké kanti melok, ora kanti tjeta. Katuduhaké, nanging sinamar (sinamun) ing sadjroné karangan, lumrahé ing sadjroné karangan kang sinawung ing tembang.

Sing ada-ada migunakaké sandi-asma warna-warna iku swargi R. Ng. Ranggawarsita. Ja Sang Pudjangga swargi R., Ng. Ranggawarsita iku kang migunakaké sandi-asma warna-warna disik déwé.

Sang Pudjangga swargi R. Ng. Ranggawarsita tjarané mapanaké **sandi-asma** ana warna nenem, jaiku : ing saben **wiwitané pupuh**, ing saben **wiwitané pada**, ing saben **wiwitané gatra**, ing **pedotané gatra**, ing **saburiné pedotan**, lan ana manèh sandi-asma kang mung dumunung ing **gatra sidji**. Tuladané :

A. DUMUNUNG ING WIWITANÉ PUPUH.

(Tinemu ing lajang Adjipamasa lsp.).

RA	— sikaning Sarkara kaèsti	(Pupuh Dandanggula).
HA	— sasmita wadyanira	(Pupuh Sinom).
DYAN	Tjepu kinon ningali	(Pupuh Asmaradana).
NGA	— wu-awu ing pamuwus nguwus-uwus	(Pupuh Putjung).
BÉ	— la tampaning wardaja	(Pupuh Pangkur).
I	— jeg tyas sabijantu	(Pupuh Gambuh).

- RONG** prakara pilihan salah satunggal
GA — gat bangun angun-angun ing pradja gung (Pupuh Durma).
WAR — nanen tanah ing sabrang (Pupuh Magetruh).
SI — ra Sang Prabu kalihnja (Pupuh Pangkur).
TA — litining wong abetjik (Pupuh Girisa).
 (Pupuh Asmaradana).

B. DUMUNUNG ING WIWITANING PADA.

(Tinemu ing lajang Sabdatama, Adjipamasa lsp.).

1. **RA** — saning tyas kajungjun, angajomi lukitaning kalbu, lambarana, kalawan eninging ati, kabekta kudu pitutur, sumingkir ing rèh tyas wirong.
2. **DÈN** — samja amituhu, ing sadjroné djaman Kalabendu, jogja samja njenjuda hardaning ati, anenuntun mring pakéwuh, uwohing panggawé awon.
3. **NGA** — djapa tyas rahaju, ngajomana sesamèng tumuwuh, wahanané gendak angkara kalindih, ngéndangken pakarti dudu, dinulu luwar tibèng doh,
4. **BÈ** — da kang ngadji pumpung, nir waspada rubédané tutut, kekintilan manggon anggung atut wuri, tyas riwut ruwed dahuru, korup sinerung ago-roh.
5. **I** — lang budajanipun, tanpa baju wéjané ngalumpuk, satjiptané wardaja ambebajani, ubajané nora paju, kari kataman pakéwoh.
6. **RONG** — asta wus katekuk, kari ura-ura kang pakantuk, Dandanggula lagu Palaran sajekti, ngleluri para leluhur, abot ing sih swami karo.
7. **GA** — lap-gangsuling tembung, Ki Pudjangga panggu-pitanipun, rangu-rangu pamanguning rèh hardjanti, tinanggapan prana tambah, katenta nawung prihatos.
8. **WAR** — tiné para djamhur, pamawasing warsita tanpa wus, wahanané apan owah angowahi, jéku sangsaja pakéwuh, éwuh-aja kang linakon.
9. **SI** — daning Kalabendu, saja ndadra hardaning tyas limut, nora kena sinirep limpading budi, lamun durung mangsanipun, malah sumuké angradon.

10. **TA** — tanané tumruntun, panuntuning tyas angkara antuk, kaladésa wenganing karsa kaèksi, limut kalimput angawut, mawut sanggjaning dumados.
11. **ING** — antara sapangu, pangungaking kaanan wus kemput, morat-marit panguripaning sesami, sirna katentremanipun, wong udrasa sanggon-enggon.
12. **KE** — mat isarat lebur, bubar tanpa daja kabarubuh, paribasan tidem tandaning dumadi, begdjané ula dahulu, tjangkem-silité anjaplok.
13. **DUNG** — kari gunung-gunung, kang geneng-geneng pada djinugrug, parandéné tanana kang nanggulangi, wedi kalamun sinembur, upasé lir wédang umob.
14. **KOL** — longaning kaluwung, prabanira kuning abang biru, sumurupa iku mung soroting warih, wewarahé para Rasul, dudu djatiné Hjang Manon.
15. **SU** — paja pada émut, tinon mawas ing sadjroning taun, windu kuning kono ana wéwé putih, gegamané tebu wulung, arsa angrabasèng wedon.
16. **RA** — sané wus karasuk, miwah kesuk kala-mangsa-nipun, kawasésa kuwasané para luwih, wahjané wahju tumelung, tulus tan kena tinegor.
17. **KAR** — taning tyas katudju, djibar-djibur adus banju waju, juwanané turun-tumurun tan enting, antuk barkahing Hjang Agung, dèn ugung saenggon-enggon.
18. **TA** — tuné kabèh tuntum, lelarané waluja sadarum, tyas prihatin ginantyan suka mepeki, wong ngantuk anemu ketuk, djro isi dinar sabokor.
19. **A** — mung pada tinumpuk, nora ana rusuh tjolong-djupuk, radja-kaja tjinantjangan anèng djawi, tan ana nganggo tinunggu, parandéné tan tjinolong.
20. **DI** — raning durta katut, anglakoni ing panggawé runtut, tyasé katrem kajoman ajuning budi, budyardja mardjajèng limut, amawas pangèsti awon.
21. **NING** — gal pakarti dudu, kadapaning paréntah ginugu, mring pakarjan saregep tetep nastiti, ngisor-duwur tyasé djumbuh, tan ana waon-winaon.
22. **NGRAT** — tani sapradja gung, kèh sardjana sudjana ing kéwuh, nora kéwran mring tjaraka agal-alit, pulih duk djaman rumuhun, tyasé teteg teguh tanggon.

C. DUMUNUNG ING WIWITANÉ GATRA.

(Tinemu ing lajang Adjipamasa lsp.).

I. RA — sikaning Sarkara kaèsti, DEN — nja kedah marmardi mardawa, NGA — jawara puwarané, BÉ — la-bélaning kalbu, I — nukarta nis kartèng gati, RONG — ngas rèhing ukara, GA — garanirantuk, WAR — ta wasitaning kuna, SI — nung tengran Djanma Trus Kaswarèng Bumi (1791), TA — litining tjarita. (Serat Adjipamasa).

D. DUMUNUNG ING PEDOTANÉ GATRA (ANDEGAN NAPAS).

I. Songsong go- RA tjandraning hartati, lwir wini- DYAN sarosèng parasdya, ringa-ri- NGA pangriptané, tan dar- BE labdèng kawruh, angruruh- I wenganing budi, kang mi- RONG ruharèng tyas, dja- GA angkara nung, minta lu- WAR - ing dukita, ajwa kong- SI kéwran lukitèng kintèki, kang ka- TA ginupita. (Serat Tjemporèt).

II. Ajwa pegat ngudia RONG - ing budyaju, mar- GA -né saka basuki, dimèn lu- WAR kang kinajun, kalis ing panggawé SI -sip, ingkang TA -beri prihatos. (Serat Sabdadjati).

E. DUMUNUNG ING SABURINÉ PEDOTAN GATRA.

Jektènana RONG windu ana dumawuh, pulung- GA -na kang sadjati, WAR -taning kang para djamhur, iku SI -daning kadadin, dadining TA -pa kang manggon. (Serat Djakalodang).

F. DUMUNUNG ING GATRA SIDJI, DADI SALARIK.

Sageda sabar santosa, mati sadjroning aurip, kalis ing rèh aru-ara, murka-angkara sumingkir, tarlèn meleng malat-sih, sanityasèng tyas mematuh, badaring sapu-denda, antuk majar sawatawis, bo- RONG ang- GA su- WAR -ga mè- SI mar- TA -ja. (Serat Kalatida).

Kadjaba dumunung ing reriptan kang sinawung ing tembang, sandi-asma uga sok tinemu ana ing karangan GANTJARAN. Tuladané, kajata ing lajang GANTJARAN Hidajatdjati. Tjoba waspadakna !

RONG -kob rukading badan, kalingan déning solah susila. GA- lap-gangsuling lésan, kalingan déning wiraos manis. WAR -ni awon, kalingan déning manah sarèh. SI -pat kutjiwa, kalingan déning nétya sumèh. TA -liti sudra, kalingan déning bèrbudi bawa-laksana.

TULADA LIJA-LIJANÉ.

Para paramèng kawi ing sapungkuré Pudjangga R. Ng. Rang-gawarsita, akèh kang mapanaké sandi-asma ana ing lajang-lajang reriptané, nélad lekasé Sang Pudjangga.

Tjoba reriptan ing ngisor iki watjanen, badénen karangané sapa, sarana kotitik unining sandi-asma. Lan terangna, sandi-asma né dumunung ana ing endi.

1. Gambuh.

Dèn lim- **PAD** sakèh ngèlmu, mrih uta- **MA** uripmu ing bésuk, jwa kesu- **SU** ngadjab mulja njipta mukti, mrih tume- **KA** kang ginajuh, tan malé- **TJA** dadi asor.

2. Pangkur. (Lajang Pepéling lan pamrajoga).

Kang wus katon mobahing rat, jéku tanda dadi parenging Widi, baja pa- **REK** kang kinajun, kawa- **SA** ndjundjung bangsa, mung marsu- **DI** djudjuré kang sedya madju, tanapi **PRA** tuduh marga, poma a- **DJA** tinggal éling.

3. Sinom.

1. Lir brataning **REK** -si wara, mitjara rèh **SA** -du budi, marsudi mrih **DI** -paning tyas, memènget mring **PRA** taruni, wit djroning **DJA** -man mangkin, kèh kang mbéda **SU** -marawung, jèn limut **RA** -sikèng tyas, korup mring rèh **KAR** -ja sisip, temah sirna **TA** -lering titah utama.
2. **PUNGGAWA** jogja njenjilah, **WISA** -ning wengkon sinirik, **MARTA** -né kang dèn upaja, **KEPAREK** mrih mirong wangi, **KANAN** - kéring udani, **NGABÈHI** saliring kawruh, **REKSA** - rumeksanira, **DI** - ning wewengkon kaèksi, **PRA-DJA** -nira mrih tulus tata-rahardja.

4. Dandangula.

1. **REK** -ing kar- **SA** mrih Sarkara wre- **DI**, minda wi- **PRA** murwèng wasitar- **DJA**, tambuh pa- **RAN** surasa- **NÉ**, mung sar- **WA** tibèng du- **DU**, tinemah- **A** tilaring wi- **DJI**, liré **KANG** ngriptèng kra- **MA**, nenga ring pa- **NGAPUS**, tan wrin su- **AL** mjang pangi- **JAS**, mrih prasa- **DJA** mung lining- **GA** woding ka- **WI**, rineng- **GA** panggupi- **TA**.
2. **RA** -wat-rawat rumeseping sari, **DYAN** kadadak budajaning sedya, **MAS** -mu meksa pangiketé, **BÈ** -bèting budi tjubluk, **I** -na-papa sumengkèng kapti, **SU** -mungguh ngémba lebda, **MA** -wardi ring kajun, **AT** -as tataning utama, **MA** -walar-sih mring sagunging kang umèksi, **KA** -nang ruwijèng gita. (Lajang Ki Ageng Drepajuda).

5. Pangkur. (Kalawarti Djajabaja 8-1-1956).

RAH -ju mungkur ing duskarta, **HA** -mung kéwran ka-kongsi pwara, **DI** -naduga sajektiné datan gadug, **BU** -buka tyas kumabisa, **DJA** -na limpad kang dèn èsti.

6. Midjil. (Saka siswa S.G.B. Purworedjo).

1. **SU** -mundul wjat semangat kang midjil, **HAR** -sajèng tyas jektos, **TI** -ta njata tuhu panggreguté, **TA** -tag tanggon para muda sami, **JUN** ndepani nagri, **NAH** -an munah mungsuh.
2. **SA** -nadyana kurang gaman djurit, **KA** -dugi rerempon, **KU** -du nglawan wong ala wataké, **TA** -kah--srakah arsa ndjadjah nagri, **GOM** -bèng tan ngèngeti, **BONG** -gan kang anglurug.

SANDI-ASMA WUDJUD DEDAPUKANING AKSARA.

Sandi-asma iku pantjèné kudu awudjud dedapukaning wanda. Wiwit ana tjara basa Djawa tinulis nganggo aksara Latin, bandjur ana ada-ada sandi-asma kang awudjud dedapukaning aksara. Ing ngisor iki tuladané:

- | | |
|--|--|
| <ol style="list-style-type: none"> 1. S asat mungkur basa Djawa
U mumira pra muda djaman mangkin
T an tumanggih ing panggregut
R as-arasen nggegulang
I ng adjuné basa Djawa mamrih luhur
S edéné duk kuna-kuna
N gumala lir kala nguni. 2. A pan mangké wus karasa
M undurira Kasusasteran Djawi
U pamané trus kebandjur
R usak budaja Djawa
I ng bésuké sapa kang kélangan iku
D atan lja wong Djawa pjambak
S ajekti kaduwung wuri. | <ol style="list-style-type: none"> 3. G lagaté wus kawistara
B akal rusak Kasusasteran Djawi
I ba getuné ing bésuk
N anging jèn para muda
G elem agé nggagahi gumré-gah nggregut
P ada glis gelem nggegulang
U mum sami mardi jekti. 4. R ahaju budaja Djawa
W us tartamtu terus tulus lestari
O ra mundur mandar luhur
R usak kena tjinegah
E nggih mangga énggal rumagang jèn saguh
DJ ak-adjak adjeg djumaga
O ndjoné budaja Djawi. |
|--|--|

Sandi-asma kang kadadéan saka dedapukaning aksara kaja kang kasebut ing duwur iku, manawa tinulis nganggo aksara lija (Djawa), bandjur ilang sipating sandi-asma. Nanging sandi-asma kang kadadéan saka dedapukaning wanda, tinulisa nganggo aksara apa baé, wudjudé sandi-asma isih adjeg, ora ilang.

BAB XX. SENGKALAN.

Wiwit djaman kuna mula wong-wong wis lumrah pada „mèngeti wektu” kang mawa kadadéan utawa lelakon wigati, kajata: wektu lairé botjah, geblagé (patiné) sanak-sadulur, wektu ngedegaké omah, wektu omah-omah (dadi pangantèn), wektu ana bebaja gedé (gunung ndjeblog, bandjir-bandang, lindu gedé, perang) lan sapanunggalané.

Wong-wong Djawa ing djaman kuna manawa „mèngeti wektu”, lumrahé tjatjahing taun ora pinèngetan nganggo angka, nanging nganggo tetembungan utawa gambar, jaiku kang diarani **s e n g k a l a n**.

Tjatjahing taun kang pinèngetan nganggo tetembungan diarani „sengkalan lamba”, déné kang pinèngetan sarana gambar diarani „sengkalan memet”.

Kang katerangaké ing buku iki mung „sengkalan lamba”, jaiku tjatjahing taun kang pinèngetan nganggo tetembungan utawa ukara.

Mungguh preluné pinèngetan nganggo tetembungan utawa ukara (ora nganggo angka) iku:

1. Olèhé gawé pèngetan (sengkalan) bisa kalarasaké unèn-unèné karo bab utawa lelakon kang pinèngetan.
2. Gampang diéling-éling, angèl laliné.

TEMBUNG-TEMBUNG KANG KANGGO ING SENGKALAN.

Kang kanggo ing sengkalan iku tembung-tembung kang dianggep nduwèni watak-wilangan. Kanti ringkes kapratélakaké ing ngisor iki:

- | | | |
|-------------|---|---|
| Watak sidji | : | Barang (péranganing anggané manungsa utawa kéwan) kang tjatjahé mung sidji, barang kang awangun bunder, djanmanungsa. |
| Watak loro | : | Barang kang tjatjahé mesti loro. |
| Watak telu | : | Geni, barang-barang kang mawa geni. |
| Watak papat | : | Banju, tembung-tembung kang nduwèni teges „gawé”, barang-barang kang isi banju. |

Watak lima	: Buta, panah, angin.
Watak nenem	: Araning rasa, tembung-tembung kang ngemu surasa obah, kang ateges „kaju”, araning sadpada (insect).
Watak pitu	: Gunung, pendita, nunggang, djaran. (Kang awudjud saukara lan gampang diéling-éling: „Pendita gunung pitu nunggang djaran”).
Watak wolu	: Gadjah, kéwan rumangkang (reptiel).
Watak sanga	: Déwa, barang-barang kang dianggep bolong.
Watak das	: Tembung-tembung kang ngemu surasa „ora ana”, kang ateges langit utawa duwur.

Kanti ringkes jèn sinawung ing tembang Dandanggula, uniné mangkéné:

Djanma buweng wani tunggal gusti.
 Pangantèn dwi akekantèn asta.
 Gegeni putri katluné.
 P a p a t agawé banju.
 Buta lima amanah angin.
 S a d rasa kaju obah.
 Wiku pitwèng gunung.
 Gadjah wewolu rumangkang.
 Déwa sanga anggeganda terus mandjing.
 Duwur wijat tanpa das. (Pm).

Mungguh pangrimbagé tembung-tembung kang kanggo ana ing sengkalan (miturut buku Tjandra Sangkala karangané Ki Bratakésawa) kanti ngèlingi „Guru” warna wolu. Guru, ateges: wewaton, paugeran, patokan. Guru warna wolu, jaiku:

1. Guru-dasa-nama. Tembung kang pada tegesé dianggep pada watak-wilangané, kajata : pratiwi, pratala, bantala, kisma, pada déné awatak sidji.

2. Guru-sastra. Kang sastrané (panulisé) pada, sanadjan tegesé béda, watak-wilangé dianggep pada, kajata : èsti kang ateges sedya, pada karo èsti kang ateges gadjah, jaiku pada déné awatak wolu.

3. Guru-wanda. Kang nduwèni wanda kang pada, watak-wilangané kaanggep pada, kajata : dadi karo waudadi (sagara), kaanggep pada watak-wilangané, jaiku pada déné awatak papat.

4. Guru-warga. Kang nunggal sawarga utawa sagolongan, kaanggep pada watak-wilangané, kajata : ula karo baja pada déné kalebu golongan kéwan rumangkang (reptiel), kaanggep awatak-wilangan pada, jaiku pada déné awatak wolu.

5. **Guru-karja.** Barang karo pakartiné (afngalé) kaanggep pada watak-wilangané, kajata : mripat karo mandeng, kaanggep pada déné awatak-wilangan loro.

6. **Guru-sarana.** Sarana utawa piranti kaanggep pada watak-wilangané karo gunané, kajata : ilat karo rasa, kaanggep pada déné awatak-wilangan nenem. (Ilat iku piranti utawa sarana kanggo ngrasakaké).

7. **Guru-darwa.** Barang karo sesipatané kaanggep pada watak-wilangané, kajata : geni karo panas kaanggep pada déné awatak telu, sabab „panas” iku darwané „geni”. Utawa : sing asipat panas iku geni.

8. **Guru-djarwa.** Tembung karo djarwané (maksudé „djarwa rasa”) kaanggep pada watak-wilangané, kajata : retu karo gègèr, pada déné awatak-wilangan nenem.

Nagara retu = nagara ora tentrem, rusuh. Manawa nagara nganti retu, rakjaté mesti oreg, kerep obah pating bilulung kang tembungé lija diarani „gègèr”.

KATRANGAN TEMBUNG-TEMBUNG

KANG DIANGGEP NDUWÈNI WATAK - WILANGAN.

Ing ngisor iki tembung-tembung kang pada dianggep nduwèni watak-wilangan, kagawé tjakepan (unèn-unèn awujud tembang). Tjakepan iku kudu kawatja urut mangisor. Saben tekan „pada titik”, iku ateges tekan ing „wekasané gatra”.

I. A s m a r a d a n a. Watak sidji.

Tjakepan.	Tegesé tembung.	Sababé awatak samono *)
Djanma	Wong.	Guru-warga karo nabi kang ateges panuntun agama.
nabi	Wudel, panuntun agama.	Wong mung duwé wudel sidji.
tunggal	Sidji.	Satunggal ngokoné : sidji, sawidji, éka, djuga.
gusti.	Gusti Allah.	Gusti Allah tjatjahé mung sidji.
Badan rupa	Awak, angga. Warni.	Wong mung abadan sidji. Guru-dasanama karo tjandra kang ateges rupa.
maha	Linuwih.	Kang linuwih ora ana sing madani iku Gusti Allah (tjatjahé Gusti Allah mung sidji).

*) Tjandra sangkala Ki Bratakésawa.

buda.	Budi, angen- angen.	Manungsa mung darbé angen- angen sidji.
Samadi	Mudja, djubur.	Manungsa mung adjubur si- dji. Wong memudja uga meleng marang barang si- dji.
iku pamasé.	Buntut, kuwé. Ratu.	Kéwan mung abuntut sidji. Guru-warga karo nabi panun- tuning agama.
Surja	Srengéngé.	Tjatjahé mung sidji, awangun bunder.
tjandra	Rembulan, rupa.	Tjatjahé rembulan mung sidji, awangun bunder.
sasa	Lintang.	Guru-warga karo rembulan, awangun bunder.
ḍara.	Weteng, lintang.	Manungsa aweteng sidji (ḍa- ra, paḍaran, weteng).
Widji	Isi kang tinan- dur.	Guru-wanda karo sawidji, si- dji.
goḍong	Ron.	Guru-djarwa karo semi, tu- mrap wit semi iku tanda- ning urip, lan sing bisa urip iku widji.
lèk	Rembulan.	Tjatjahé mung sidji, awangun bunder.
kenja.	Prawan.	Guru-warga karo manungsa,
Wungkul	Bunder, wutuh.	Barang kang bunder kaang- gep wutuh (sidji).
buweng	Bunder.	Guru-dasanama karo wung- kul, bunder.
urip	Gesang.	Guru-darwa karo widji, widji iku kadunungan darwa (si- pat) urip.
nekung.	Mudja-semadi.	Nekung iku meleng marang bab sidji.
Njata	Temen, jekti, sa- djati.	Barang sing njata, sing sa- djati iku mung sidji.
sudira	Wani, kendel	Guru-dasanama karo wani, sarta wani iku guru-wanda karo awani kang ateges srengéngé.
tyas	Ati.	Manungsa mung darbé ati sidji.
putra. (Pm).	Anak.	Guru-djarwa karo mandjan- ma (nitis) dadi anak.

II. Kinanti. Watak loro.

Pangantèn	Temantèn.	Tjatjahé pangantèn iku loro (lanang-wadon).
dwi nembah	Loro. Njembah.	Wis tjeta awatak loro. Guru-karja karo tangan; njembah iku pakartiné tangan.
suku. Gandèng	Sikil. Kantèt.	Manungsa asikil loro. Gandèng iku ngemu surasa loro.
asta ndulu dresti.	Tangan. Ndeleng. Alis.	Manungsa darbé asta loro. Guru-karja karo mripat. Tjatjahé alis loro (kiwaten).
Nétra mjat budja budjana.	Mripat. Mandeng. Bau, tangan. Pangan, sesuguh.	Manungsa anétra loro. Guru-karja karo mripat. Manungsa abudja loro.
Karnan	Seneng.	Guru-wanda karo budja. Guru-wanda karo karna (kuping).
ngrengga	Maèsi, madjang.	Guru-dasanama karo tjarana (ateges rerenggan).
ati-ati. Paksa	Kening. Bau, swiwi, kudu.	Tjatjahé ati-ati loro. Tjatjahé bau utawa swiwi loro.
apasang	Arakit.	Sapasang, sarakit, tjatjahé loro.
tjarana.	Sikil, rerenggan.	Manungsa asikil loro.
Sikara bau suwiwi. (Pm).	Tangan, sija-sija. Bau, budja. Swiwi.	Manungsa atangan loro. Manungsa abau loro. Tjatjahé swiwi loro.

III. Pangkur. Watak telu.

Tri djata lir	Telu. Sijung. Kaja.	Wis terang awatak telu. Guru-wanda karo tridjata. Guru-dasanama karo pinda, kaja lsp.
wrin dahana.	Weruh. Geni.	Guru-dasanama karo uninga. Sang Hjang Dahana asorot telu: abang, kuning, biru.

Kaja	Kados.	Guru-wanda karo guna-kaja.
wignja	Sugih kawruh.	Guru-darwa karo kawruh (weruh, uninga).
uninga	obor, sumurup.	Guru-warga karo geni (obor iku mawa geni).
anauti.	Tjatjing.	Guru-warga karo uta (lin- tah), lan uta guru-wanda karo utawaka (geni).
Sorot	Tjahja.	Guru-darwa karo geni; sing asorot iku geni.
brama	Geni.	Guru-dasanama karo dahana.
api	Geni.	Guru-dasanama karo brama, dahana.
murub.	Mubjar.	Guru-darwa karo geni; sing murub iku geni.
Kobar	Kobong.	Guru-darwa karo geni; sipaté geni bisa agawé kobar.
guna	Geni, pinter.	Guru-dasanama karo dahana, brama, apju.
udjwala.	Sorot.	Guru-darwa karo geni.
Teken	Teken.	Guru-dasanama karo siking kang ateges teken.
siking	Upet, teken.	Guru-dasanama karo geni, siking iku mawa geni.
kèksi	Katon.	Guru-dasanama karo kauni- ngan, linggané uninga = 1. Weruh, 2. Geni obor.
bahni	Geni.	Guru-dasanama karo dahana, brama, agni, apju.
kukus	Kukus.	Guru-darwa karo geni. Sing mawa kukus iku geni.
apju.	Geni.	Guru-dasanama karo dahana, brama, agni, bahni.
Nala	Ati.	Guru-wanda karo anala kang ateges geni.
bentèr	Panas.	Guru-darwa karo geni. Sing kadunungan sipat panas (bentèr) iku geni.
rananggana.	Paprangan.	Guru-sastra karo rananggana kang ateges geni paprang- an.
Katon	Katara.	Guru-dasanama karo kauni- ngan.
panas	Bentèr.	Guru-darwa karo geni, sing panas iku geni.

pinda Kaja.

agni. (Pm).Geni.

IV. P u t j u n g.

Sumber

Tuk, sumur.

sumur

Sumur.

tlaga

Tlaga.

wening

Bening.

karja

Kanggo, gawé.

masuk.

Ngumbah.

Udan

Djawah.

bun

Bun.

hèr

Banju.

dadya.

Dadi.

Warna /

Warni.

warih

Banju.

waudadi.

Sagara.

Tirta

Banju.

nadi

Kali.

Guru-dasanama karo kaja, lan kaja guru-wanda karo gunakaja; déné gunakaja guru-wanda karo guna kang ateges geni.

Guru-dasanama karo dahana, bahni, apju, api.

Watak papat.

Guru-warga karo banju. Sumber iku isi banju.

Guru-warga karo banju. Sumur iku isi banju.

Guru-warga karo banju. Tlaga iku isi banju.

Guru-darwa karo banju. Wening iku darwané banju.

Guru-dasanama karo joga kang ateges gawé. Joga awatak 4, sabab joga kang ateges djaman ana 4: Kre-tajuga, Tirtajuga, Dupara-juga, Kalijuga. (Juga = joga).

Guru-sarana karo banju. Masuh iku sarana banju.

Guru-warga karo banju. Udan awudjud banju.

Guru-warga karo banju. Bun awudjud banju.

Guru-dasanama karo waruna (baruna) kang ateges banju.

Guru-dasanama karo dadi, lan dadi guru-wanda karo waudadi (sagara).

Guru-wanda karo waruna kang ateges banju.

Guru-dasanama karo banju, hèr, tirta, wé.

Waudadi (sagara) iku isi banju.

Guru-dasanama karo warih, hèr, udaka, ranu.

Guru-warga karo banju. Kali iku isi banju.

dadi	Dados.	Guru-wanda karo waudadi. (ateges sagara).
sutji	Resik.	Guru-darwa karo banju. Su- tji iku darwané banju.
wédang	Banju panas.	Guru-warga karo banju. Wé- dang iku awudjud banju.
tawa (Pm).	Wantah.	Guru-darwa karo banju. Ta- wa iku darwané banju.

V. Durma. Watak lima.

Saja	Sangsaja.	Guru-wanda karo wisaja (pi- ranti ngréhah mungsuh).
galak	Galak.	Guru-darwa karo danawa. Ga- lak iku darwané danawa. (Rota danawa = buta ga- lak).
guling	Turu, bantal dawa.	Guru-wanda karo gulingan (angin paturon).
wil	Buta.	Buta klebu pantjabaja (tu- mrapp satrija lelana).
jaksa	Buta.	Guru-dasanama karo danawa, wil, diju.
raseksa	Buta.	Guru-dasanama karo danawa, wil, diju.
Marga	Djalaran, sabab.	Guru-wanda karo margana (panah).
Pandawa	Putrané Pandu.	Pandawa itu tjatjahé 5 (Pun- tadéwa, Wrekudara, Dja- naka, Nakula, Sadéwa).
lungid.	Landep.	Guru-darwa karo gegaman (panah). Lungid iku dar- wané gegaman (panah).
Bana	Panah.	Guru-sarana karo pantjakara. Bana iku srana kanggo pantjakara.
wrajang sara.	Panah. Panah.	Guru-sarana karo pantjakara. Guru-sarana karo pantjakara. Utawa guru dasanama karo djemparing, astra, bana.
Wisaja	Piranti ngréhah mungsuh.	Guru-sarana karo pantjakara.
pantjaka- ra.	Perang.	Guru-wanda karo pantja (lima).
Tjakra	Panah bunder.	Guru-dasanama karo bana, astra, warastra.

hru	Panah.	Guru-sarana karo pantjakara.
astra	Panah.	Guru-sarana karo pantjakara.
djemparing.	Panah.	Guru-sarana karo pantjakara.
Gati	Angin, prelu (wigati).	Guru-dasanama karo maruta, samirana.
tinata.	Tata = angin.	Guru-dasanama karo maruta, samirana.
Margana	Panah	Guru-sarana karo pantjakara.
bradja	Gaman (pa- nah), angin.	Guru-sarana karo perang, utawa guru-dasanama ka- ro maruta, pawana, sami- rana.
angin. (Pm).	Angin.	Guru-dasanama karo pantja- roba utawa pantjawora (angin gedé).

VI. Sinom. Watak nenem.

Mangsa	Wektu, mangan tumrap ké- wan galak.	Guru-wanda karo madumang- sa, madumangsa guru-wan- da karo madu, madu iku le- gi, déné legi iku arané rasa, rasa ana nenem.
nenem	Nenem, sad.	Wis genah awatak nenem.
tjarem	Salulut.	Nganakaké rasa kang nje- nengaké.
raras.	Éndah, rasa (rasané swa- ra).	Guru-dasanama karo rasa.
Rasané	Raosipun.	Rasa ana nenem: pangenjam, panggrajang, pangganda, pangrungu, pandulu lan ra- sa sadjati utawa rasané ati (bungah, susah, lega lsp). Rasané madu iku legi, legi arané rasa.
madu	Madu.	Arané rasa, guru-darwa karo rasa.
hartati.	Legi.	Arané mangsa nenem ja awa- tak nenem.
Naja	Mangsa nenem.	Wis genah awatak nenem.
sad	Nenem.	Guru-wanda karo winajang kang ateges arané mangsa nenem.
wajang	Ringgit, obah.	Guru-wanda karo wajang- wujungan.
wujungan.	Gandrung.	

Ilat	Ilat.	Guru-sarana karo rasa. Ilat iku sarana kanggo meruhi rasa.
ojag	Obah.	Guru-dasanama karo wajang (winajang) kang uga nge-mu surasa obah.
obah	Obah.	Guru-dasanama karo wajang (winajang).
manis.	Legi.	Arané rasa, mangka arané rasa ana nenem.
Glinggang	Kaju.	Guru-dasanama karo anggas kang ateges kaju.
prabatang	Kaju rubuh	Guru-dasanama karo gling-gang, kaju.
ojig.	Obah.	Guru-dasanama karo ojad, wajang.
Madura	Legi.	Arané rasa, guru-darwa karo rasa.
sarkara	Legi, gula.	Guru-darwa karo rasa; rasa ana nenem.
retu.	Gègèr, rusuh, oreg.	Guru-darwa karo obah. Uta-wa: retu iku arané ukuran wektu = 6 taun.
Lona	Ketjut.	Guru-darwa karo rasa.
tikta	Pait.	Guru-darwa karo rasa.
kajasa.	Sepet.	Guru-darwa karo rasa.
Anggas	Kaju.	Guru-dasanama karo gling-gang, prabatang.
anggang- anggang gondjing.	Arané kéwan. Obah.	Guru-warga karo sadpada. Guru-dasanama karo ojad, ojig, wajang.
Tahen	Kaju, tahan.	Guru-dasanama karo gling-gang, wreksa.
wreksa	Kaju.	Guru-dasanama karo praba-tang.
winajang	Mangsa nenem.	Wis tjeṭa awatak nenem, pada karo naja.
kaju	Kadjeng, wrek-sa.	Guru-dasanama karo praba-tang, glinggang.
anggana. (Pm).	Déwé, idjèn.	Guru-wanda karo gana, lan gana iku kagolong sadpada (anak tawon).

VII. **M a s k u m a m b a n g.** Watak pitu.

Resi	Pendita.	Sing ngèstrèni djumenengé Prabu Kano: Pendita 7, Brahmana 8 lan Déwa 9.
gunung	Redi.	Guru-dasanama karo prawata, lan prawata iku guru-wanda karo Sapta-prawata.
pitu anitih	Pitu. Numpak, nunggang	Wis tjeta awatak 7. Guru-wanda karo titihan kang ateges djaran.
turanggi.	Djaran.	Sédané Watugunung dibruki pedati apangirid turangga sapta déning Wisnu (pedatiné Batara Surja).
Suka	Seneng.	Guru-wanda karo biksuka utawa biksu (ateges pendita).
weling wulang.	Wekas. Wuruk.	Guru-dasanama karo wulang. Guru-karja karo pendita, sing asung wewulang iku pendita (ing djaman kuna).
Swara gora	Uni, pendita. Gedé.	Guru-dasanama karo pendita. Guru-dasanama karo gung (gung diseseli in dadi gunung).
angsa muni.	Banjak, murka. Pendita, njwara.	Durung tinemu sababé. Guru-dasanama karo pendita, resi.
Aswa	Djaran.	Guru-dasanama karo turangga, kuda.
giri	Gunung.	Guru-dasanama karo arga, prawata.
gung	Gedé, gunung.	Guru-wanda karo gunung. Tembung gunung iku wodé gung (diseseli na).
himawan. (Pm).	Gunung.	Guru-dasanama karo arga, prabata, giri.

VIII. **M i d j i l.** Watak wolu.

Asta basu	Wolu. Wasu.	Wis tjeta awatak wolu. Guru-sastra karo basu (wasu kang ateges wasu, tjatjahé wasu ana 8, sing sidji asma Bisma utawa Déwabrata. *)
-----------	-------------	---

(*) Manut buku Mahabarata, kang kasebut wasu wolu: 1. Dara, 2. Druwa, 3. Tjandrama, 4. Anila (Swasana), 5. Anala (Hutasana), 6. Aha, 7. Pratyasa, 8. Dyahu (Déwabrata).

ula	Sawer.	Guru-warga karo Hjang Basuki (ratuné ula), lan Basuki guru-wanda karo basu (wasu).
slira	Menjawab.	Guru-warga karo ula (warga reptiel).
murti.	Tjetjak.	Guru-warga karo ula (warga reptiel).
Gadjah	Liman.	Ratuné gadjah asma Nagaradja, iku guru-wanda karo naga kang ateges ula. Utawa kang katon kumlawé ing anggané gadjah ana 8, jaiku: tlalé 1, buntut 1, kuping 2 lan sikil 4.
tengga	Ngentèni, gadjah.	Guru-wanda karo matengga (gadjah).
bunglon.	Bunglon, tanu.	Guru-warga karo ula (warga reptiel).
Tanu	Bunglon.	Guru-warga karo ula, tjetjak (warga reptiel).
sarpa	Ula.	Guru-dasanama karo ula, sarpa, naga.
badjul	Baja.	Guru-warga karo ula, sarpa, taksaka (reptiel).
baja	Badjul.	Guru-warga karo ula, sarpa, taksaka (reptiel).
tekèk.	Tekèk.	Guru-warga karo ula, sarpa, taksaka (reptiel).
Dipa	Gadjah.	Guru-dasanama karo matengga, liman, dirada.
manggala	Gadjah, panggedé.	Guru-dasanama karo dipa, dipangga, dirada.
madya	Tengah.	Guru-wanda karo samadya kang ateges gadjah.
basuki.	Rahaju, slamet.	Guru-sastra karo Basuki (Hjang Basuki).
Dipangga	Gadjah.	Guru-dasanama karo dipa, dipangga, dirada.
angèsti.	Meleng.	Guru-sastra karo èsti kang ateges gadjah.
Brahmana	Pendita sabrang.	Sing ngèstrèni djumenengé Prabu Kano: Brahmana 8, Pendita 7 lan Déwa 9.
wewolu. (Pm).	Wolu.	Wis genah awatak 8, pada karo asta.

IX. G a m b u h. Watak sanga.

Kusuma	Kembang, putri.	Ganda wangi, wewangi, asalé saka kembang, lan wangi iku arané ganda, guru-dasanama karo ambu.
ganda	Ambu.	Guru-dasanama karo ambu, lan ambu iku guru-wanda karo ambuka, jèn binuka bandjur bolong, lan bolongané awak ana 9. Sebutna !
arum.	Wangi.	Guru-darwa karo ambu utawa ganda.
Déwa	Hjang, Djawata.	Sing mèlu ngèstrèni djumenengé Prabu Kano: Déwa 9, Brahmana 8 lan Pendita 7.
sanga mbuka	Sanga. Mbukak.	Wis terang awatak 9. Jèn kabuka bandjur bolong, lan tjatjahé bolongan awak ana 9. Sebutna !
pintu	Lawang.	Guru-darwa karo bolong. Lawang iku bolong.
masuk.	Mlebu.	Bisané mlebu marga bolong.
Kori	Lawang.	Guru-darwa karo bolong. Kori iku bolong.
menga	Mlompong.	Menga, mlompong iku pranda bolong.
gatra	Bebakal.	Guru-wanda karo Tjitragatra (asmané Déwa).
wangi	Arum.	Guru-darwa karo ganda, wangi iku darwané ganda.
terus mandjing.	Bablas. Mlebu, rumasuk.	Bisané terus marga bolong. Bisané mlebu (mandjing) amarga bolong.
Muka wadana	Rai, ngarep. Rai, panggedé.	Guru-wanda karo mbuka. Guru-dasanama karo muka ateges rai.
marbuk	Ngambar-ambar.	Guru-darwa karo ambu (ganda).
rum.	Arum, wangi.	Guru-darwa karo ganda (ambu).
Anggangsir	Gawé babahan.	Nggangsir iku gawé babahan (bolongan).
babahan	Bolongan.	Guru-dasanama karo bolongan.

bolong. (Pm). Butul.

Bolongané awak (pantjadrija) ana 9, jaiku: lésan 1, irung 2, mripat 2, kuping 2, dju-bur 1, pawadonan utawa planangan 1.

X. Megatruh. Watak das.

Sirna	Ilang.	Sirna iku dadi ora ana, das uga ateges ora ana.
musna	Ilang.	Musna iku dadi ora ana.
muksa	Ilang, ontjat.	Barang kang muksa, ilang, ontjat, dadi ora ana.
mesat	Ontjat, mumbul	Mesat, mlesat, uga bandjur ora ana.
langit	Tawang.	Langit (kang katon biru) satemené ora ana.
mumbul.	Muluk, manduwur.	Mumbul iku manduwur, menjang langit.
Pedjah	Mati.	Pedjah uga sok ditembungaké ora ana; wis mati = wis ora ana.
tanpa	Ora mawi.	Guru-dasanama karo ora ana, ora nganggo.
suwarga	Sunjaruri.	Ing swarga ora ana bungah-susah, suwung, ora ana apa-apa kadjaba mung tentrem-lerem.
nir.	Ilang.	Nir, ilang, muksa, sirna iku ora ana.
Brasta	Rusak.	Barang kang brasta, sjuh, rusak, dianggep wis ora ana.
rusak	Rusak, brasta.	Guru-dasanama karo swuh, sjuh, brasta, rusak.
swuh	Lebur, rusak, sirna.	Guru-dasanama karo brasta, rusak.
wuk	Wurung.	Wuk = wurung, ora ana. Endog wukan = ora ana wi-djiné kang bisa dadi kuṭuk.
suwung.	Sepi, ora ana isiné.	Suwung, sepi, sunja, ora ana isiné.
Sunja	Sepi.	Guru-dasanama karo suwung utawa ora ana.
windu	Wektu 8 taun, rempelu.	Mindu iku guneman tanpa kantja, ora ana wong kang diadjak wawan gunem.

surud	Séda, kurang, kalong.	Guru-dasanama karo mati, lalis, lajon, lampus.
sat	Garing, tanpa banju.	Sat (asat) iku ateges ora ana banjuné.
nis.	Ilang, lunga.	Guru-dasanama karo nir, sir- na.
Sempal	Pokah.	Semplak tumrap pang, pang kang sempal dadi ora ana (ilang).
nglès	Lunga.	Nglès utawa lunga iku dadi ora ana.
gegana	Tawang, langit.	Guru-dasanama karo dirgan- tara, widik-widik, wijat, wijati, djumantara, akasa, langit.
adoh. (Pm) Tebih.		Guru-dasanama karo antara, lan antara iku ateges ko- song. Dohé 20 km = anta- rané 20 km.

Pènget.

1. Sengkalan ing sadurungé djaman Mataram, lumrahé nganggo pétung taun Saka. Tjunduké karo taun Masèhi kudu diuwuhi 78.

2. **Tjandra-sengkala**, ateges: **taun-rembulan**. Maksudé: taun kang pangétungé manut lakuné rembulan (taun Djawa). Kosokbaliné: **Surja-sengkala**, ateges: **taun-srengéngé**. Maksudé: taun kang pangétungé manut lakuning srengéngé (lakuné bumi ngubengi srengéngé). Taun Masèhi (lan uga taun Saka) iku kalebu Surja-sengkala.

3. Manawa ngripta sengkalan, prajogané:

- a. Nganggoa tembung-tembung kang wis kaprah kanggo ing sengkalan, kang gampang dingretèni déning lijan.
- b. Adja nganggo tembung-tembung kang mbingungaké, jaiku tembung kang kena disurasa nduwèni watak-wilangan luwih saka sawarna, kajata : **nata**, bisa disurasa awatak 1, manawa iku tembung lingga kang ateges **ratu**; bisa awatak 5, manawa saka lingga tata.
- c. Unèn-unèné sengkalan (dadiné ukara) kudu mranani, liré : surasané ukara kudu salaras karo bab utawa lelakon kang disengkalani, tjotjog utawa keplok karo bab utawa kadadéan kang dipèngeti sarana sengkalan. Adja mung awudjud tembung-tembung kang didjèdjèr-djèdjèr baé, nanging tembung-tembung kang kamot ing sengkalan iku bisaa dadi ukara kang dapukané mranani, salaras utawa keplok karo bab kang disengkalani.

4. Tembung-tembung sing gampang tjawuh (mbingungaké) kajata : Nawa - tawa, sad - sat, joga - jogi, muni - tjaturan, wanita - putri, brama - brahmana, menga - tumenga, arum - manis, ati - nala, rupa - warna, misik - mulang lsp. Watak pira sidji-sidjiné tembung iku ?

TULADA SENGGALAN KANG MRANANI.

1. **Kaja Wulan Putri Iku** = 1313 (taun Saka = 1313 + 78 taun Masèhi). Sengkalan ing pasaréané Putri Tjempa Dwara-wati ing Trawulan.

Sang Dèwi pantjèn tuhu sulistya ing warna, maṭuk banget disengkalani nganggo tembung „**k a j a w u l a n**”.

2. **Sirna Ilang Kartaning Bumi** = 1400 (taun Saka = 1478 taun Masèhi); iku sengkalan rusaké kraton (nagara) Madjapait.

Ing djaman Madjapait, kaanané tanah Djawa (Nuswantara) gemah-ripah karta-rahardja, misuwur tekan mantja pradja. Bareng Madjapait rusak, karta-rahardjané nagara ja rusak, sirna, ilang gemah-ripahé. Mulané mungguh banget déné rusaké Madjapait kok disengkalani kaja mangkono uniné.

Ing ngisor iki panunggalané sengkalan kang mranani, petikan saka lajang Sastramiruda, jasan K.P.A. Kusumadilaga.

1. **Dadi Dèduwuraning Djanma** = 104. Ngadjawané para Déwa.

2. **Jogi Dadi Radja** = 144. Baṭara Guru djumeneng Ratu lan ngadaton ana ing sikilé gunung Pangrango (Gedé), nagarané aran Mendangkamulan I, patihé Resi Narada.

3. **Sirna Wisajané Bumi** = 150. Baṭara Guru pindah kraton menjang sikilé gunung Mahéndra (Lawu), nagarané isih aran Mendangkamulan.

4. **Swara Karungwèng Djagad** = 167. Baṭara Guru jasa gamelan Lokananta, ditabuh manawa para Déwa pada alénggot bawa.

5. **Angèsti Rasaning Djanma** = 168. Baṭara Guru jasa Mandalasana, jaiku palénggot-bawan, papané para Déwa nglénggotbawa binarung swaraning pradangga Lokananta. (1).

6. **Wahananing Wiku Tunggal** = 174. Para Déwa muksa ing Kahjangan (kondur menjang puntjaké gunung Tenggoru ing tanah Indu).

7. **Pantja Pendita Ngratoni Wijat** = 175. Hjang Éndra djedjuluk Sri Maha Radja Sakra, djumeneng Ratu ana ing nagara Mendanggana, kaṭatoné ing sikilé gunung Mahamèru (Sumèru).

(*) Lénggot-bawa = beksa, djogèd.

8. **Boma Sonja Paksa Muksa** = 200. Sri Maha Radja Sakra Ratu ing Mendanggana adjedjuk Sri Maha Radja Surapati.
9. **Kalima Muksa Kapaksa** = 205. Nagara Mendanggana diganti aran Suralaja lan Sri Maha Radja Surapati adjedjuk Sang Hjang Surapati.
10. **Obah Asta Kalih** = 226. Sang Hjang Surapati jasa Kahjangan pineta Tédjamaja.
11. **Pendita Paksa Sinembah** = 227. Sang Hjang Surapati jasa Kahjangan rinéka Argadumilah ing Papardjawarna.
12. **Tunggal Gunaning Panembah** = 231. Kahjangané Sang Hjang Surapati ing Tédjamaja rinengga sarwa putih, Argadumilah sarwa kuning, Djonggringslaka sarwa abang, Papardjawarna sarwa ireng.
13. **Ojagé Wédha Kapaksa** = 236. Sang Hjang Surapati jasa taru sakembaran winangun kaju Déwandaru lan Djajandaru, kaprenah ing madyaning Papardjawarna.
14. **Swara Tri ing Karna** = 237. Sang Hjang Surapati jasa Maharpatan winangun Martjukunda lan Marakata.
15. **Naga Katingal Bodja** = 238. Sang Hjang Surapati jasa Nadisara, jaiku bangawan ngubengi Maharpatan.
16. **Wiwara Katon Kembar** = 239. Sang Hjang Surapati jasa Bukur Pangarip-arip winangun kori Sélamatangkep, dumunung nèng tepining Nadisara.
17. **Wédang Dadi Sikara** = 244. Sang Hjang Surapati jasa Manipapa nulad endut Balegdaba (kawah Tjandrakimuka).
18. **Marga Joganing Suku** = 245. Sang Hjang Surapati jasa sumur Golang-galing winangun wod Ogal-agil.
19. **Warna Ngobahaké Nétra** = 264. Kaéndran ketiban Mulat, jaiku tjahja pinda sesotya adi, pinudja déning para Djawata dadi widadari 7, jaiku : Supraba, Wilutama, Warsiki, Suréndra, Gagarmajang, Irim-irim, Tundjungbiru.
20. **Swara Muni ing Talingan** = 277. Sang Hjang Surapati pinaringan gamelan Lokananta saka dawuhé Batara Guru.

SENGKALAN DUMUNUNG ING TEMBANG.

Reriptan kang sinawung ing tembang, aran lumrah manawa tjatjahing taun pangriptané pinèngetan nganggo sengkalan. Tjatjahing taun mau tarkadang rinangkep, pinèngetan nganggo angka lan uga nganggo sengkalan. Malah sengkalané tarkadang uga rangkep. Tjandra-sengkala lan Surja-sengkala.

Tulada sengkalan dumunung ing tembang :

- I. **Dandangula**. (Ardjunasasrabau, R. Ng. Sindusastra).
 Rebo Epon panitraning manis, Djumadilawal Djimawal warsa,
 éndjang ping wolulikuré, Kanem ing Djulungpudjut, Sritumurun

anudju Dadi, Paningron Sang Hjang Jama, Hidjrah Nabi sèwu, rong atus wandasa gangsal, sinangkalan Wiku Misik Swara Tunggil, nèng barisan Pidjénan.

II. Pangkur. (Kalawarti Surjatjandra 8-1-50, saka S.M.A. Djalan Pakem 2).

1. Mrababang Surja-mardika, andjrebabak nalikanira terbit, pitulas tanggal Agustrus, Pantja Tjatur Trusing Tyas, kedap-kedap pidjer linimput pepedut, malah pinadet ing méga, kadi wus sirna tan kèksi.

2. Wantuning Surja wentala, nora kandeg déra ndedel manginggil, nrobos nalusupi mendung, déné praptèng samangkja, pitulukur Désèmber terusing rembug, gapura Mardika ménga, sineksèn langit lan bumi.

3. Mrabangkara léram-léram, sru sumunar ngenguwung manawengi, Surja njata Mardika wus, krana nagri Walanda, wus nglenggana rila ngudari tetangsul, tali koloni tinatas, tetep wus sasami-sami.

4. Mung ana manik samatra, parikudu Irian dèn gegegi, marma growah raosipun, Surja masih grahana, gendong titir kentongan pajo sineru, mrih ditya Rau mirisa, temah grahana glis pulih.

III. Asmaradana. (Tjalon-arang, R. Wiradat).

Ulun pun andjarwa mèri, niti-mangsani panitra, Slasa Pasa ping salawé, Nir Rasaning Pudjanggal (1860), rinangkep mangsa surja, Pèbruwari ping nemlikur, Muluking Guna Trus Mulja (1930).

IV. Girisa. (Wulang-rèh, Sinuwun P.B. IV).

Telasing Panuratira, sasi Besar ping sangalas, Akad Kalipun taun Dal, Tata Guna Swarèng Nata (1735 taun Djawa). Mangsasta windu Santjaja, wuku Sungsang kang atampa, ja Allah kang luwih wikan, obah-osiking kawula.

V. Kinanti. (Panutuping panembrama).

Titi telas tutup atur, malem Rebo Paing wantji, ndungkap tanggal tigawelas, Mei ing taun Masèhi, sengkalaning penembrama, Putri Tata Trus Manunggil (1953).

BAB XXI. ASMANÉ PARA PUDJANGGA LAN BUKU-BUKU RERIPTANÉ.

A. ING DJAMAN INDU (Sadurungé djaman Madjapait).

1. **Resi Abijasa:** Mahabarata utawa Astadasaparwa, abasa Sangsekerta, anané ing tanah Djawa bebarengan karo nga-

djawané bangsa Indu. Dadi Resi Abijasa (Wijasa) iku Pudjangga bangsa Indu. (*)

2. **Resi Walmiki:** Ramajana, abasa Sangsekerta, lumebuné ing tanah Djawa uga bebarengan karo ngadjawané bangsa Indu. Resi Walmiki iku uga Pudjangga bangsa Indu.

3. **Prabu Darmawangsa-Teguh** (Ratu Djawa-Wétan 991 — 1007): ndjarwakaké Mahabarata nganti 9 parwa, jaiku: Adiparwa, Sabaparwa, Wirataparwa, Ud-jogaparwa, Bismaparwa, Asramawasanaparwa, Mosalaparwa, Prastanikaparwa lan Swargarohanaparwa. (Parwa = pérangan). Kadjaba saka iku Sang Prabu ija ndjarwakaké sapérangané buku Ramajana-Walmiki, diarani buku Utarakanda.

4. **Empu Kanwa:** Ardjunawiwaha (djaman Prb. Erlangga 1019 — 1042), petikan saka Mahabarata parwa III (didjarwakaké).

5. **Empu Triguna:** Kresnajana (djaman Kediri ± 1104), isiné Kresna mbradat Dèwi Rukmini.

6. **Empu Manoguna:** Sumanasantaka (djaman Prb. Warsadaja Kediri 1104), isiné njuritakaké lairé Dasarata ing Ajodya.

7. **Empu Sedah:** Baratajuda (djaman Prb. Djajabaja Kediri 1135 — 1157).

8. **Empu Panuluh:** Gatutkatjasraja lan Hariwangsa (djaman Prb. Kertadaja Kediri taun 1183).

9. **Empu Darmadja:** Smaradahana (djaman Prb. Kaméswara Kediri 1115 — 1130).

10. **Tan Akung:** Wretasantjaja lan Lubdaka (djaman Kediri wekasan).

B. ING DJAMAN MADJAPAIT.

1. **Empu Prapantja** ngarang Nagarakertagama.

2. **Empu Tantular** ngarang Ardjunawidjaja lan Sutasoma utawa Purusadasanta.

C. ING DJAMAN ISLAM (Djaman Demak lan Padjang).

1. **Sunan Bonang:** Suluk Wudjil.

2. **Sunan Pangung:** Suluk Malangsumirang.

3. **Pangéran Karanggajam:** Nitisruti.

D. ING DJAMAN MATARAM.

1. **Sultan Agung:** Nitipradja, Sastragending.

2. **Pangéran Adilangu:** Babad Padjadjaran, Bb. Madjapait, Bb. Padjang, Bb. Mataram.

3. **Tjarik Badjra:** Damarwulan (sinawung ing tembang), Babad Kartasura.

(*) Basa Sangsekerta iku basané wong Indu ing djaman bijèn. Basané wong Indu ing djaman saiki diarani basa Urdu.

4. **Ranggadjanur**: Pranatjitra, Dèwi Rengganis.
5. **Sunan Pakubuwana IV**: Wulang-rèh, Wulang-sunu.
6. **Sunan Pakubuwana V**: Serat Tjentini.
7. **R. Ng. Jasadipura I** (Jasadipura Tus Padjang): Tjebolèk, Babad Pakepung, Bb. Gjanti, Serat Rama, Serat Déwarutji, Ambija, Tadjusalatin, Serat Ménak, Djoharmanik, Nawawi, Bustam, Wulang séwaka, Serat Panitisastra, Serat Lokapala.
8. **R. Ng. Jasadipura II** (R. T. Sastranagara): Sasanasunu, Witjarakeras.
9. **R. Ng. Sindusastra**: Ardjunasasrabau (babon serat Kanda), Partajagnja (lakon Partakrama), Srikanḍi maguru manah, Sumbadra larung.
10. **K. G. Mangkunagara IV**: Wédatama, Buratwangi, Sendonlangenswara, Panembrama, Tripama, Salokatama, Wirawijata, Rerepèn.
11. **R. Ng. Ranggawarsita**: Djajèngbaja, Widyapradana, Hidajatdjati, Djajabaja, Purwakaning serat Pawukon, Pustakaradjapurwa, Rerepèn Sekar Tengahan, Sedjarah pari sawuli, Uran-uran sekar Gambuh warni 7, Panitisastra, Baratajuda djarwa sekar Matjapat, Tjakrawarti, Sidawakja, Pawarsakan, Darmasarana, Judajana, Budajana, Pustakaradjamadya, Adji-pamasa, Witaradya, Adjidarma, Pambeganing Nata Binaṭara, Kalatida, Sariwahana, Purusangkara, Wédajatmaka, Wédaraga, Tjemporèt, Wirid, Paramajoga, Djakalodang, Sabdatama, Sabdadjati.
12. **P. Kusumadilaga**: Serat Balé si gala-gala, Djagal Bilawa, Kartapijoga (Éndang Wrediningsih), Djaladara rabi, Kurupati rabi, Serat Sastramiruda, Serat Partadéwa.

E. ING DJAMAN SAIKI (Wiwit abad XX).

1. **Ki Padmasusastra**: Tatatjara, Paṭibasa, Paramabasa, Warnabasa, Urabsari, Durtjarahardja, Rangsang Tuban.
2. **M. Ng. Mangunwidjaja**: Purwakanti, Trilaksita, Djiwandana, Asmaralaja, Lambangpradja, Wurjalotjita.
3. **R. Ng. Sindupranata**: Sawursari.
4. **R. Ng. Sastrakusuma**: Dongèng kuna.
5. **R. T. Tandanagera**: Pepéling, Baruklinting.
6. **R. M. Surjasuparta** (K. G. Mangkunagara VII): Kekésahan saking tanah Djawi dateng nagari Walandi.
7. **R. M. Sulardi**: Rijanta, Sarwanta.
8. **R. Bratakésawa**: Tjandrasangkala.
9. **Wiradad**: Tjalonarang.
10. **M. Sukir**: Abimanju-kèrem.
11. **Sastrasutarma**: Bantjak-Dojok mbarang djantur.
12. **Mas Somasentika**: Buta Lotjaja.

BAB XXII. PETIKAN SAKA BUKU SAWATARA.

I. Serat Wédaraga (R. Ng. Ranggawarsita).

Trusan RONG saptèng lebu (1799), Ki Pudjang- GA pang-
gupitanipun, tawi ta- WAR ing surasa tanpa manis, marma-
kong- SI karja pému, mung mèt mar- TA karahajon.

II. Sabdadjati (R. Ng. Ranggawarsita).

1. Ki Pudjangga njambiwara wèh pitutur, saka mangunah-
ing Widi, ambuka warananipun, aling-aling kang ngalingi,
angalingkap temah katon.

2. Para djanma sadjroné djaman pakéwuh, kasudranira
andadi, dahuruné saja ndlarung, kèh tyas mirong murang
margi, kasektèn wus nora katon.

3. Katuwoné winawas dahad matrenjuh, kenjaraing sasmita-
jekti, sanityasa tyas malat kung, kongas welasé kepati, sulak-
ing djanma prihatos.

4. Walujané béndjang jèn wus ana Wiku, memudji ngèsti
sawidji (1837), sabuk lebu lir madjenun, galibedan tudang-
tuding, anatjahken sakèhing wong.

5. Iku lagi sirep djaman Kalabendu, Kalasuba kang gumanti,
wong tjilik bisa gumuju, nora kurang sandang-bukti, sedyané
kabèh kalakon.

6. Panduluné Ki Pudjangga durung kemptut, mulur lir benang
tinarik, nanging kaserang ing umur, andungkap kasidan djati,
mulih marang djatininggon.

7. Amung kurang wolung ari kang kadulu, tamating pati
patitis, wus katon nèng Lochil-makful, angumpul ing madya
ari, amarengi ri Buda Pon.

8. Tanggal kaping lima antarané luhur, Sela ing taun Djima-
kir, Tolu Huma Arjang Djagur, Sengara winduning pati, netepi
ngumpul saenggon.

9. Tjinitra ri Buda kaping wolulukur, Sawal ing taun Djima-
kir, tjandraning warsa pinétung, Sembah Muksa Pudjangga Dji
(1802), Ki Pudjangga pamit lajon.

III. Serat Rama (R. Ng. Jasadipura I).

1. Kukusing dupa kumelun, ngeningken tyas Sang apekik,
kawengku sagung djadjahan, nanging sanget angikibi, Sang
Resi Kanékaputra, kang andjlog saking wijati.

2. Kagjat ri Sang kapingrangu, pinengkul kinempit-kempit,
duh Sang retnaning bawana, ja ki tukang walang-ati, ja ki
tukang ngenes ing tyas, ja ki tukang kudu gering.

3. Ana ndadak milu-milu, kaja polahé wong tjeplik, lali jèn
kalengkaning rat, ing bawana amurwani, mustikaning djagad-
raja, demen lalèn sangga-runggi.

IV. **Bantjak-Dojok mbarang djantur** (R. Ng. Sastrasutarma).
Isi piwulangé **Nini Buta Idjo** ing gunung Wilis (pandjan-
mané **Dèwi Ratih**) marang anaké pupon jaiku **Nikèn**
Bawang (**Dèwi Ragil Kuning**), saduluré Pandji Inukarta-
pati Nata Djenggala.

1. Duh wong manis rèhné sira nini, wus diwasa katon, datan wurung ing tembé sira nggèr, winengku mring prijanta sajekti, marma dipun-bangkit, suwita ing kakung.

2. Mungguhé wong suwita mring laki, iku luwih abot, nora kena ngendel-endelaké, warna rupa banda lawan asli, pawitané ati, rèrèh ririh ruruh.

3. Basa rèrèh satindak dèn aris, satanduk dèn alon, adja dumèh ingandel lakiné, lamun sira kuranga ngadjèni, nuwuh-aken tebih, ring katresnanipun.

4. Mungguh ririh iku ta sajekti, saudjar jwa doso, saketjap jwa njerik-njerikaké, nadyan sira lagja amarengi, nepsu maring laki, mjang mring lijanipun.

5. Udjar manis mjang basa basuki, iku anggung kanggo, adja ingkang mring barajat déwé, nadyan tumrap mring lijan jwa kari, iku bisa dadi, gaman luwih ampuh.

6. Basa ruruh iku ulat manis, lagia karengon, maring laki ladènana sumèh, mjang dèn tadjem djatmika ing liring, poma adja nganti, bléré ing pandulu.

7. Iku sirik mungguhing pawèstri, ingaranan mangro, tingal marang prija ing lijané, kéhing ngekèh ajwa anglakoni, tindak kang kadyèki, jwan sirarsa lulus.

8. Tri prakara iku adja lali, minangka wewaton, mring wanita suwitèng lakiné, baja aran mustikaning èstri, jèn bangkit netepi, kadya kang kawuwus.

9. Kari sidji poma adja lali, jèn sira lelados, marang prija marengi mangsané, teka lungan lawan tangi guling, jwa binalang liring, peteng mjang mbesengut.

10. Kena baé nepsu muring-muring, nanging kudu mengko, lawan manèh kabèh sirikané, adja kongsi tinradjang salami, iku djebèng jekti, lulus ing pamutjung.

V. **Panitisastra** (R. Ng. Jasadipura I), tjarita gantjaran.

1. Sardjana sudjana boten badé saged kasamaran dateng adjining kentjana ingkang kalingan djedjember ingkang nje-njukeri. Samanten ugi kosok-wangsulipun, boten badé kasamaran dateng sesuker ingkang winadahan ing bèri kentjana pinatik ing sesotya retina.

2. Jèn pandita ora ambeg lembah-manah lan narima, bakal disawijah ing saben djanma. Nanging jèn pandjenengané nata, ambeg lembah-manah lan narima, nagarané mesti direbut mungsuh, entèk.

3. Ngapusi djuru apus boten barang-barang. Malah kosok-wangsulipun: adol temen marang si djulig iku lutju, dadi gegujoné botjah tjilik.

VI. Praniti Wakja (Pametjané Prb. Djajabaja ing Kediri).

Djaman iku ana warna loro, jaiku djaman gedé lan djaman tjilik. Umuré djaman Gedé 700 taun, djaman tjilik 100 taun. Dadi saben sadjaman Gedé ana 7 djaman tjilik.

Djaman Gedé ana warna telu, sidji-sidjiné dipérang dadi 7 djaman tjilik, jaiku:

A. **Djaman Gedé Kaliswara**, dipérang dadi djaman tjilik: 1 Kalakukila, 2 Kalabuda, 3 Kalabrawa, 4 Kalatirta, 5 Kalawabasara, 6 Kalawabawa, 7 Kalapurwa.

B. **Djaman Gedé Kalijoga**, dipérang dadi djaman tjilik: 1 Kalabrata, 2 Kaladwara, 3 Kaladwapara, 4 Kalapraniti, 5 Kalateteka, 6 Kalawisésa, 7 Kalawisaja.

C. **Djaman Gedé Kalisangara**, dipérang dadi: 1 Kaladjanga, 2 Kalasakti, 3 Kaladjaja, 4 Kalabendu, 5 Kalasuba, 6 Kalasumbaga, 7 Kalasurata.

VII. Wédātama (K. G. Mangkunagara IV).

1. Ngèlmu iku kalakoné kanti laku, lekasé lawan kas, tegesé kas njantosani, setya budya pangekesé dur-angkara.

2. Angkara gung nèng angga anggung gumulung, gegolong-anira, tri loka lekeré kongsi, jèn dèn umbar ambabar dadi rubéda.

3. Béda lamun kang wus sengsem rèh asamun, semuné ngaksama, sasamané bangsa sisip, sarwa sarèh saking mardi martotama.

4. Durung petjus kesusu keselak besus, amaknani lapal, kaja Sajid weton Mesir, pendak-pendak angendak gunaning djanma.

VIII. Wulang-rèh (Sunan Pakubuwana IV).

1. Pamedaré wasitaning ati, tjumantaka aniru Pudjangga, dahad mudā ing batiné, nanging kedah ginunggung, datan weruh jèn kèh ngèsemi, amaksa angrumpaka, basa kang kalantur, tutur kang katula-tula, tinalatèn rinuruh kalawan ririh, mrih padanging sasmita.

2. Sasmitané ngaurip puniki, apan éwuh jèn nora weruha, tan djumeneng ing uripé, akèh kang ngaku-aku, pangrasané sampun udani, tur durung wruh ing rasa, rasa kang satuhu, rasaning rasa punika, upajanen darapon sampurna ugi, ing kauripanira.

3. Djroning Kur'an nggonira sajekti, nanging ta pilih ingkang uninga, katjaba lawan tuduhé, nora kena dèn awur, ing satemah nora pinanggih, mundak katalandjukan, temah sasar-susur, jèn sira ajun waskiṭa, sampurnané ing badanira puniki, sira anggegurua.

4. Lamun sira amaguru kaki, amiliha manungsa kang njata, ingkang betjik martabaté, sarta kang wruh ing kukum, kang ngibadah lan kang ngirangi, sukur olèh wong tapa, ingkang wus amungkul, tan mikir pawèwèhing ljan, iku pantès sira guronana kaki, sartané kawruhana.

5. Lamun ana wong mitjarèng ngèlmi, tan mupakat lan patang prakara, adja sira agé-agé, anganggep njatanipun, saringana dipun baresih, limbangen lan kang patang, prakara rumuhun, Dalil Kadis lan Idjemak, mjang Kijasé papat iku salah sidji, anaa kang mupakat.

IX. Najakawara (K.G. Mangkunagara IV).

Wardining kang wasita djinarwi, wruh ing kukum iku watak-ira, adoh marang kanistané, pamitjara puniku, wèh resepé ingkang mijarsi, tata-krama punika, ngedohken panjendu, kagunan iku kinarja, ngupaboga déné kalakuan betjik, wèh rahajuning raga.

X. Witaradya (R. Ng. Ranggawarsita). **Kinanti.**

Djagra angkara winangun, sardjana mardjajèng wèsti, puwara kasub kuwasa, wasita djro Wéda muni „Sura dira djajaningrat, lebur déning pangastuti”.

Ring djanmadi kang winangun, kumenjar wimbaning rawi, prabangkara dumipèng rat, ménang kang sarwa dumadi, ambek santa paramarta, puwara anjakrawati.

XI. Darmalaksita (K. G. Mangkunagara IV).

1. Rambah malih wasitaning siwi, wikanana patraping age-sang, kang kanggo ing salawasé, manising nétra ruruh, angedohken mring salah tampi, wong kang trapsilèng tata, tan agawé rengu, witjara lus kang mardawa, iku datan kasendu marang sesami, wong kang rumaket ika.

2. Karja resep mring réwangé linggih, wong kang manut mring tjaraning bangsa, watek djembar pasabané, wong andap-asor iku, jekti olèh panganggep betjik, wong meneng iku njata, nèng djaban pakéwuh, wong prasadja solahira, iku nora gawé éwa kang ningali, wong nganggo tepa-slira.

3. Angedohken mring dosa sajekti, wong kang ènget iku watekira, adoh marang bilainé, mangkana sulangipun, wong kang amrih hardjaning diri, jéku pangulahira, batin ugeripun, ing lair garbaning basa, jéku aran kalakuan ingkang betjik, margané mring utama.

4. Luwih lara laraning kang ati, nora kaja wong tininggal arta, kang wus ilang piandelé, lipuré mung jèn turu, lamun tangi sungkawa malih, jaiku ukumira, wong nglirwakken tuduh, angilangken budi-daja, temah papa asor dènira dumadi, tan amor lan sasama.

XII. Asmaralaja (M. Ng. Mangunwidjaja). ¹⁾

1. Urip ingkang mawa djiwa, djiwanira mangka warana djati, djatining urip puniku, jekti tan nganggo njawa, nora njwara nora ngganda nora ndulu, nora muna tan ngandika, tanpa rasa pangrasa nir.

2. Amung nèng ening dyatmika, nèng kaanan ananira pribadi, nanging kabèh kang kadulu, apan wus kauningan, kang karungu wus kapjarsa ing Hjang Agung, kang kaambu wus kaganda, kang njwara kasabda jekti.

3. Kang angrasa wus karahsan, Innalloha huwassami Ul'alim, Allah iku djembar agung, uninga saniskara, nora samar ja nukat gaibul qujub, liré widji pepingitan, sumingit ing rahsanèki.

XIII. Pepéling lan pamrajoga (R. T. Tandanagera alias Reksadipradja).

1. Hébating tyas kongsi tanpa manis, kaprabawan obahing rat Djawa, wimbuh gumrah sabawané, mandjing djro taman madju, kang tinudju mung adja kongsi, rinengkuh dèn sawijah, sedjané andjundjung, adjining daradjad Djawa, sajuk-ijeg gumolong anunggal budi, baja karsaning Suksma.

2. Paring osik kang utama jekti, tumuwuhing tembung kamadjuan, lumrah dadi kembang lambé, njata sèwu pitulung, lenging tjipta kari memudji, widjining kamadjuan, bangkita tumudju, djumbuh lawan Sang winenang, sumawana kang samja pantes ngajomi, ajuning wijah djanma.

3. Tinuwuhna piwelasing galih, wit tan lijan djiwaning kawula, tinalèn sih-wilasané, déné kang sedyu rukun, mung miliha kang mitulungi, tuduh benering marga, adja slura-sluru, karena jèn tan rineksa, nora wurung kadi sulung lebu geni, bareng tibèng sangsara.

4. Nora ngekul lekasing prijaji, nanging lamun wong tjilik balaka, durung wruh kentang kimpulé, selak milu kesusu, tanpa naker kuwating diri, katut grubjuging katabah, nora wruh ing rembug, mung ngebjuk ubjung-ubjungan, agung-alit miwah wong padésan sami, tumekèng narakarja.

1) Asmaralaja, tegesé : sengsem ing pati.

BAB XXIII. RIWAJATÉ PUDJANGGA SAWATARA. (*)

I. R. Ng. Jasadipura I.

Nalika isih timur asma **Bagus Bandjir**, wijosané ing dina Djemuwah Paing tanggal kaping 6 Mulud, taun Djimakir 1654 (taun Saka), utawa 30 Sèptèmber 1729. Sédané dina Senèn Kliwon 24 Dulkangidah, taun Bé 1728, utawa 26 April 1802.

R. Ng. Jasadipura I iku tedaké Sultan Padjang, mulané ana ing Surakarta ketelah asma **Jasadipura Tus Padjang**. Pandjenggané iku Pudjangga kang kapisan ing Surakarta, jaiku ing djamané Sinuhun Pakubuwana III.

Kang ramané R. Ng. Jasadipura I asma Tumenggung Padmanagara, Bupati Pekalongan kang dibuwang menjang Palémbang, nanging bandjur ditimbali déning Sri Sunan lan dipapanaké ana ing kraton Kartasura apangkat Bupati-Djaksa.

R. Ng. Jasadipura iku éjang-bujuté R. Ng. Ranggawarsita.

II. R. Ng. Ranggawarsita.

Nalika isih timur asma Bagus Burham, wijosané ing dina Senèn Legi 10 Dulkangidah taun Bé 1728, sinangkalan: **Budjangga Nembah Pandita Dji** (1728), utawa 14 Maret 1802. Sédané dina Rebo Pon 25 Dulkangidah taun Djimakir 1802, sinangkalan: **Paksa Muksa Budjangga Nata** (1802), utawa 24 Désèmber 1873, disarèkaké ing désa Palar, tlatah Klatèn.

Minangka tandaning pangadji-adji, pamaréntah jasa retjagupala (retjané R. Ng. Ranggawarsita) dumunung ing platarané gedong **Radya-Pustaka** ing sawétan kebon-radja Sriwedari, lan uga mbangun pasaréané R. Ng. Ranggawarsita (ing désa Palar). Pambukaké retjagupala kanthi resmi nalika 11 Nopember 1953, déné rampungé olèhé mbangun pasaréan ing désa Palar nalika 10 Nopember 1955.

Nalika isih timur, Bagus Burham maguru ing pasantrèn pondok **Gebangtinatar** (Panaraga), pondoké **Kjai Imam Besari**. Ana ing pasantrèn, Bagus Burham kalebu murid sing bodo, nakal lan mursal, mulané kerep tanpa dedukané Kjai Guru Imam Besari. Bagus Burham wis tau lolos saka pondok nganti tekan Madijun, sesrawungan karo **R. A. Gombak**, putrané putri Bupati Kediri. Ja R. A. Gombak iku kang pamburiné kagarwa Bagus Burham.

Tekan mangsané tinarbuka, kanthi linambaran laku 40 dina 40 bengi, sadinané mung dahar gedang sauler, lan saben bengi kungkum ing kali Krikil, Bagus Burham antuk parmaning Pangeran olèh Wahyu kapudjangan.

(*) Kalawarti „Djabaja” 1956, diringkes.

Sarasilahé R. Ng. Ranggawarsita mangkéné:

1. Sultan Hadiwidjaja (Djaka Tingkir) peputra Sultan Banawa. 2 Sultan Banawa peputra Pangéran Emas. 3 Pangéran Emas peputra Pangéran Prabu Widjaja. 4 Pangéran Prabu Widjaja peputra Kangdjeng Djaka Radin. 5 K. Dj. Radin peputra P. Wiramanggala. 6 P. Wiramanggala kapundut mantu Sultan Mangkurat Tegalarum, peputra P. Danuhupaja. 7 P. Danuhupaja peputra R. Padmanagara. 8 R. Padmanagara peputra R. Ng. Jasadipura I. 9 R. Ng. Jasadipura I peputra R. T. Sastranagara (Jasadipura II), utawa R. Padjangwasita. 10 R. T. Sastranagara peputra R. Padjangswara. 11 R. Padjangswara peputra Bagus Burham (R. Ng. Ranggawarsita).

III. Ki Padmasusastra.

Putrané Ki Ngabèhi Bangsajuda ing Surakarta. Nalika isih timur ora sekolah, mung diwarahi matja lan nulis déning bapakné wiwit umur 6 taun.

Juswa 9 taun wis njambut-gawé dadi abdi-dalem (ana ing kraton), mawi asma Ngabèhi **Kartadirana**. Bareng munggah pangkat dadi Mantri gedong-kiwa ketelah asma **Mas Gus Bèhi**, tegesé : botjah tjilik sing darbé pangkat Ngabèhi. Let 10 taun manèh dadi Djaksa-Anom, ganti asma **Mas Ngabèhi Bangsajuda** (asma nunggak-semi bapa). Ora let suwé manèh dadi Panèwu-Djaksa, asmané ganti **Kartipradata**. Juswa 43 taun lèrèh, nerusaké ngudi kasusastran, asmané ganti **Padmasusastra**, ngrangkep dadi wartawan kalawarti „**Djawikanda**” ing Sala. Taun 1820 dadi Pangarsa **Radya-Pustaka**, asmané ganti **M. Ng. Wirapustaka**. Marga saka tuntunané M. Ng. Wirapustaka, **Radya-Pustaka** bisa ngetokaké kalawarti „**Sasadara**” lan „**Tjandrakanta**”. Ing wektu iku M. Ng. Wirapustaka déwé ngetokaké kalawarti „**Waradarma**”.

Ing taun 1910 munggah pangkat kang wekasan, asmané ganti **M. Ng. Pradjapustaka**, nanging ora lawas manèh bandjur pènsijun. Wasana séda ing taun 1926 (juswa 86 taun).

IV. P. Kusumadilaga.

Putrané K.G. Mangkubumi ing Surakarta, utawa wajahé Sunan P.B. III. Ahli gending-gendèng, ahli padalangan, ahli beksa lan ahli kabatinan ing abad 19.

Tanggal mijosé ora dipèngeti, sédané juswa 65 taun.

Nalika isih timur maguru kabatinan marang kjai loro: 1. Kjai madilaga dadi guruné Sunan Pakubuwana IX ing babagan kabatinan lan filsafat.

BAB XXIV. PANUTUP.

Minangka panutupé buku „Ngénggréngan Kasusastran Djawa djilid II” iki, pangripta asung pepudji-basuki marang para nupiksa, sinawung ing tembang **Dandangula**.

- | | |
|---|---|
| <p>1. PAD ni Parta ing Banon-
tjinawi
MA mrih terang rampungé
bebadra
SU mawana mrih slameté
KA tutup tutur tembung
TJA tur betjik nora ketjitjir
GU mrudjug pudji-pudja
RU hara rurah-rug
BA dar tjabar kang rubéda
SA mja sirna ingungsir
pudji-basuki
DJA ja temah juwana.</p> | <p>2. WA hanané juwana numusi
SE kawahé para kang
nupiksa
KO taman tinemu kabèh
LAH ir-batin rahaju
GU marégah bigar pang-
galih
RU djuké lan klumrahan
PUR naning kang kidung
WA sana winèh sangkalan
RE rékané „Uninga Tata
Trus Adji” (1953).
DJA wah Murti Ngèsti Tyas
(1884 taun Djawa).</p> |
|---|---|
-